Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Z. ISLOMOV, D. RAHIMJONOV, J. NAJMIDDINOV

# DÚNYA DINLERI TARIYXÍ

**Orta bilim beriw mákemeleriniń 10-klasları hám orta arnawlı, kásip óner bilim beriw orınları ushın sabaqlıq**

1-basılıwı

**Ózbekistan Respublikası Xalıq bilimlendiriw ministrligi ulıwma orta bilim beriw mektepleriniń 10-klass oqıwshıları ushın sabaqlıq retinde tastıyıqlanǵan**

Tashkent
«Yangiyo‘l Poligraf Servis»
2017

*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

UO‘K: 2(100)(09)(075.3)=512.121
KBK: 86.2
I-94 Islomov, Zohidjon.
Dúnya dinleri tariyxí 10-sinf: Orta bilim beriw mákemeleriniń 10-klasları hám orta arnawlı, kásip óner bilim beriw orınları ushın sabaqlıq / Z. Islomov, D. Rahimjonov, J. Najmiddinov. - 1-basılıwı. - Tashkent.: «Yangiyo‘l poligraf servis», 2017. - 144 b.

**UO‘K: 2(100)(09)(075.3)=512.121**
**ISBN 978-9943-4936-9-8** **KBK: 86.2**

**Avtorlar:**
**Z. ISLOMOV, D. RAHIMJONOV, J. NAJMIDDINOV,**

**Juwaplı redaktorlar:**
**A. Hasanov** — tariyx ilimleriniń doktorı, professor;
**O. Yusupov** — filosofiya ilimleriniń kandidatı, docent.

**Pikir bildiriwshiler:**
**N. Muhamedov** — *tariyx ilimleriniń kandidatı, docent;*
**H. Yo‘ldashxo‘jayev** — *tariyx ilimleriniń kandidatı, docent;*
**A. Zamonov** — *Óz IA Ózbekistonnıng eng yangi tariyxı máseleleri boyınsha muwapıqlastırıwshı-metodikalıq ozayı úlken ilimiy xızmetkeri;*
**J. Tohirov** — *shet tillerine qánigelestirilgen mámleketlik ulıwma bilim beriw mektebi oqıtıwshısı;*
**N. Qudratova** — *Tashkent qalası 41-mektep tariyx páni oqıtıwshısı.*

Bul sabaqlıq Ózbekistan Respublikası Ministrler kabineti janındağı Din isleri boyınsha komitettiń 2017-jıl 5-sentabrdeğı 5958-Sanlı usınısı, Respublika bilimlendiriw orayı qasındağı «Tariyx» páni ilimiy-metodikalıq keńesi hám de Ózbekistannıń eń jańa tariyxı máseleleri boyınsha muwapıqlastırıwshı-metodikalıq keńestiń 2017-jıl 29-avgusttağı 5-sanlı juwmağına tiykarlanıp basıwğa usınıs etildi.

**Respublika maqsetli kitap fondı qarjıları esabınan basıp shığarıldı.**

© Z. Islomov, D. Rahimjonov, J. Najmiddinov, 2017.
© «Yangiyo‘l poligraf servis», 2017.
Qaraqalpaqsha awdarma
© «Bilim», baspası, 2017.

ISBN 978-9943-4936-9-8

*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

# Sóz bası

Din ázelden adamlardı hámiyshe jaqsılıqqa, tuwrı islerge shaqırǵan. Oraylıq Aziya xalıqları sıyınıp kelgen islam dini joqarı insanıy pazıyletlerdiń qáliplesiwine xızmet etken. Din insaniyattıń ruwxıy dúnyası menen tıǵız baylanıslı bolıp, onıń sociallıq turmısında bárháma onıń menen birge bolıp kelgen.

Dindi úyreniw bul insannıń ruwxıy dúnyasın úyreniw bolıp tabıladı. Diniy derekler ózinde insaniyat tariyxında bolıp ótken ibratlı waqıyalardı jámlegen bolıp, olar adamlardı ádep-ikramlılıqqa tárbiyalawda áhmiyetli orın tutadı. Bul bolsa insannıń ómir soqpaqlarında adaspawı, jaqsı-jaman, aq-qaranı ańlap jetiwi hám de aqıllılıq penen ómir súriwi ushın tiykarǵı qural bolıp xızmet etedi. Nátiyjede insannıń turmıs tárzi jaqsılanıp, jámiyet te rawajlanadı.

Dinge iseniw hám hújdan erkinligi máselesi Ózbekistan Respublikasınıń Konstituciyasında óz sheshimin tapqan bolıp, ol xalıqaralıq huqıqıy-normativ talaplarǵa tolıq juwap beredi. Hárqanday dinge iseniwshi hám hesh qanday dinge isenbeytuǵın adamlar ushın bir túrdegi shártler qoyılıwın támiyinlewshi Ózbekistan Respublikası Konstituciyasınıń 31-statyasında, atap aytqanda, mınaday delinedi:

«Hámme ushın hújdan erkinligi kepillenedi. Hárbir insan qálegen dinine iseniwi yaki heshbir dinge isenbew huqıqına iye. Diniy kózqaraslardı májbúriy sińdiriwge jol qoyılmaydı».

Ózbekistan Respublikasınıń Konstituciyasında kórsetilgenindey, hújdan erkinligin támiyinlew barlıq puqaralardıń birdey huqıq hám erkinliklerge, atap aytqanda, isenim erkinligi huqıqına iye ekenligi, diniy hám isenimine qaramastan, nızam aldında teń ekenligi haqqındaǵı qaǵıyda olardıń tiykarın quraydı.

Elimizde sociallıq-ruwxıy ortalıqtı salamatlastırıwda milliy qádiriyatlar menen bir qatarda diniy qádiriyatlardıń da ornı sheksiz. Islam dini de insan mápleri hám jámiyet rawajlanıwına xızmet etiwshi hárqanday ashılıw hám jańalıqlardı joqarı dárejede qádirlegen, qollap-quwatlaǵan. Bul baǵdarda Ózbekistan Respublikasınıń Birinshi Prezidenti Islam Karimovtıń usı sózlerin eslewimiz lazım: «Islam dini — bul ata-babalarımız dini, ol biz ushın hám iyman, hám ádep-ikramlılıq, hám diyanat, hám aǵartıwshılıq ekenligin umıtpayıq. Ol qurı aqıydalar jıyındısı emes».



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Dinniń insanıylıq filosofiyası, jaqsı ideyaları hám ullı áwladlarımız miyrasınan kewil tolıw, jaslar qálbinen orın alıw ushın elimiz bilimlendiriw sisteması tarawında kóplegen jumıslar ámelge asırıldı. Dúnya dinleri tariyxı boyınsha zárúr maǵlıwmatlardı ózinde jámlegen, jaslardı diniy keńpeyillik hám milletler aralıq tatıwlıq ruwxında tárbiyalawǵa xızmet etiwshi bul sabaqlıqta elimizde ámelge asırılıp atırǵan unamlı ózgerislerdiń nátiyjesi.

Avtorlar jámááti kitaptı baspaǵa tayarlawda óz másláhátleri menen jaqınnan járdem bergen Ózbekistan Respublikası Ministrler kabineti janındaǵı Din isleri boyınsha komiteti, Ózbekistan musılmanları basqarması Tashkent islam universiteti, Tashkent islam institutı basshıları hám professor-oqıtıwshılarına, Qaraqalpaqstan Respublikası, Tashkent qalası hám wálayatlar Pedagog xızmetkerlerdi qayta tayarlaw hám tájiriybesin asırıw institutlarınıń sociallıq kafedraları direktorlarına óz minnetdarshılıǵın bildiredi.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

# 1-§ DINNIŃ JÁMIYETTEGI ORNÍ HÁM WAZÍYPALARÍ

## AKTIVLESTIRIW USHÍN SORAW HÁM TAPSÍRMALAR

1. Jámiyet diniy qádiriyatlarsız jasay alama?
2. Milliy hám jáhán dinleri haqqında tómengi klasslarda alğan bilimlerińizdi eslep kóriń.
3. Dinniń qanday formaları bar?
4. Ózbekistan Respublikası konstituciyasınıń 31-statyasın oqıń. Mámleket tárepinen puqaralarğa hújdan erkinligíniń kepilleniwine mısallar keltiriń.
5. Din insanlar dúnya qarasınıń qáliplesiwine tásir eteme?
6. Siziń ómirińizde qanday qádiriyatlar bar?

## DIN HÁM JÁMIYETLIK TURMÍS

Din jámiyet turmısında áhmiyetli orınğa iye bolıp, ol adamlarda jaqsılıqqa umtılıw, ózin ruwxıy hám fizikalıq jaqtan páklew, átiraptağılarğa payda tiygiziw, ómirdi qádirlew sıyaqlı unamlı sezimlerdi qáliplestiredi.

Dinler adamlardı hámiyshe jaqsılıqqa, qayırlı islerge shaqırıp kelgen. Dúnya kartasında bolğan mámleketler, onda jasawshı xalıqlardıń óz dini, úrp-ádetleri hám dástúrleri bar. Dúnya xalıqları tariyxın úyreniwde olardıń diniy kózqarasları, isenimi hám diniy ámeliyatların itibardan shette qaldırıw múmkin emes.

XVII — XIX ásirlerde jasap dóretiwshilik etken ayırım evropalı izertlewshiler insaniyat rawajlanğan

Sizlerdiń jaqsılarıńız dúnya islerin dep aqıret islerin, aqıret isin dep dúnya islerin tárk etpeytuğın hám adamlarğa múshkúlin túsirmeytuğınlarıńız.

***Din** — arabsha sóz bolıp, ózbek tilinde, isenim, boysınıw mánilerin ańlatadı.*



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Kerekli bilimdi úyreniwden ózińdi alıp qashpa!

*Imom Azam Abu Hanifa*

sayın onıń qorqıwları da azayadı, ol ǵárezsiz boladı, bul bolsa dinlerdiń pútkil joq bolıp ketiwine alıp keledi, dep boljaǵan edi.

Biraq, waqıt ótiwi menen bul pikir ámelde óziniń tastıyǵın tappadı.

Din jámiyette bir qatar wazıypalardı atqarıp kelgen. Din insanlardıń ***dúnyaǵa kózqarasın qáliplestiriw, táselle beriw (kompensatorlıq), birlestiriw, basqarıw, kommunikativlik, ruwxıy-mánáwiy tárbiyalaw usaǵan wazıypalardı*** atqaradı.

Din dúnya hám insaniyattıń qalay payda bolǵanın iláhiy tárizde túsindirip beredi.



## DÓRETIWSHILIK JUMÍS

1. Bul súwretlerdegi ulıwmalıq hám ózine tán tareplerdi anıqlastırıń.
2. Súwretlerdi talqılaw tiykarında jáhán hám milliy dinlerge ajıratıń.
3. Súwretlerge tiykarlanıp dinniń sociallıq turmıstaǵı ornı hám áhmiyetine sıpatlama beriń.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Dinniń ***táselle beriwshilik*** wazıypası. Insan balası basına qanday da bir músiybet, qıyınshılıq túskende, ózine dinnen shalǵıtıwshı, kewlin jay etiwshi, jubatıwshı kúsh tapqan.

Din ***birlestiriw*** wazıypasın atqarıp, insanlar arasında awızbirshilikti bekkemlewge xızmet etedi. Hárbir din sıyınıwshıların óz qaǵıydalarına ámel etiwge shaqıradı. Olardı bul qaǵıydalarǵa sadıq bolıwǵa shaqıradı hám sol jol menen insanlardı birlestiredi.

Din ózine boysınıwshılardıń turmısın tártipke salıp basqarıw wazıypasın da atqaradı. Bul wazıypa ádep-ikramlılıq normaları tiykarında ámelge asırıladı. Din ádep-ikramlılıq normaların tártipke saladı hám de hadal, haram, sawap hám gúna ne ekenligin belgilep beredi.

Dinniń ***kommunikativlik*** wazıypası diniy úrp-ádet, máresim hám bayramlardı birgelikte ótkeriwge, aǵayinshilik, tanısshılıq, bir dinlilik qatnasıqların bekkemlewge shaqıradı.

Din insan ómiriniń jaqsı táreplerin ashadı. Bul onıń insanlardı ***ruwxıy-mánáwiy tárbiyalaw*** wazıypasında sáwlelenedi.

**ÁLEMDI TAŃ QALDÍRǴAN DIYAR**

Jáne bir waqıya meniń kóz aldımnan eles-eles óter edi, shaması men 5 — 6 jaslarda edim. Qońsımızdıń úyinde adamlar jıynalǵan, máhálleniń úlken-kishisi jıynalǵan, kimisi kóshe-háwlini sıpırǵan, kimisi aywanǵa tósek salǵan, kimisi payandoz ushın aq gezlemeni taqlap atırǵan, bárshe óz jumısların bilip-bilip isler, qullası jám bolǵanlardı kórinbes adam basqarıp atırǵanday edi. Mine kútilgen minutlar da keldi. Hámme dárwaza aldına dizilip aldı da, baǵanaǵı aq payandoz da tóseldi. Esikten Robiya apa menen, Abdusaxiy ata kirip keldi, olar appaq bolıp kiyingen. Meniń názerimde, dárwazadan nur qalqıp kiyatırǵanǵa usar edi. Háwlide jıynalǵanlar olardı quwanıshlı kútip aldı. Duwa pátiyadan keyin, máhálleniń úlkenlerinen, «há mámleketimizge raxmet, biz musılmanlarǵa Haj ámellerin orınlaw imkaniyatın berdi-a, biziń ata-babalarımız, árman menen ketti. Kim oylaptı deysiz, bunday imkaniyattıń beriliwin. Elimizdiń tınıshlıǵına kóz tiymesin!...» Sol waqıtları men bul gáplerdiń mazmunına túsinbesem de, qashanlardur jaman kúnler bolǵanın sezgendey edim...

***2017-jılı ótkerilgen «Ózbekistannıń eń jańa tariyxı» boyınsha esseler tańlawı jeńimpazı I.Obidovanıń jumısınan.***



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

«Insannıń tiykarǵı wazıypası ózin qorshap turǵan álem sırların úyreniwden ibarat. Pánlerdiń jaǵdayı da áne usınday. Olardı adamnıń kúndelikli turmısı ushın zárúr bolǵan talap dúnyaǵa keltirdi. Soǵan muwapıq tárizde pán rawajlandı».

***Abu Rayxan Beruniy***



Din mádeniyattıń rawajlanıwına da úlken tásir kórsetip kelmekte. Bunnan tısqarı, ol ulıwma insanıylıq hám milliy qádiriyatlardı saqlap qalıw hám de áwladtan-áwladqa jetkeriw boyınsha da úlken áhmiyetke iye.

Din insaniyattıń ruwxıy dúnyası menen tıǵız baylanıslı bolıp, ómirde bárháma onıń menen birge bolıp kelgen.

Búgingi kúnde ayırım kúshler dinniń jámiyettegi wazıypalardan ǵárezli maqsetlerde paydalanıwǵa urınıwların da baqlaw múmkin. Nátiyjede mıńlaǵan adamlar dinsizlikte ayıplanıp, qanları tógilmekte. Hár túrli diniy uranlardıń nadurıs talqılanıwınan da biygúná insanlar jábir shekpekte.

Áne usınday unamsız jaǵdaylardıń aldın alıwda dinniń hár túrli xalıqlar arasında baylanıs ornatıwı, olardı mánáwiy hám ruwxıy tárepten jaqınlastırıw, zulım hám májbúrlewge qarsı birgelikte gúreske shaqırıwı ayrıqsha áhmiyetke iye. Bárshe dinler jaqsılıqtı tarqatadı. Din hám ilim-pán birin-biri tolıqtırıp turadı.



## BEKKEMLEW USHÍN SORAW HÁM TAPSÍRMALAR

1. Din degende neni túsindińiz?
2. Kámil insan tárbiyalawda dinniń ornı qanday?
3. Din hám mánáwiy qádiriyatlar ortasında qanday baylanıs bar?
4. «Din ázelden insan mánáwiyatınıń quramlıq bólimi bolıp kelgen». Bul atamaǵa óz múnásibetińizdi bildiriń.
5. Joqarıdaǵı gúrriń tiykarında dinniń birlestiriwshilik, basqarıwshılıq, kommunikativlik wazıypaların túsindiriń.
6. Dinniń táselle beriwshilik hám dúnyaǵa kózqarasın qáliplestiriw wazıypalarına mısallar keltiriń.
7. Berilgen súwretlerde dinniń qaysı wazıypaları sáwlelengen?



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

# 2-§ PÁN HÁM DIN

## AKTIVLESTIRIW USHÍN SORAW HÁM TAPSÍRMALAR

1. Sizińshe ilim-pán hám din ortasında qanday baylanıs bar?
2. Orta ásirler musılman Shıǵısında pán hám texnika rawajlanıwına ne sebep bolǵan?
3. Islam raininde ilim-pánge qanday múnásibet bildiriledi?
4. Buxaradaǵı Ulıǵbek medresesiniń keregesine ilim menen baylanıslı qanday hikmet jazılǵan?
5. Tómende berilgen súwretler tiykarında dinniń ilim-pán, mádeniyat rawajlanıwına tásiri haqqında pikir júrgiziń.



Pán hám din hár dayım óz ara jaqın múnásibette bolıp kelgen. Tariyxta olardıń múnásibeti hár túrli kóriniste sáwlelengen. Áyyemgi Greciyada Sokrat, Platon, Aristotel ushın pán hám din derlik bir taraw filosofiyadan ibarat bolıp, ol «Fizika» hám «Metafizika» bólimlerine bólingen. Keyinirek, matematika, astronomiya hám medicina rawajlana baslaǵanda da pán hám din óz ara baylanısı saqlaǵan. Mine usınday múnásibet Konfuciy, Farabiy, Ibn Sina, Áliysher Nawayı hám basqa Shıǵıs oyshılları miynetinde de kózge túsedi.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

## DÓRETIWSHILIK JUMÍS

Siz anıq hám tábiyiy pánlerden alǵan bilimlerińizge tayanıp, usı biyik imaratlardı, minaralardı qurıw, kórkem óner miynetlerin jaratıw, músinler jasaw, túrli zergerlik buyımların jaratıw ushın insanlar qaysı bilimlerden paydalanıwı kerek ekenligin oylap kóriń.



*Abu Ali ibn Sinanıń «Tib nızamları» kitabınan*



*al-Xorazmiy «al-Jabr va-l-muqobala» kitabınan*

Ellinizm hám orta ásir Shıǵısında pán hám din bir-birin toltırǵan. Olar arasındaǵı ayırım kelispewshilikler qarama-qarsılıq dárejesine alıp kelmegen. Shıǵısta pán hám din sáykesligi nátiyjesinde XV ásirge shekem matematika, astronomiya, medicina, ximiya hám basqa anıq hám tábiyiy pánler rawajlandı. XV ásirden baslap bolsa bul aymaqta ilim-pán, sonday-aq, diniy ilimler de turaqlılıq dáwirin basınan keshirdi. Bul dáwirde pánniń, ásirese diniy ilimlerdiń aqsawına dinniń ruwxıy mánisin tereń ańlamaǵan aǵımlar sebep boldı.

Evropa Shıǵıstan filosofiya hám tábiyiy pánler estafetasın alıp, XVI ásirden tez pát penen rawajlanıwdı baslaǵan bolsa da, bul jerde pán reakcion ruwxanıylar tárepinen qısqıǵa alındı. Pán hám din tariyxındaǵı bul múnásibetler olar ortasında tınımsız gúres dáwirin keltirip shıǵardı. Pán hám kórkem ónerde Oyanıw dáwiriniń, dinde bolsa katolicizmniń orayına aylanǵan Italiyada bul qarama-qarsılıq óziniń háwij perdesine shıqtı. Pán hám ádebiyat dindi jalǵanǵa shıǵardı, ruwxanıylar emes, hátte quday ústinen pamflet (áshkara satiralıq) ler jazıldı.

Din hám pándegi derlik hárbir jańalıqtı dinsizlikke jorıdı. Reformizm (Lyuter, Kalvin, Erazm Rotterdamskiy) tásirinde bul qarama-qarsılıq salıstırmalı tınıshıraq jabha — ideyalar gúresine kóshse de, biraq tezligin páseyttirmedi.

XIX ásirde payda bolǵan «din — záhár», ekinshi tárepten «Darvinniń ózi maymıldan tarqaǵan» kibi



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

shaqırıqlardıń belgileri házirgi kúnde de seziledi. Pán hám din ortasındaǵı gúreske siyasattıń aralasıwı birqansha qáwiplerdi keltirip shıǵardı. Ásirese, hákimiyat «jawınger» ateistler hám teokratlar qolına ótken waqıtlarda orta ásirler zulımlıǵınan qalıspaytuǵın basqınshılıqlar isledi.

Insanlar májbúriy túrde dinnen shıǵarıldı, dinniń jalǵan táliymat, jámiyet ushın zıyanlı ekenligin sińdiriw isleri keń túrde alıp barıldı. «Ilimiy ateizm» atlı pán toqıp shıǵarılıp, barlıq bilim beriw orınlarında oqıtıldı. Bul ideyanı qabıl etiwdi qálemegenler bolsa hár túrli ayıplawlar menen jazaǵa tartıldı.

Tariyx kitapları qayta jazılıp, dinniń júzege keliw tariyxı bir tárepleme múnásibet tiykarında jazıldı, ásirese usı dereklerde «din hám pán dushpan», degen ideya xalıqqa mektepten-aq sińdirile baslandı.

Pán hám dindi sáykeslestiriw tárepdarları kóbinese pán jankúyerleri tárepinen de, ruwxanıylar tárepinen

*Salibshiler*





## TARIYXQA NÁZER

**Salib júrisleri** — 1096-jıl baslanǵan Batıs Evropa ricarlarınıń musılman, pravoslav mámleketleri hám hár túrli xristian mazhablarına qarsı alıp barǵan júrisleri. Salib júrisleriniń maqseti Palestindi, birinshi náwbette, Quddustı seljuqiy túrklerden azat etiw edi. Biraq salib júrisleri keyinala Baltıq boyı majusiy (butqa sıyınıw) lardı xristianlastırıw, Evropada papa húkimetine qarsı háreketlerdi bastırıw yaki papalardıń siyasiy maqsetlerin ámelge asırıw quralı bolıp qaldı.

«Salibshiler» ataması salib júrisi qatnasıwshıları kiyimlerine salıp (atanaq, krest) tigip alǵanı ushın payda bolǵan. Mápdar kúshler júris qatnasıwshıları gúnálarınan páklenedi dep esaplanǵanlıǵı sebepli, júriste tek ǵana ricarlar emes, bálki ápiwayı xalıq ta qatnasqan.

Salibshiler 1099-jılı Quddusqa kiriwi menen-aq qırǵındı baslap jiberdi. Olar musılman hám yahudiyler qatarında jergilikli xristianlardı da qırıp tasladı. 16-iyul kúni erte tańda bárshe nárse sheshildi, qamal waqtında hám qırǵında jámi 70 mıńǵa jaqın adam ólgen.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Jámiyette jamanlıqlardıń tamırları kóp, biraq olardıń tiykarı úsh nárse — dámegóylik, ǵázep hám ilimsizlik.

***Abu Rayxan Beruniy.***

de qarsılıqqa ushıradı. Ayırım waqıtları ayıplar menen qısqıǵa alınǵan.

Tariyxta «pán hám din tiykarınan bir-birine qarama-qarsı emes, al bir-birine jaqın taraw» degen ideyanı alǵa qoyǵan hám rawajlandırǵan ullı alımlar kóp bolǵan.

Máselen, Hakim Termiziy biziń túsinigimizdegi pándi ilim, diniy ilimdi bolsa aǵartıwshılıq, hikmet dep ataǵan hám olardıń insan sana-sezimindegi ornın durıs belgilegen. Hakim Termiziy ideyaların Faxriddin ar Raziy, Muhiddin ibn Arabiy, Ibn Rashid usaǵan alımlar rawajlandırǵan, pán hám din niń baylanıslılıǵın Ibn Sina óz miynetinde anıǵıraq kórsetken.

Ǵárezsizlikten soń Ózbekistanda da pán hám dinniń baylanısın támiyinlewge ayrıqsha itibar berildi. Birinshi Prezidentimiz Islam Karimov aytıp ótkenindey: «... dúnyalıq hám diniy qádiriyatlar bir-birin tolıqtırmas eken, búgingi kúnniń awır hám quramalı sorawlarına tolıq juwap beriw ańsat bolmaydı».

Ózbekistan Respublikası Ministrler kabineti janında Tashkent Islam universitetiniń shólkemlestiriliwi de mine usı maqsetlerdi júzege shıǵarıwdı rejelestirilgen. Dúnyalıq hám diniy ilimler oqıtılatuǵın bul bilim beriw ornı pitkeriwshileri jámiyetimizde dúnyalıq hám diniy, pán hám din baylanısın támiyinlewge xızmet etedi.

## BEKKEMLEW USHÍN SORAW HÁM TAPSÍRMALAR

1. Ne ushın jámiyetti dinnen ajıratıp bolmaydı?
2. Din hám pán arasında qarama-qarsılıq keltirip shıǵarǵan taypalardıń maqsetleri ne edi?
3. Oraylıq Aziya alımları pán hám dinniń bir-birine baylanıslılıǵı haqqında qanday pikirlerdi aytıp ketken? N.Kopernik, J.Bruno hám G.Galileyler ne ushın shirkew tárepinen quwdalanǵan?
4. «Tariyxqa názer» rubrikası astında berilgen tekstti oqıń. Jámiyettegi keskinlesiwdiń sebeplerin túsindiriwge háreket etiń.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

# 3—4-§ DINNIŃ PAYDA BOLÍWÍ HÁM QÁLIPLESIWI

## AKTIVLESTIRIW USHÍN SORAW HÁM TAPSÍRMALAR

1. Áyyemgi diniy túsiniklerden bolǵan animizm, totemizm, fetishizm, shamanizm túsinikleriniń mazmunın esleń hám sıpatlama beriń.
2. Xalqımız arasında tarqalǵan qanday úrp-ádetler áyyemgi diniy túsinikler menen baylanıslı bolıwı múmkinligin pikirlesiń.
3. Oraylıq Aziya aymaǵında jasaǵan áyyemgi xalıqlardıń dáslepki diniy túsinikleri qanday bolǵan?

Búgingi kúnde pánde dinlerdiń qáliplesiwi tariyxına tiyisli eki túrli kózqaras bar.

**Teologik** *(ilâhiy, diniy)* **qatnasqa** kóre, túrli buyımlarǵa sıyınıw hám kóp qudaylılıq, atap aytqanda animizm, totemizm, fetishizm hám shamanlılıq jeke qudaylılıqtan keyin júzege kelgen. Yahudiylik, xristianlıq hám islam dinlerine qaraǵanda Quday dáslep insan — adamdı jaratıp, oǵan ózin tanıtqan hám Adam áwladların ózine sıyınıwǵa shaqırǵan. Waqıttıń ótiwi menen insanlar tiykarǵı táliymattan uzaqlasıp, túrli butlarǵa sıyına baslaǵan.

Dinlerdiń kelip shıǵıwı haqqındaǵı ekinshi kózqaras pánde **«materialistlik qatnas»** dep ataladı. Bul kózqarastıń payda bolıwı antik dáwirge barıp taqalıp, dáslep, áyyemgi Greciya filosofları bul haqqında óz pikirlerin bayan etken.

Ilim — dúnyanıń lázzeti. Ilim insan ushın júdá joqarı hám muqáddes pazıylet. Ilim bizge óz awhalımızdı, háreketimizdi ayna sıyaqlı kórsetedi. Zeynimizdi, pikirimizdi qılısh sıyaqlı ótkir etedi.

***Abdulla Avloniy.***

***«Teologik qatnas»*** *— dinniń payda bolıwı tikkeley quday menen baylanıslı degen táliymat.*



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

**NUH PAYǴAMBAR QÁWIMINIŃ BUTLARǴA SÍYÍNÍP KETIW TARIYXÍ**

Ullı Payǵambarlardan bolǵan Nuh (a.s.) nıń qáwimi butlarǵa sıyınatuǵın edi. Olar Savw atlı hayal Vad atlı erkek, Yaǵus atlı arıslan, Yauq atlı at, Nasr atlı búrkit hám kalxat túrindegi butlarǵa sıyınatuǵın edi. Ibn Jarir Tabariydıń jazıwınsha: «Nuh qáwimi ibadat etken butlar tiykarınan Adam hám Nuh payǵambarlar arasındaǵı múddette jasaǵan mómin adamlar edi. Olardıń óliminen keyin onıń tárepdarları hám shákirtleri eslegende ózlerine zawıq hám ibadatqa ǵayrat keltirsin degen niyette súwretlerin sızıp qoyǵan hám bul súwretlerge sıyınbaǵan edi. Bul zaman adamları dúnyadan ótip ketkennen keyin, olardıń áwladları zamanında iblis ǵulǵula salıp, «ataları́ń bul súwretke sıyınar edi, olardan bereket hám jawın soraytuǵın edi», dep mómin adamlardıń tımsalına ibadat etiwge úyretti. Hámme bul shirk ámelge baylanıp qaldı. Solay etip, butqa sıyınıwshılıq payda boldı».

***«Tafsirat-Tabariy» kitabınan.***

**Materialistlik qatnas** — dinlerdiń kelip shıǵıwın alǵashqı insannıń qorqıwları menen baylanıstıradı.

XVII ásirge kelip Evropada shirkew hákimiyatınıń páseye baslawı, húrpikirlilik wákilleri — dindi áshkaralawshılarınıń payda bolıwı, XIX ásirdiń ekinshi yarımında Charliz Darvin tárepinen «Túrlerdiń kelip shıǵıwı» (1859) atlı miynetiniń basıp shıǵarılıwı da túrtki boldı. Keyinirek bul kózqaraslar Avgust Komt hám Lyudvig Buxnerler tárepinen eń biyik shoqqıǵa kóterildi.

Din bul sociallıq hádiyse, insan oy-pikiri, sezimleriniń jemisi. Bul kózqaras tárepdarları pikirinshe, dinler ápiwayılıqtan — quramalıǵa, ulıwmalıqtan — jekelikke, kóp qudaylıqtan — bir qudaylıqqa qaray uzaq tariyxıy evolyucion procesti basıp ótken.

Uyqı, tús hám dem alıw usaǵan jaǵdaylarda deneni basqarıwshı hám ólim menen onnan ajıratıp turıwshı, qayta ómir inam etiwshi qanday da bir kúsh bar ekenligine isengen ata-babalarımız, bul kúsh háreket



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE



## DÓRETIWSHILIK JUMÍS

1. Ruw-qáwim dinleriniń qanday túrlerin bilesiz?
2. Búgingi kúnde ruw-qáwim, dinleriniń qanday elementleri saqlanıp qalǵan?
3. Ruw-qáwim dinleriniń ózine tán hám uqsaslıq tárepler in aytıp beriń.



**Xerbert Spenser**
(1820 — 1903)

etiwshi hárbir nárse: dárya, quyash, ay, terek usaǵan predmetler de bar dep oylaǵan. Nátiyjede, insannıń qorqıwı, húrmeti, talap hám zárúrligi dárejesinde olarǵa sıyına baslaǵan.

Materialistlik kózqaraslar tárepdarlarınıń pikirine qaraǵanda, qorqıw dinlerdiń kelip shıǵıwında tiykarǵı rol oynaǵan sezimlik jaǵday.

Anglichan filosofı Xerbert Spenser (1820 — 1903) de alǵashqı qáwim dinleriniń kelip shıǵıwına qorqıw nátiyjesinde «ótken áwladlarǵa sıyınıw» sebep bolǵanlıǵın atap ótedi. Spenser sociallıq esap-kitaplarǵa súyengen halda, ómir qorqıwınıń dinlerdegi ornına ayrıqsha dıqqattı tartadı.



Bul qorqıwdıń ótken áwladlarǵa salıstırǵanda ibadattıń barlıq kórinisleri sáwlelengenligi hám táńrilerdiń ústem yaki qaharman bolǵan áwladlardan tańlanǵan degen pikirdi alǵa súredi: hárbir dinde áwladlarǵa ayrıqsha itibar qaratılǵanlıǵına ishara etedi.

Maks Myuller (1923 — 1900) pikiri boyınsha, dinniń kelip shıǵıwı tábiyat hádiyseleriniń insanǵa bergen qorqıwınan kelip shıqqan hám ol «naturalizm» delinedi.

Maks Myuller indeeclerdiń muqáddes kitabı Vedalarǵa súyengen halda, derlik barlıq dinlerde quday atları tábiyat hádiyselerin bildiriwin atap ótken. Bul táliymat tárepdarları dinlerdiń júzege keliwi hám



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE



**Fridrix Maks Myuller**
(1823 — 1900)



qáliplesiwi animizm, totemizm, fetishizm hám shamanizm usaǵan basqıshlarda júzege kelgenligin atap ótedi.

**Animizm.** Áyyemgi adamlar átiraptaǵı dúnyada haywanlar, ósimlikler, tábiyat hádiyseleri usaǵan hár nárseniń janı, yaǵnıy ruwxı bar dep oylaǵan. Hár qıylı adam tárizli ápsanalıq kóriniske iye bolǵan jer, ot, toǵay, suw, taw hám úy «ruwx» ları da sonnan kelip shıqqan.

Atap aytqanda, terekke sıyınıw túrli xalıqlarda túrlishe kóriniste bolǵan. «Ómir teregi» teması Ózbekistan xalıq ónermentshiliginde áhmiyetli orın tutadı. Xalıqlarda insannıń fizikalıq óliminen soń onıń ruwxı jasap qalıwına bolǵan isenimi jerlew menen baylanıslı bir qatar máresimler payda bolıwına alıp kelgen.

**Totemizm.** Alǵashqı jámáátler qáwim-tuwısqanlıq tiykarında qurılǵan. Adam sociallıq qatnasıqlardıń usı kórinisin sırtqı ortalıqqa — tábiyatqa da kóshirgen. Ruwdıń jániwarlar hám ósimlikler dúnyası menen baylanısın olar menen aǵayinshilik belgisi dep túsinilgen.

1938-jılı Surxandárya wálayatı Baysıntaw tawlarındaǵı Tesiktas úńgirinen tabılǵan neandertal bala qábiri házirgi Ózbekistan aymaǵındaǵı totemizm isenimine baylanıslı eń áyyemgi esteliklerden biri. Balanı jerlewden aldın onıń átirapı taw eshkisi — arxardıń shaqları menen oralǵan, bul onıń totem jániwar menen baylanıslı ekenligi haqqındaǵı boljawdı alǵa súriw imkaniyatın beredi.



## DÓRETIWSHILIK JUMÍS

Tómengi klaslarda tariyx páninen alǵan bilimlerińizge tiykarlanıp, Maks Myuller ne ushın indeecliktiń muqáddes kitabı Vedalarǵa súyengenligi haqqında pikir júrgiziń.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

## TARIYXQA NÁZER

Ferǵana wálayatı Sux awılınan tabılǵan hám biziń eramızǵa shekemgi II mıń jıllıqqa tiyisli sırtqı kórinisinen oq jılanǵa uqsas tas tumar Ózbekistan tariyxı muzeyinde saqlanbaqta.

Ógizge áyyemnen kúsh-qúdiret, ónimdarlıq sıpatında qaralǵan. Bazı arxeologiyalıq esteliklerden tutqıshı qoy kórinisinde islengen ıdıslar tabılǵan. Áyyemgi jergilikli xalıqlarda joqarıdaǵı haywanlardı ulıǵlaw ádeti júdá keń tarqalǵan.

**Fetishizm.** Zamanagóy dinlerde fetishizm teberrik buyımlardı tawap etiw tárzinde, atap aytqanda, xristianlarda — atanaq, ikonalar, máyitke sıyınıw, buddizmde — teberik oʻgir yaki hovoncha, islamda — teberik qádemjaylarǵa tiyisli buyımlar, tumar hám kózmonshaqlarǵa iseniw tárzinde saqlanıp qalǵan. Írım-sırımǵa isenetuǵın adamlar, tumar baxıt keltiredi, kózmonshaq bolsa jaman kózden saqlaydı degen





## DÓRETIWSHILIK JUMÍS

Ózbekistan milliy enciklopediyasınan animizm, totemizm, fetishizm, shamanlıq, sıyqırlılıq túsinikleriniń sózlik mánisin tabıń. Olardıń hárbirine mısallar keltiriń.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

isenim bar bolǵan. Taǵa, tumar, moyın taǵınshaǵı (klon) usaǵan nárseler zamanagóy fitishlerge mısal boladı.



**Shamanizm.** Basqa milletlerde bolǵanı sıyaqlı Oraylıq Aziya xalıqlarında da shamanizm túrlishe kórinislerde sáwlelenedi. Palkerlik, qumalaq salıw, ıssı-suwıq etiw, ilgirlik usaǵanlardı shamanizm belgileri sıpatında keltiriledi.

Búgingi kúnde de bazıda qanday da bir nársesin joǵaltqan adam palkerge barıw jaǵdayları ushıraydı. Sonday-aq, sıyqır jolı menen birewge payda yaki zıyan jetkeriwge urınıw halatları da seziledi. Oraylıq Aziya xalıqlarında kimde-kim uzaq waqıt kesel bolsa, oǵan sawalıwdıń birden-bir jolı — ruwxlar menen sóylesiwge kirisiw dep uqtıradı. Bunday adamlardı xalıq arasında «adamlı» dep ataydı. Biraq, sonı umıtpaw kerek, kóbinese bunday jaǵdaylar sada adamlardı aldaw ushın oylap shıǵarılǵan boladı.

**Haywanlar hám quslarǵa sıyınıw.** Oraylıq Aziya xalıqları arasında tiykarınan tómendegi janzatlar hám ósimlikler muqáddeslestirilgen:

**Qasqır.** Áyyemgi túrk ápsanalarına qaraǵanda, Ashina qáwiminen bolǵan jas gódekti qasqır emizip tárbiyalaǵan. Sonıń ushın da, Evroaziya alaplarındaǵı túrklerdiń kók bayraǵın qasqırdıń altınnan jasalǵan bası bezep turǵan. Qasqırdıń káramatlıq iláhiy kúshine iseniw búgingi kúnge shekem az da bolsa saqlanıp qalǵan.

**At.** Attı ulıǵlaw túrkiy xalıqlar arasında áyyemnen bar bolǵan. Bunı Qubla Qırǵızstan tawlarında (Eravan, Ayirmash-Taw) qarsań taslarǵa túsirilgen atlar kórinisinde kóriwimiz múmkin. Kórinisler astında haywanlardı qurbanlıqqa keltirip, sham jaǵıw ushın teksheler jasalǵan. Áttıń muqáddesligi haqqındaǵı túsinik tek ǵana tegisliklerde jasawshı qáwim hám elatlarda emes, bálki diyqanshılıq penen shuǵıllanıwshı otırıqshı xalıq arasında da keń tarqalǵan.

Adamlar! Eń dáslep jaqsı niyet, ádep-ikramlılıqqa iye bolıwǵa háreket etiń, sebebi, ádep-ikramlılıq nızamnıń tiykarı.

***Pifagor***



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

**Quslar.** Ráwiyatlarǵa qaraǵanda, ózlerin Oǵuzxan áwladları dep esaplaǵan túrkiy oǵuzlar babalar tımsalın jamanlıqlardan asırawshı quslarda kórgen. Qırǵıy, búrkit, lashın, qarshıǵa usaǵan quslar qáwim aǵzalarına bereket hám baxıt alıp keliwshi muqáddes janzat esaplanıp, olardı atıw qatań qadaǵan etilgen.

Ózbek, qazaq, qırǵız, túrkmen xalıqları áyyemnen usı waqıtqa shekem úki, bayıwlı, búrkit hám lashın párleriniń muqáddes kúshine isenedi. Sol sebepli kishi jastaǵı ul balalar hám qızlardıń bas kiyimleri, besik hám átkónsheklerin quslar pári menen bezeydi. Oraylıq Aziya xalıqları arasında qırǵawıl, tawıs, qoraz muqáddes quslar dep sanalǵan.

**Terekler.** Oraylıq Aziyada shınar hám kiparis daraqları (arsha) áyyemnen muqáddes kúshke iye obyekt sıpatında qádirlengen. Olarǵa qızlar ózleriniń kewil sırların aytıp, terek shaqalarına belgi baylap, ármanlarınıń orınlanıwına úmit etken. Qubla Túrkmenstan, Ózbekistan hám Tájikstanda shınar teregi júdá qádirlenedi. Túrkmenler shınardıń quwraǵan shaqaların otın sıpatında jaǵıp paydalanıwǵa da qorqadı.

Túrkmenstandaǵı Feruza oazisi uzınlıǵı qırq metr keletuǵın «Jeti aǵaini» shınarı menen belgili. Sayrab awılındaǵı aybatlı shınardıń tórt metrli qabıǵında bir waqıtları hátte medirese jaylasqan. Tashkentke jaqın Burshmolla awılında ádetten tısqarı úlken shınardıń ziyaratına keliwshilerdiń izi úzilmeydi.

## BEKKEMLEW USHÍN SORAW HÁM TAPSÍRMALAR

1. Animizm, totemizm, fetishizm, shamanlıq, sıyqırlılıq usaǵan dáslepki diniy túsinikler arasında qanday ulıwmalıq bar? Olardıń búgingi kúndegi kórinisleri haqqında maǵlıwmat beriń.
2. Dáslepki diniy túsiniklerdiń búgingi kúndegi kórinisleri haqqında kórgizbeli slayd tayarlań (MSPower Point).
3. Áyyemgi Oraylıq Aziya xalıqları turmısında animistik, totemistik, fetishistik hám shamanistik túsiniklerdiń ornı nelerde sáwlelengen?
4. Tariyx páninen milliy hám jáhán dinleriniń qalay payda bolǵanlıǵı haqqında maǵlıwmat toplań.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

# 5-§ YAHUDIYLIK

**AKTIVLESTIRIW USHÍN SORAW HÁM TAPSÍRMALAR**

1. Yahudiylardıń Orayliq Aziyaǵa kirip keliwi qashannan baslanǵan?
2. Yahudiylerdiń áyyemde Oraylıq Aziyada jasaǵanınan derek beriwshi tabılmalar qashan hám qay jerden tabılǵan hám de olar qaysı dáwirge tiyisli?
3. Oraylıq Aziyadaǵı yahudiylerdiń Buxara yahudiyleri dep atalıwınıń sebepleri ne?

## DIN TARIYXÍNAN

Pánlerdiń paydası — olar járdeminde altın hám gúmis toplaw emes, bálkim insanıylıq hám danıshpanlıqqa erisiw.

***Abu Rayxan Beruniy***

Yahudiylik dúnyadaǵı eń áyyemgi milliy dinlerden biri bolıp, shama menen, biziń ásirimizge shekemgi 2-mıń jıllıqta Jaqın Shıǵısta payda bolǵan. Ol millet dini bolıp, tek ǵana yahudiy xalqına tán. Ábu Rayxan Beruniy óziniń «Áyyemgi xalıqlardan qalǵan estelikler» kitabında, yahudiyler bul sózdi semit tillerdegi «hoda», yaǵnıy «táwbe etpek, táwbe etkenler» sózinen kelip shıqqan, — degen pikirler bar ekenligin aytıp ótken. Kóp tarqalǵan pikir boyınsha, yahudiy sóziniń kelip shıǵıwı Yaqub payǵambardıń ulı Yahuda atınan alınǵan.

Yahudiy xalqınıń jáne bir atı Bani Izrail. «Izrail» sózi Yaqub payǵambardıń ekinshi atı bolıp, «banu» — balalar, «Izrail áwladları» mánislerin beredi.

Yahudiyler xalqına baylanıslı «evrey» sózi de qollanıladı. Bul áyyemgi semit tillerindegi «ivrit» sóziniń

*Ráwiyatlarǵa qaraǵanda, Yaqub payǵambardıń 12 ulı bolıp, olardıń tórtinshisi Yaqıya edi. 12 uldan keyin 12 qáwim tarqaldı. Yaqıya áwladları bolǵan yahudiyler basqa qáwimlerdi ózlerine boysındırdı. Sonnan soń bul qáwimlerdiń bárshesi «yahudiy» dep atala basladı.*



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE



*Musanı quwıp baratırǵan Firaun (papirusqa islen-gen súwret).*

ózgergen forması. Arab dereklerinde bul sóz «araba, yaburu» — «keship ótiw» feyilinen kelip shıqqan, dep esaplanadı. Dáslepki yahudiy qáwimleri Mesopotamiyada jasaǵan edi. Biziń eramızǵa shekemgi XV ásirlerde Ibrahim payǵambar basshılıǵında Dajla hám Furot dáryalarınan keship ótken.

Tawrat, Injil hám Quranda xabar beriliwinshe, Yaqub Ibrahim payǵambardıń aqlıǵı bolǵan Yaqubtıń on birinshi ulı Yusup edi. Yusup hám onıń aǵaları arasındaǵı múnásibetler sebepli Banu Izrail qáwimi Mısrǵa kóship kelgen. Olar birqansha waqıt Mısr jerlerinde jasaǵan. Keyinirek Mısr firaunı Banu Izrail qáwimine zulım etkennen keyin Musa payǵambar basshılıǵında bul xalıq jáne Kanon «Palestin» jerlerine qayttı.



*Teńizdiń ekige ayrılıw kórinisi.*

Biziń eramızǵa shekemgi 722-jılda Izrail patshalıǵı Assuriya tárepinen, 586-jılı bolsa Babilon mámleketi tárepinen basıp alınǵannan soń, yahudiy xalqınıń bir bólimi bul jerden quwıp shıǵarıldı.

## TARIYXQA NÁZER

Bibliya ráwiyatlarına qaraǵanda biziń eramızǵa shekem 1250-jılı Yahudiyler Musa basshılıǵında Mısrdı tárk etti. Biziń eramızǵa shekem 1000-jılı patsha Saul óliminen soń onıń kúyewi patsha Dawıt Palestindi birlestirip, Yahudiy patshalıǵın dúzdi.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE



*Izraillılar Mısrda*



***Tanax*** *birlemshi derek bolıp, ol Tawrat (Tora), Payǵambarlar (Neviim) hám kitaplar (Xetuvim), dep atalıwshı úsh bólimnen ibarat.*

***Talmud*** *(evreyshe — «úyreniw») Tawrattıń qalası sıpatında málim etiledi.*

## ORAYLÍQ AZIYAǴA YAHUDIYLIK DININIŃ KIRIP KELIWI HÁM RAWAJLANÍWÍ



*Ullı jipek jolı*

Biziń eramızǵa shekemgi VIII ásirlerde ayırım yahudiyler Izraildı tárk etip, Mısr, Iran usaǵan úlkelerden baspana taptı. Oraylıq Aziyaǵa yahudiyler Soǵdiana mámleketi dáwirinde, yaǵnıy biziń eramızǵa shekemgi II ásirde kirip kelgen. Olar Iran arqalı Marıǵa kelip, ol jerden Buxara, Samarqand, Shaxrisabz hám basqa qalalarǵa tarqaldı.

Izertlewshiler olardıń bul jerge kóship kelip, jaylasıwların «Ullı jipek jolı» menen baylanıstıradı. Yahudiylerdiń boyawshılıq boyınsha qánige bolǵanı, olardıń shiyki zat dereklerine jaqın aymaqlarǵa ornalasıwına sebep bolǵan.

Oraylıq Aziyada eramızdıń IX — X ásirlerde yahudiy jámáátleri birqansha kóp sanlı hám erkin bolǵan.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Olardan tek ǵana urısqa jaramlı bolǵan er adamlar ǵana jizya salıǵın tólegen. Jıynalǵan salıqlardıń tek ǵana yarımı mámleket ǵáziynesine tapsırılǵan, qalǵan bólimi bolsa, jámáát baslıǵı ıqtıyarında qalǵan.

Yahudiylerdiń Oraylıq Aziyada jasaǵanınan derek beriwshi arxeologiyalıq tabılmalar dáslep 1954-jılı alımlar tárepinen Túrkmenstannıń Marı hám Bayramalı qalalarınan tabılǵan. Bular áyyemgi sinagoga qaldıqları, yahudiy jazıwında jazılǵan gúlal buyımlar. Tabılmalar Grek-Baqtriya hám Parfiya mámleketleri húkimdarlıq etken biziń eramızǵa shekemgi II hám eramızdıń I ásirlerine tiyisli bolǵan.



*Karaimler milliy kiyimi.*

IX—X ásirlerde Oraylıq Aziyada ***karaimler*** dep atalatuǵın yahudiy sektası payda boldı. Bul aǵım tárepdarları tek ǵana Toranı tán alıp, Talmudtı bolsa tán almas edi. Olar jergilikli yahudiylerdi **kashrut** (koshernost) qaǵıydasın (ruqsat etilgen awqatlardı ǵana jew) buzıw, jergilikli xalıq penen aralasıp ketiw hám yahudiy dinin bidat (sháriyatta joq ámel) lar menen buzıwda ayıplay basladı.

XIII ásir basına kelip áyyemgi yahudiy jámáátleri de kriziske ushıradı. Saqlanıp qalǵan az sanlı yahudiyler Buxara hám onıń átiraplarında jasaǵan.



*Tashkenttegi Ashkenazi sinagogası (1930-jılı jabılǵan. 1966-jılı jer qıymıldaǵanda buzılıp ketken).*



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Mońǵollar dáwirinde Xorezmde yahudiylerdiń bir qalada 100 úyden artıq bolıwı qadaǵan etilgen edi.

Ámir Temur hám temuriyler dáwirinde Mawarawnnaxr aymaǵına Irannan kóplegen yahudiy jámáátleri kóshirip keltirilgen. Olardıń bir bólimi Buxarada jasaǵan. XVIII ásirdiń baslarında yahudiyler Iran, Awǵanstan, Xiywa, Qoqand hám Buxara jámáátlerine bólinip ketti.

XIX ásirdiń ekinshi yarımında Oraylıq Aziya aymaqları Buxara ámirligi aymaqlarında jasaǵanlıqtan ***«Buxara yahudiyleri»*** atı menen tanılǵan bolsa da, olardıń tiykarǵı bólegi Samarqandta jasaǵan.



*Yahudiy mektebi. (Samarqand XX ásirdiń basları).*

XIX ásirge kelip yahudiyler Oraylıq Aziyanıń Qarshı, Marı, Xatırshı, Shaxrisabz, Kattaqorǵan, Karmana, Marǵulan, Dushanbe qalalarında, bir orınǵa jám bolıp jasaǵan.

1932-jılı Samarqandta yahudiyler teatrı shólkemlestirilgen. 1940-jılǵa shekem Oraylıq Aziyada yahudiylerdiń ivrit tilindegi mektepleri, dáwirlik hám arnawlı basılımları bolǵan.

Burınǵı awqam dáwiriniń keyingi jıllarında yahudiy tilinde oqıtıw hám mádeniy xızmet kórsetiw toqtatılǵan. Biraq, yahudiylik jeke milletke tán din bolǵanlıǵı sebepli, olar qay jerde jasamasın, biri ekinshisinen qansha uzaqta bolmasın, óz dini hám muqáddes kitaplarına sıyınıwdı dawam ete bergen.

## DÓRETIWSHILIK JUMÍS

«XIX ásirdiń ekinshi yarımında Rossiya imperiyası Oraylıq Aziyanı basıp alıwı yahudiylerdiń Túrkstan hám Buxara jámáátlerine bólinip ketiwine alıp keldi.» Tariyx páninen alǵan bilimlerińizge tiykarlanıp, yahudiylerdi Túrkstan hám Buxara jámáátlerine bólinip ketiw sebeplerin anıqlań.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE



*Yahudiyler teatrı*



*Buxara yahudiy shańaraǵı (XX ásirdiń basları).*

1991-jılı Ózbekistan ǵárezsizlikke eriskennen soń barlıq dinler, solar qatarında yahudiy dinine erkin sıyınıw ushın hámme sharayatlar jaratıp berildi.

Elimizde Ádillik ministrliginen dizimnen ótken 8 yahudiy sinagogası, 5 yahudiy milliy-mádeniy orayı, sonday-aq, Yahudiyler tariyxı muzeyi jumıs alıp barmaqta.

## BEKKEMLEW USHÍN SORAW HÁM TAPSÍRMALAR

1. Búgingi kúnde elimizde basqa diniy konfessiyalar qatarında dizimnen ótken «Yahudiyler jámááti» jumıs alıp baradı. Bunı diniy hám milliy keńpeyillik principi menen túsindiriń.
2. «1170-jılı bir ǵana Samarqandta 30 mıń yahudiy jasaǵan». Usı tiykarda elimizdegi diniy keńpeyillik principleri ázeliy qádiriyat ekenligi haqqında pikir bildiriń.
3. Izrail mámleketi qashan dúzilgenligin hám dúziliw shárt-sharayatların anıqlań.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

# 6—7-§ YAHUDIYLIK TÁLIYMATÍ

**AKTIVLESTIRIW USHÍN SORAW HÁM TAPSÍRMALAR**

1. Yahudiyliktegi On ámir haqqında esitkensiz be?
2. Geografiya páninen alǵan bilimlerińizge tiykarlanıp, Sinay (Tur) tawınıń jaylasqan jerin anıqlań.
3. Tur tawı menen baylanıslı qanday ráwiyatlardı bilesiz yamasa esitkensiz?



*Musa On ámirdi almaqta.*

## YAHUDIYLIK TÁLIYMATÍ

Yahudiylik táliymatı Quday tárepinen Musaǵa nazıl bolǵan «On ámir» ge boysınıwǵa tiykarlanadı. Olardıń isenimi boyınsha, «On ámir» Musa payǵambarǵa Sinay tawında eki márte túsirilgen.

Yahudiylik boyınsha, Musa óz qáwiminiń qolları menen jasalǵan buzawǵa sıyınıp atırǵanlıǵın kórip, bunnan ǵázeplenip, Qudaydıń ámirleri jazılǵan kórinislerdi sındırıp qoyǵannan keyin Quday tómendegi On ámirdi qaytadan túsirgen.

1. Dúnyanı jaratqan, birden-bir jeke Yahvedan basqa quday joq ekenligine iseniw.
2. Yahveden basqaǵa sıyınbaw.
3. Qudaydıń atın bolar-bolmasqa tilge ala bermew.
4. Shembi kúnin muqáddes biliw hám sol kúni dem alıw.

**DÓRETIWSHILIK JUMÍS**

«On amir»de berilgen qaǵıydalardı ádep-ikramlılıq qaǵıydaları menen baylanıstırıp túsindiriń.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

5. Ata-ananı húrmet etiw.
6. Adam óltirmew.
7. Buzıqshılıq is islemew.
8. Urlıq islemew.
9. Óz jaqınları (yahudiyler) haqqında jalǵan gúwalıq bermew.
10. Óz jaqınlarına úyine, hayalına, qulına, haywanlarına, ulıwma, oǵan tiyisli bolǵan nárselerge kóz alayttırmaw.



*Talmud*

Bul ámeller yahudiylerdiń muqáddes deregi esaplanǵan Tawrat kitabında keltirilgen. Tawrat Musaǵa tiyisli bolǵan bes kitaptı óz ishine aladı:

1. («Borliq» yaki «Ibtido») Baslanǵısh dáwiri.
2. «Shıǵıw»;
3. «Levit»;
4. «Sanlar»;
5. «Ekinshi nızam».

Tawrat teksti ibrit hám aramey (eski yahudiy) tillerinde jazılǵan. Onda Izrail xalqınıń tariyxı bayan etilgen.

## IBADAT HÁM MÁRESIMLER

Yahudiylikte ibadat tańda, pesin hám sham waqtında islenetuǵın kúndelik hám de shembi kúni Sinagogada bolıp ótetuǵın háptelik ibadat formalarına bólinedi. Háptelik ibadat (Shabat-Sabt) juma kúni Quyashtıń batıwı menen baslanadı hám shembi kúni juwmaǵına jetedi.

Shembi kúni ot jaǵıw, jumıs islew, hátte transporttan paydalanıw da qadaǵan etiledi. Yahudiylik táliymatı boyınsha, Quday álemdi altı kúnde jaratıp, jetinshi kúni dem alǵan. Sonıń ushın da, yahudiyler hápteniń jetinshi kúni — shembini dem alıs hám ibadatqa baǵıshlaǵan.



**TARIYXQA NÁZER**

Iran patshası Kir II tárepinen Bobil iyelengennen keyin, yahudiylerdiń kópshilik bólimi Kanonǵa qaytıp patshanıń razılıǵı menen ekinshi márte óz mámleketlerin qayta tiklewge eristi. Emigrantlıqta qalǵan yahudiylerdiń bir bólimi bolsa shıǵısqa Oraylıq Aziyaǵa kóship ótti.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

**Sinagoga** (grekshe. «jámleniw»; ibr. — «beyt kneset» — «jámleniw úyi»)da ibadatlar keminde on er jetken er adam toplanǵanda ótkeriledi.

«Tawrat» ta jánnet «Adan» atı menen atalıp, onıń sıpatları bayan etilgen.

Yahudiylikte ibadat — «avoda she-ba-lev» ibranıysha — «Qálb xızmeti» degen mánisti ańlatadı.

Ibadat waqtındaǵı eń áhmiyetli máwrit hám tiykarǵı shártlerden biri «Tawrat» oramlarınıń túyinler ishinen shıǵarılıwı hám ruwxanıy tárepinen bálent hawazda oqılıwı. Yahudiylerde tek ǵana Sinagogada emes, úyde de ibadat etiledi.



*«Mezuza»*

Olarda kiriw esiginiń joqarısında «mezuza» dep atalǵan, uzın bir qubır ishinde orama halında qoyılǵan «Tawrat» qatarları jazılǵan boladı.

Úyge kiriw hám shıǵıwda yahudiyler «mezuza» ǵa qol tiygizip barmaqların súyedi. Yahudiyler «mezuza» olardı jawız ruwxlar jamanlıǵınan saqlaydı dep ibadat etedi. Úyde alıp barılatuǵın ibadat waqtında bas kiyim kiyip, ústine bolsa shekpen kiyiledi. Duwalardıń eń áhmiyetlisi sanalǵan 16 sı tik turǵan haldı aytıladı. Basqaların oqıp atırǵanda dize búgiw, deneni qıymıldatıp turıw usaǵan háreketler islenedi.

Sinagogalarda álbette, úsh element orın alıwı shárt. Bul Aron Kodesh, Ner Tamid hám Bima. Quddusqa jollanǵan muqáddes sandıq (shkaf) — Aron Kodesh ishinde «Tawrat» tumarları saqlanıwshı arnawlı jay orın bolıp, ol meshittegi «mehrab» qa uqsas wazıypanı orınlaydı hám kirer esiktiń tuwrısında boladı.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

**Ner Tamid** — (ibr. «máńgi shamshıraq») sinagogada «Tawrat» salınǵan sandıq qarsı aldında jaylasqan bolıp, hámme waqıt janıp turıwshı shamshıraq. Sinagogalarda Ner Tamid Menorani esletip turıwshı belgi sıpatında qoyıladı.

**Bima** (yaki teva, almemar) bolsa — Sinagoganıń orayında jaylasqan, «Tawrat» oqılatuǵın minber.

## BAYRAMLAR

Yahudiylarda Rosh Ashona, Yom Kipur, Pesax, Shavuot, Sukkot, Simxa Tora, Purim, Hanukka hám basqa diniy hám milliy bayramlar (ibr. — Yom taw — jaqsı kún) bar.

**Rosh Ashona** (ibr. — «jıl bası»). Yahudiy milliy kalendarı boyınsha jańa jıl bayramı sentyabr-oktyabr aylarınıń birinshi hám ekinshi kúnlerinde belgilenedi.

Yahudiylik táliymatı boyınsha, bul kúni dáslepki insan Adam jaratılǵan hám usı kúnde Quday tárepinen qadaǵan etilgen ámeldi buzıp, jánnetten shıǵarılǵan.



*Ner Tamid*



*Rosh Ashona bayramınıń Sinagogada belgileniwi*



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE



*Tawrat oqıw máresimi*

On kún dawam etetuǵın Rosh Ashonanıń aqırǵı kúninde **Yom Kipur** bayramı belgilenedi. Bul kúni heshqanday jumıs islenbey, tek ǵana ibadat penen bánt boladı. Yahudiyler Yom Kipurda oraza tutıwı, Sinagogada jılap islegen gúnalarına táwbe etiwi shárt.

**Pesax (Pasxa)** jıllıq bayramlar arasında eń itibarlısı bolıp, nisan (mart-aprel) ayınıń on besinshi kúninen baslanıp, segiz kún dawam etedi. Bul bayram yahudiylerdiń Mısrdaǵı qullıqtan azat bolǵanlıǵı múnásibeti menen belgilenedi hám sol kúnleri ashıtqısız nan — «matsa» jelinedi.

**Shavuot** (Sheviot) (ibr. — hápteler) Pesaxtan keyingi 50-kúni belgilenedi. Shavuot dáslep diyqanshılıq bayramı bolǵan, keyin Sinay tawında Musaǵa «Tawrat» tıń beriliwi múnásibeti menen belgilengen.

**Sukkot** (shatırlar bayramı) yahudiyler Mısrdaǵı qullıqtan azat bolǵannan soń, shólde shatırlarda kún keshirgenin eslep ótkeriletuǵın máresim. Áyyemde yahudiyler bul máresim kúnlerinde Quddusqa ziyaratqa barǵan. Búgingi kúnge kelip bul dástúrden shıqqan.



*Ibadatqa shaqırıw ushın shertiletuǵın ásbap*

Milliy xarakterge iye **Purim** (Mazalı zatlar bayram), adar (fevral-mart) ayınıń 14-kúni belgilenedi. Bul bayram Quddusda 1 kún, basqa orınlarda bolsa 2 kún dawam etedi.



*Shańaraq átirapında «Pesax» bayramı*



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Bul bayram Ester atlı qız sebepli yahudiylerdiń Iranda qatlomdan qutılıp qalıwı múnásibetine bağıshlanadı hám onda kewil ashar bayramlar shólkemlestirilip, mazalı zatlar tarqatıladı.

**Hanukka** (ibr. — «jańalanıw», «jarıtıw») yahudiylerdiń Siriya koroli Antiokas ústinen erisken jeńisleri múnásibetine bağıshlanğan bayram esaplanadı.

Kislav (noyabr-dekabr) ayınıń jigirma besinshi kúninen baslanıp 8 kún dawam etetuğın bul bayramnıń ápiwayı kúnlerden bir ğana parqı hanukkiya dep atalatuğın toğız uyalı sham ıdıstan hár kúni birewiniń jağılıwı.



*Hanukka bayramı.*

**Yahudiylikte jerlew máresimi** de belgili ózgeshelikke iye. Adam ólgennen soń, ağayinleri arnawlı kiyim kiyip, sham jağadı. Marhumdı aq kepenge orap, «Kaddish» (aramiyshe — «Muqáddes», sinagogalarda oqılatuğın ibadat duwası) ti oqıydı.

Óli shıqqan shańaraqta bir hápte dawamında aza tutılıp, úyden sırtqa shığılmaydı. Bir jıl ótkennen keyin, marhumdı eslep «jıl máresimi» («Yorsayt» n ótkerip, maqbarağa qábir tasın ornatadı. Yom-ki-




Quddusdağı birinshi úlken sinagoga



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE



*3100 tekshe arqalı Tur tawına shıǵıw*

pur, Sukkot, Pesax bayramlarında marhumlardı eslep «Yizkor» dep atalatuǵın arnawlı duwalar oqıladı.

## AǴÍMLAR



*Saduqiylar*

Uzaq tariyxıy rawajlanıw dawamında basqa dinlerde bolǵanınday, yahudiylikte de uzaq tariyxıy rawajlanıw dawamında óz ara ishki bóliniwler júzege kelgen. Olar arasında eń keń tarqalǵanları saduqiylıq, farziylik, essaniniylik, hasidiylik, qaroim, reformashı, konservativ usaǵan aǵımlar.

**Saduqiylıq** klassik aǵımlar arasında, belgili bir ózgeshelikleri menen basqalardan ózgeshelenedi. Bul aǵımnıń wákilleri tiykarınan iri jer iyeleri, joqarı qatlam wákilleri (aristokratlar) nen ibarat bolǵan.

Saduqiylıq táliymatı boyınsha ruwx máńgi emesligi atap ótiledi. Insannıń qayta tiriliwi, perishtelerdiń bar ekenligin biykarlaydı. Saduqiyler Quday bendeleriniń jumıslarına aralaspaydı, hárbir insan taǵdirin ózi jaratadı, dep esaplaydı.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

### DÓRETIWSHILIK JUMÍS

**Saduqiy** ataması Sulayman Payǵambar patshalıq etken dáwirde ruwxanıy bolǵan Sadoka (Sadok) atınan kelip shıqqan.

**Farziyler** ibr. — «perushim» — «teń bóliniw», «nápáklerden uzaq bolıw».

**Farziyler** aǵımı b.e.sh II ásirde isenim hám ámelde saduqiylikke qarsı ráwishte júzege kelgen. Sonday-aq, saduqiylikten parıqlı túrde, farziylerdiń ózegin tómengi qatlam wákilleri hám kambaǵallar quraǵan.



*Farziyler*

Yahudiylik nızam-qaǵıydalarına qattı ámel etiliwin talap etetuǵın bul aǵım Quday hárbir nárseni baqlaw, bendege tán húr niyeti bar ekenligi, ólimnen keyin qayta tiriliw, jánnet, dozaq, perishtelerdiń bar ekenligi, jaza hám sıylıqtıń bar ekenligine iseniwge tiykarlanadı.

**Issim yaǵnıy Essaniyler** saduqiylik hám farziylik penen bir dáwirde payda bolǵan klassik aǵımlardan biri. Essaniylerdiń sıyınıw tiykarları farziylerdikine jaqın bolıp, olar insanlardıń táǵdiri aldın ala jazıp qoyılǵanın, qayta tiriliwdi hám perishtelerdiń bar ekenligin de atap ótedi. Mısalı, perishteler —



*Essaniyler*



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE



*Essaniyler úyleriniń qaldıqları*

muqáddes janzatlar, «Aspan ulları», ámelge asıratuǵın jumıslarına qaray «Nurlar patshası», «Qarańǵılıq perishtesi», «Azatlıq perishtesi», «Mastemah (shaytan)», «Saqlawshı perishteler» usaǵan klaslarǵa bólinedi.

Olardıń táliymatı boyınsha, insan ólgennen soń, onıń ruwxı aspanǵa kóterilip, jaqsı ruwxlar máńgi ómir keshiredi, jaman ruwxlar bolsa, qahaman suwıqta azaplanadı.

XVIII ásirdiń birinshi shereginde júzege kelgen **hasidiylik** (ibr. — «dindarlar») orta ásir aǵımları ishinde ayrıqsha orın iyeleydi. Bul táliymat tárepdarları dinniń manisine aqıl menen emes, bálki sezim arqalı erisiledi, degen principten kelip shıǵıp, sháriyat nızamların úyreniwdi emes, bálki diniy sezim hám ádep-ikramlılıqtı birinshi orınǵa qoyǵan edi.

Hasidiyler shembi hám bayram kúnleri «Shtrayml» atlı telpek (bas kiyim) kiyiwi menen basqa aǵımlardan ajıralıp turadı.

Hasidiyler ómirdiń barlıq tarawlarında ádep-ikramlılıq normalarına qatań boysınıp, «Tawrat» ta belgilengen buyrıqlardı buljıtpay orınlawǵa háreket etedi.



*Hasidiylik aǵımındaǵı yahudiyler «shtrayml» bas kiyimlerinde.*



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE



*Buxara yahudiyleri*
*XX ásir*



*Buxara yahudiyleri*
*XXI ásir*



*Reformashı yahudiyler*

**«Reformashı yahudiylik»** zamanagóy ağımı XIX ásirdiń baslarında Germaniyada júzege kelgen bolsa da AQShta qáliplesti. Usı ağımnıń júzege keliwinde Oraylıq Evropada jasawshı yahudiylerdi ózleri jasap atırğan mámlekettiń mádeniyatına maslasıwğa shaqırıwları ideologiyalıq tiykar bolıp xızmet etken.

«Reformashı yahudiylik»ke tán ózgeshelikleri boyınsha, «yahudiyler endi bir xalıq (millet) emes, bálki bir jámáát, áyyemgi yahudiy sháriyatınan tek ğana zamanagóy turmıs tárzine tán bolğanlar ğana qabıl etiliwi múmkin» delinedi.

Máselen, shembi kúngi ibadatı ekshembi kúnine kóshirilgen, sinagogağa hayallar er adamlar menen qatarlasıp otırıp, ibadat etiwi hám de ruwxanıy sıpatında máresimlerdi basqarıwı da múmkin.

Bunnan tısqarı ibadat waqtında bas kiyim kiyiw minnetlemesi joq. Basqa ağımğa ibadat etiwshi

Búgingi kúnde reformashı yahudiyler sanı Izrailda shama menen 5 — 6 mıń adam bolsa, AQShta jasawshı yahudiylerdiń 40 procentin quraydı.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

*Ózbekistandaǵı sinagoga*





*Quddustaǵı jılaw diywalı*

wákiller menen neke múnásibetlerine jol qoyıladı. Ata-anasınıń qaysı biri yahudiy bolıwına qaramastan, perzentleri de yahudiy dep belgilenedi.

Reformashı yahudiylikke juwap sıpatında **konservativ yahudiylik** júzege kelgen. Konservativ yahudiylikte basqa isenim wákilleri menen shańaraq qurıw qabıl etilmeydi hám tek ǵana yahudiy anadan tuwılǵan bala yahudiy dep esaplanadı.

## BEKKEMLEW USHÍN SORAW HÁM TAPSÍRMALAR

1. Yahudiylikte júzege kelgen aǵımlar arasında qanday ulıwmalıq hám bir-birine qarama-qarsı bolǵan ideyalar bar?
2. Yahudiylik dininiń ózine tán ózgesheliklerin aytıp beriń.
3. Tur tawınıń áyyemgi atların anıqlań. Yahudiy jámáátleriniń dúnya boylap tarqalıw kartasın sızıń.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

# 8-§ BUDDIZMLIK



## AKTIVLESTIRIW USHÍN SORAW HÁM TAPSÍRMALAR

Tariyx páninen alǵan bilimlerińizge tiykarlanıp, tómendegi sorawlarǵa juwap beriń.

1. Buddizmlik dini qashan hám qay jerde payda bolǵan?
2. Búgingi kúnde bul dinge sıyınıwshılar sanın bilesiz be?
3. Buddizmlik dini tarqalǵan mámleketlerdi dúnya kartasınan kórsetiń.
4. Ne ushın bul din dúnya dini delinedi?
5. Biziń úlkemizge buddizmlik dini qashan kirip kelgen?
6. Ullı jipek jolınıń buddizmlik dininiń tarqalıwındaǵı ornın túsindirip beriń.

## BUDDIZMLIK

Buddizmlik b.e.sh. VI — V ásirlerde Arqa Hindstanda júzege kelgen bolsa da, kóp ótpey shıǵısqa qaray keń tarqala basladı. Ráwiyat etiliwinshe, Budda óliminen soń onıń denesi kúydirilip, kúli segiz buddizm jámáátine jiberildi. Onıń kúli jerlengen orınlarda buddizm stupaları (gúmbezleri) qurıldı.

Bul dinniń keń tarqalıwın soǵan uqsas ráwiyatlar menen túsindiredi. Tiykarında bolsa bul dinniń dúnyaǵa keń tarqalıwına insan ómiri menen baylanıslı mashqalalar sheshimine tiykarǵı itibar qaratılǵanlıǵında edi.

Buddizmlik biziń eramızdıń I ásirinde Qıtay, IV ásirde, Koreya, VI ásirde Yaponiya, VII ásirde Tibet, XIII ásirden XVI ásirge shekem Mongoliya, XVII ásirden XVIII ásirge shekem Buryatiya hám Tuva, XIX — XX ásirlerde Amerika hám Evropa materiklerine kirip barǵan.



*Budda háykeli, Qıtay*



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE



*Jer astı hám jer ústi ibadatxanası. II-IV ásirler. Qaratóbe.*

## ORAYLÍQ AZIYAǴA BUDDIZMLIKTIŃ KIRIP KELIWI

Buddizmlik Ózbekistannıń qubla tárepinde áyyemgi hám dáslepki orta ásirler tariyxında tereń iz qaldırǵan din esaplanadı. Elimiz aymaǵında buddizmlik mádeniyatına tiyisli esteliklerdiń ashılǵanı hám úyrenilgeni, joqarı dárejeli kórinistegi kórkem shıǵarmalar hám buyımlardıń tabılǵanı da bunnan derek beriwin siz tariyx sabaqlarında oqıǵansız.

Buddizmliktiń eń belgili áyyemgi estelikleri biziń eramızdıń III — I ásirlerine tiyisli. VII ásirdiń baslarında Termizde 10 buddizmlik monastırı (sangarama) hám mıń ruwxanıy (diniy xızmetker) bolǵan. Oraylıq Aziyada V — VIII ásirlerde buddizmlik ornın islam dini iyeley basladı.

1927-jılı áyyemgi Termizde grek buddalıǵınıń estelikleriniń bar ekenligi anıqlandı. Termiz arxeologiyalıq kompleks ekspediciyasınıń (TAKE) jumısları nátiyjesinde Qaratóbe, hám Chingiz tóbe biyiklikle-



*Shri-Lankanıń áyyemgi paytaxtı Anuradxapuradaǵı stupa*



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

rinde eki iri buddalıq monastrı bolǵanlıǵı anıqlandı hám grek-buddalıq arxitekturası hám háykelleriniń bólekleri tabılǵan onlaǵan orınlar belgilengen.

**Ayrıtam.** Ayrıtam Termizden 7 km aralıqta, Ámiwdáryanıń áyyemgi ótkeli janında, tik qırǵaqtıń ońtárepinde jaylasqan.

Góne qalanıń shıǵıs tárepinede buddizmlik stupasına uqsas minara túrindegi qam gerbishten qurılǵan imarat taslandıları jaylasqan.

1933-jıl arxeolog Mixail Evgenyevich Masson tárepinen qam gerbishten qurılǵan imarat qaldıqları, onıń ishinde bolsa háykel, tas karnizler, arxitekturalıq buyımlar, tastan jasalǵan muqáddes estelikler, muzıkashılar hám oyshıllar, qayır-saqawat keltiriwshilerdiń súlderleri túsirilgen háykellerdiń naǵıslı tas plitaları tabılǵan.

**Qaratóbe.** Tóbelik buddizmlik ruwxanıylardıń eń úlken orayı esaplanǵan hám ol Kushan imperiyası dáwirindegi Termizdiń sırtqı diywalınıń qorǵanı astında, qala shetinde jaylasqan.



*Ámiwdáryadan tabılǵan altın háykelshe*



*Ayrıtam tabılması*

## MAǴLÍWMAT USHÍN

*Buddanıń ómiri menen baylanıslı kóplegen waqıyalarǵa ápsanalıq tús berilgen. Tiykarınan, ráwiyatlardan birinde keltiriliwinshe, Budda 84 márte ruwxanıy, 58 márte patsha, 24 márte monax (din xızmetkeri), 13 márte sawdager, 18 márte maymıl, 12 márte tawıq, 8 márte ǵaz, 6 márte pil, sonday aq balıq, qurbaqa, tıshqan, qoyan túrinde, 550 márte qayta tirilgen. Sońǵı márte qudaylar onı insaniyattı tuwrı jolǵa baslaw ushın insan túrinde jaratqan.*



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE


*Budda. Qaratóbe, b.e.sh. III-ásir*

1961-jılı izertlew ekspediciyası nátiyjesinde Qara tóbe imaratlarınıń úsh qabatı tabılǵan. Tiykarǵı komplekstiń úsh bólimi batıstan shıǵısqa qaray derlik tuwrı tartılǵan. Arnawlı háwlide Budda qábiriniń tımsalı bolǵan «Stupa» ornatılǵan.

**Fayaztóbe.** Qaratóbe shıǵısınan seksen metr uzaqlıqta Fayaztóbe ibadatxana-monastr kompleksi anıqlandı. Fayaztóbe ibadatxanası tuwrı tórt múyeshten ibarat dúziliske iye.

Imarat úsh teń bólimlerge bólingen bolıp, olardıń hárbirinde ishki háwli bolǵan. Bir bólimi tiykarınan jasaw xanasın óz ishine alǵan monastr bolǵan.

Onda din xızmetkerleri jasaǵan. Onnan tısqarı awqatlanatuǵın xana, asxana, nan jabatuǵın xana usaǵan qosımsha xanalar bolǵan. Úshinshisi, ibatxanaǵa usaǵan oraylıq xana. Diywalları qam gerbish hám paxsadan qurılǵan bolıp, sabanlı ılay menen sıbalǵan hám háklengen.


*Budda. Dalvarzintóbe, b.e.sh. III-ásir*

**Dalvarzintóbe.** Surxandárya wálayatı, Shorshı rayonında jaylasqan. Buddizmge tiyisli bul estelik 1962-jılı anıqlanǵan.

Usı áyyemgi qaladan tısqarıda da jáne bir buddizmlik ibadatxanası, vino tayarlaw qurılmaları hám de jerlew ornı tabılǵan.

Bul qalashadan Oraylıq Aziya aymaqlarında birinshi márte ılaydan jasalǵan jaqsı saqlanǵan Budda hám basqa kóplegen háykelsheler, bezewler, diniy máresim buyımları hám teńgeler tabılǵan.

## DÓRETIWSHILIK JUMÍS

1. Buddizmniń Oraylıq Aziyaǵa jayılıwı qaysı dáwirlerden baslanǵanın esleń.
2. Bul dáwirde Oraylıq Aziyadaǵı xalıqlar qaysı dinlerge sıyınǵan?
3. Qosımsha ádebiyatlardan elimiz aymaǵında buddizm tarqalǵan aymaqlardaǵı jergilikli turmıs haqqında maǵlıwmat toplań.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Ibadatxanadaǵı Buddanıń tik turǵan háykeli júdá jaqsı saqlanǵan: onıń ayaqları bekkem gerbishtiń tiykarında tur, kiyimleriniń búrmeleri anıq, bulardıń barlıǵı ashıq qızıl reńge boyalǵan. Budda shashlarınıń túbi tiykarınan qara, tóbesi qızıl reńde. Tap usı reńde qas hám kóziniń qarashıqları sızılǵan.

**Quva.** 1957-jılı Ferǵana alabındaǵı Quva qalası taslandılarında arxitektura hám músinshiliktiń ájayıp úlgisi bolǵan buddizm ibadatxanası qaldıqları tabılǵan. Usı materiallar Ferǵana wálayatında VII ásirde buddizm dini keń tarqalǵanlıǵın tastıyıqlaydı.

Bul dáwirde Oraylıq Aziyanıń basqa aymaqlarında zardushtiylik dini, tiykarınan onıń jergilikli dini dástúrlerin ózine sińdirgen forması húkimdar bolǵan. Búgingi kúnde elimizde buddizmniń lamaizm baǵdarı tarqalǵan.



*Shax Xivishka dáwirine tán teńge.*

*Bodxisatva, Fayaztóbe, b. e.sh. I — II ásirler*



## BEKKEMLEW USHÍN SORAW HÁM TAPSÍRMALAR

1. Biziń eramızdıń I — III ásirlerinde Ózbekistannıń qublasında qaysı mámleket bar bolǵan?
2. Bul dáwirde qaysı patsha húkimdarlıq etken?
3. Ne ushın buddizm mámleket dinine aylanǵan?
4. Berilgen súwretler tiykarında sol dáwirde mámlekettiń buddizm dinine bolǵan múnásibetin túsindiriwge háreket etiń.
5. A.Ziyonıń «Ózbek mámleketshiliginiń qáliplesiwi» kitabınan Kushan imperiyası hám buddizm dini haqqındaǵı maǵlıwmatlardı tabıń.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

# 9-§ BUDDIZMLIK TÁLIYMAT

## AKTIVLESTIRIW USHÍN SORAW HÁM TAPSÍRMALAR

1. Qanday da bir dinniń dúnya dinine aylanıwına neler sebep bolıwı múmkin?
2. Buddizmlik táliymatı ne sebepten dúnya boylap keń tarqalǵan?
3. Siz tamasha etken kórkem filmler arasında budda dini xızmetkerleri haqqındaǵıları bar ma? Din xızmetkeriniń ádep-ikramlılıq normalarına baǵınıwı haqqında pikir júrgiziń.

Hárbir millettiń Budda táliymatın óz tilinde oqıp-úyreniw múmkinshiligi buddizmniń túrli aymaqlarǵa tarqalıwına tiykar jaratqan. Biziń eramızdın birinshi ásirinde buddizm pútkilley basqasha kórinis aladı. Budda iláhiylestirilip, quday dárejesine kóteriledi hám oǵan sıyına baslanadı.



*Bodxisatva, Dalvarzintóbe III ásir.*

## BUDDIZMLIKTE MUQADDES TEKSTLER

Buddizmliktiń muqáddes deregi «Tripitaka» (sanskritshe «Úsh sebet danalıq») úsh úlken bólimnen ibarat. Birinshi bólim — «Vinaya-pitaka» (sanskritshe — «Ádep-ikramlılıq normaları kitabı») buddizmliler jámááti «sangxa» quramına kiriw tártibi, monax (diniy xızmetker) lardıń minez-qulqı hám de diniy kórsetpelerge boysınıw nızam-qaǵıydaları hám oǵan ámel etpegen jaǵdaylarda beriletuǵın jazalar sıpatlamasın óz ishine aladı.

Ekinshi bólim — «Sutta-pitaka» (sanskritshe — «Duwalar kitabı») kólemi jaǵınan eń úlkeni esaplanadı. Onda tiykarınan «tórt tiykarǵı haqıyqat» haqqında sóz etiledi. Budda táliymatı shákirtleri ti-



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

linen tımsal, sáwbet, násiyat, ápsana, hikmetli sóz, dástanlar formasında bayan etilgen. Sonday-aq, usı bólimde Budda jámááti («sangxa») niń dúzilisi hám onıń shákirtlerine tiyisli maǵlıwmatlar da keltiriledi.

Úshinshi bólim — «Abxidxarma-pitaka» (sanskritshe — «Diniy-filosofiyalıq máseleler kitabı») da diniy táliymattıń tiykarǵı qaǵıydaları sáwlelenip, buddizm ámeliyatınıń filosofiyalıq mazmun-mánisi ashıp berilgen. Tekst jazılıw uslubı hám tili quramalılıǵı ushın buddizm monax (diniy xızmetker) ları olardı tek ǵana ustazlarınan tálim alıw jolı menen ózlestirgen.

«Tripitaka» tekstlerine waqıt ótiwi menen ózgerisler, dúzetiw hám qosımshalar kirgizilgen. Bunday ózgerisler buddizmde ózine tán jónelisler payda bolıwına tiykar jaratqan.

«Tripitaka» nıń dáslepki teksti sanskrit tilinde jazılǵan bolsa da, waqıt ótip tiykarǵı tekstler joǵalıp ketkeni ushın tek ǵana tibet, qıtay hám yapon tillerine awdarılǵan úlgileri saqlanıp qalǵan. Mazmunı jaǵınan «veda» (sanskritshe — muqáddes bilim) hám brahmanlı filosofiyalıq kózqaraslarǵa qatnası joq buddizm derekleri, óziniń ulıwma xalıqlıq uslubtaǵı talqılanıwı menen ápiwayı xalıqqa túsinikli bolǵan. Mısalı, «mahayana» mine usı ózgeshelikleri sebepli buddizmdi Qubla hám Qubla-Shıǵıs Aziyaǵa jayılıwın támiyinley alǵan. Biziń eramızdıń birinshi ásirinen baslap buddizm Qıtay, Koreya, Yaponiya, Shri-Lanka, Birma, Tailand, Vetnam, Kambodja, Laos shegaralarına shekem jetip barǵan.

*Budda bilim arqalı azap-aqıretlerden qutılıw múmkin ekenligin uqtırǵan. Buddizm danıshpanlar pikirinshe, hárbir insan júdá kóp sawaplı hám jaqsı isler islewi arqalı Buddaǵa aylanıwı múmkin.*



*Buddizmlik dininiń nıshanı «Dharmachakra». Ol «Nızam degershigi» dep te ataladı.*



«Nirvana» sanskritshe — «solıw», «óshiw»,
«rupaloka» sanskritshe — jánnet,
«kamaloka» sanskritshe — «dozaq», «eń tómen álem».
«Tripitaka» sanskritshe — «Úsh sebet danalıq».



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

## DÓRETIWSHILIK JUMÍS

Berilgen tekstti oqıń hám buddizmlik táliymatınıń tiykarı haqqında pikir bildiriń.

*Budda pikirinshe, insan «Pancha shila» (sanskritshe — bes násiyat)ǵa ámel etiw, adam óltirmew, urlıq, jolınan adaspaw, ótirik sóylemew, más etiwshi nárselerden saqlanıw kerek.*

*Bodxisatva — nirvanaǵa erisken, biraq janlı janzatlarǵa muhabbatı sebepli onnan waz keshken insan.*

Buddanıń 84 mıń násiyatı 108 tomnan ibarat «Kangyur» da, onıń túsinik hám mánisi 225 tomnan ibarat «Tengyur» de sáwlelengen. Sonday-aq, Buddizmniń ómirine baǵıshlanǵan hám biziń eramızdıń II ásirinde jazılǵan «Maxavosu», biziń eramızdıń II — III ásirlerinde jazılǵan «Lalitavistara («Buddanıń ómiri»)», buddizm filosofı Ashvagxosha tárepinen biziń eramızdıń I — II ásirlerinde jaratılǵan «Buddxacharita», biziń eramızdıń I ásirinde jazılǵan «Abnixishkramansutra» hám «Nidanakatxa», «Dhammapada» («Dharma jolı», «Buddanıń pikir-ideyaları») sıyaqlı shıǵarmalar buddizmniń áhmiyetli dereklerinen esaplanadı.

### BUDDIZMLIK BAǴDARLARÍ

Buddanıń óliminen soń shákirtleri arasında ajıralıw júz berdi.

**«Xinayana»** (sanskritshe — kishi degershik) jónelisi dástúriy kózqaraslarǵa boysınıwı menen birge

*Ráwiyatlarda aytılıwınsha, Budda óliminen soń onıń denesi otta kúydirilgen. Buddanıń shákirtlerinen biri usı orınnan Buddanıń tisin tawıp alǵan hám bul tis ibadatxanada saqlanǵan. «Buddanıń tisi», ibadatxananıń jer astında, gúmisten jasalǵan qońıraw ishinde altın ıdıslarda saqlanadı.*



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Budda táliymatına qatań logikalıq izbe-izlik beriwge umtıldı. Buddizmliktiń dáslepki baǵdarlarınan biri, azatlıqqa erisiwdiń tar jolı bolǵan xinayana b.e.sh. I ásirde qáliplesken bolıp, onıń tiykarǵı qaǵıydaları «Tiripitaka» da bayan etilgen.

«Xinayana» da «Budda tisine sıyınıw», muqáddes orınlardı ziyaratlaw usaǵan dábdebeli máresimler payda bolǵan. Buddizmliktiń muqáddes ornı Shiri Lanka bolıp, bul jerge túrli mámleketlerden buddizmlikke ibadat etiwshiler keledi. Shiri Lankanıń dáslepki paytaxtı bolǵan Kandi qalasında dúnyada belgili «Buddanıń tisi» ibadatxanası jaylasqan.

«**Mahayana**» (sanskritshe — úlken degershik) baǵdarı Budda táliymatınıń barlıq tárepleri reformaladı. Buddaǵa iláhiylik túsin berip, diniy máresim hám ibadatlardı engizdi. Usı baǵdardıń jergilikli qádiriyatlar hám basqa dinler menen aralasıwı «lamaizm», «oyanıw», «dzen (chan) buddizm», «tyantay», «dxiana» usaǵan baǵdarlardiń júzege keliwine tiykar jarattı. Qudaylarǵa jetiw jolları hámme ushın

*«Ózińe zıyan jetpesin deseń, ózgelerge azar berme, ózgelerge azar berseń, óziń de azar shegeseń. Ashkózlik, sıqmarlıq barlıq baxıtsızlıqtıń xabarshısı».*

***Budda***



*Tashkenttegi Budda ibadatxanası*



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE



*Budda ruwxanıyler menen. Fayaztóbe. Biziń eramızdıń I — II ásirler.*

múmkin bolǵanlıqtan mahayana baǵdarı «úlken degershik» atın alǵan.

**Dzen buddizm** V — VI ásirlerde Qıtayda payda bolǵan mahayana baǵdarındaǵı mekteplerden biri. Onıń tiykarın salıwshı ápsanaǵa aylanǵan monax (diniy xızmetker) Bodxudxarma esaplanadı. «Dzen» (latınsha — mediataciya, pikirdi jámlew, dıqqat penen baqlaw) buddizmniń tiykarǵı ózgesheligi sonda, onda diniy úgit hám nızam-qaǵıydalardı yadlaw ornına erkin pikirlewge ayrıqsha itibar berilgen.

Dzen buddistler fizikalıq miynet etiw, kórkem óner túri menen shuǵıllanıwǵa úlken áhmiyet beredi. Dzen buddizmde sırqı dúnyadan úzilip, máńgi táshwishlerden shetleniw hám pikirin bir orınǵa jámlewge ayrıqsha itibar berilgen.

Házirgi waqıttı dúnyada dzen buddistler 10 millionnan artıq, olardıń 85 procenti Yaponiyada jasaydı. Házirde Yaponiyada dzen ibadatxanaları diniy, siyasiy hám mádeniy orayǵa aylanıp, jaslardıń turmıs tárzi, iskerligine úlken tásir kórsetpekte. Ásirese, dzen óneri qıtay hám yapon mádeniyatı dástúrleninen birine aylanǵan.

**Lamaizm** (tibetshe — eń ullı) VII — XIV ásirlerde Tibette mahayana baǵdarı tásirinde júzege kelgen. Muqáddes kitaplar «Kangyur» hám «Tengyur» de bayan etilgen barlıq nızam-qaǵıyda hám talaplar lamaizm iseniminiń tiykarın quraydı. Lamaizm táliymatı boyınsha insan tek ǵana lamalar járdeminde kúshke iye boladı, gúnálarınan páklenedi, lamalar járdemisiz ápiwayı adamlar jánnetke túse almaydı.

Buddanıń Jer júzine jáne qaytıwı hám dúnyada ádillik ornatıwına isenim lamaizm táliymatında áhmiyetli orın iyeleydi.

Qudaylardıń jerdegi wákili esaplanǵan lamalarǵa hám dúnyalıq hákimiyatqa sózsiz boysınıw, ibadat hám úrp-ádetlerdi dábdebeli ótkeriw, muqáddes ki-

*Qáte hám kemshiliklerińdi kórsetip, saǵan urısqan danıshpannıń eteginen bekkem tut. Ol ǵáziynege baǵdarlap atırǵan jol basshıǵa uqsaydı hám sen hesh qashan kem bolmaysań.*

***Budda***



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

taplar mazmunın teatrlastırılǵan tamashalarda sáwlelendiriw lamaizmge tán ózgeshelik esaplanadı. Adam óltiriw, urlıq, ótirik kórsetpe beriw, jala, ǵıybat, ótirik sóylew, ashkózlik, kek saqlaw, zina etiw lamaizmde de awır gúná sanaladı.

«Lamaizm» tibetlilerdiń tiykarǵı dini esaplanadı. Tibette 3000 nan artıq buddizm ibadatxanaları bar. Sonday-aq, Lamaizm Rossiyanıń Buryatiya, Tuva, Altay usaǵan aymaqlarında da keń tarqalǵan.

**Neobuddizm** XX ásirdiń 40 — 50-jıllarınan baslap keń tarqala baslaǵan aǵım bolıp, Birma, Tayland, Laos, Vetnam jergilikli zıyalılardıń azatlıq hám milliy oyanıw háreketi menen baylanıslı. Onıń tiykarında jańa zaman talabına juwap bere alatuǵın dóretiwshilik ideyalardı úgit-násiyatlaw usaǵan máseleler jatadı. Aqıl-sananıń áhmiyetsizligi, dinniń qutqarıwshılıǵı atap ótilip, buddizmlik ideyaların túsindiriwde biliw teoriyası usıllarınan paydalanıladı. Milliy azatlıq gúresinde belsene qatnasqan neobuddizm aǵımı diniy-reformashılıq háreketi kúsheyiwine úlken tásir kórsetken.



*Dalay-lama*

*Lamaizmniń eń joqarı diniy basshısı Dalay lama (tibetshe — «teńizdey ullı lama» tuwılǵan janzatlardıń eń ullısı, bodhisattvanıń Jerdegi qudayı esaplanadı.*

## BEKKEMLEW USHÍN SORAW HÁM TAPSÍRMALAR

1. Buddizmlik táliymatındaǵı álemniń úsh basqıshı nelerde óz kórinisin tabadı?
2. Buddizmlik táliymatındaǵı aǵımlardıń ulıwmalıq hám ózine tán tárepleri nelerden ibarat ekenligin aytıń.
3. *«Insan ózine tán janzat bolıp tuwıladı, ózin-ózi óltiredi yaki qutqaradı».* Bul teksttegi «ózin-ózi óltiredi» degen túsinikke ómirden mısallar keltiriń.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

# 10-§ XRISTIANLÍQ

## AKTIVLESTIRIW USHÍN SORAW HÁM TAPSÍRMALAR

1. Xiristianlıq dini haqqında nelerdi bilesiz?
2. Xalqımızǵa tán bolǵan diniy keńpeyillik qádiriyatı degende neni túsinesiz? Pikirińizdi mısallar menen túsindiriń.
3. Usı tekstti oqıń hám «etnik sabır-taqat», «keńpeyillik» túsinikleri xalqımız turmısında qanday orın iyelegenligin túsindirip beriwge háreket etiń.

*«Etnik sabır-taqat, keńpeyillik, ómir boranlarınan aman qalıw hám rawajlanıw ushın zárúr tábiyiy normalarǵa aylandı» (Islam Karimov).*



*Iso Masih*

Urlıq isleme, óz qollarıń menen paydalı miynet isle hám mómínlerge járdem ber.

***Bibliya***

## JÚZEGE KELIWI

Biziń eramızdıń I ásirinde Palestinde júzege kelgen xristianlıq dini sıyınıwshılar sanı boyınsha dúnyada birinshi orında turıp, jer júzi xalqınıń derlik 2 milliardtan artıǵı bul dinge sıyınadı. Sonıń ushın da, xristianlıq dúnya dini sıpatında tán alınadı.

Xristianlıq táliymatınıń payda bolıwı Isa Masih atı menen baylanıslı. Isa atına baylanıslı pánde mifologiyalıq hám tariyxıy pikirler bar.

Mifologiyalıq qatnas tárepdarları Isa Masihtıń tariyxıy shaxs ekenligi haqqında pán isenimli maǵlıwmatlarǵa iye emes, dep esaplaydı. Olar xristianlıqtıń Palestinnen shette júzege kelgenligin atap ótedi. Sonday-aq, Isa Masix haqqındaǵı ráwiyatlar shıǵısta tarqalǵan ápsanalardaǵı qudaylardıń ólip, tiriliwine uqsaydı. Injilde kelispewshilikler hám hár túrli talqılawlar bar ekenligi bunıń dálili dep keltiredi.

Tariyx penen shuǵıllanıwshı wákiller bolsa Isa Masihtı xristianlıq táliymatı tiykarların qáliplestirgen,



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

jańa dindi taratqan tariyxıy shaxs, dep esaplaydı. Olar bul haqqında maǵlıwmat beriwshi bir qatar tariyxıy dereklerge súyenedi. Mısalı, usınday dereklerdiń birinde Iosf Flaviy «Áyyemgiler» miynetiniń Rim prokuratorı Pontiy Pilatqa arnalǵan babında Isa jańa diniy isenimdi en jaydırǵanı hám oǵan kópshilik yahudiyler hám grekler ergenligi atap ótilgen. Isanıń saparları dawamında kóplegen adamlar oǵan shákirt bolǵan. Olardı «elshiler» (grekshe «apostol» — «járdemshi») dep ataǵan.

Xristianlıq táliymatı boyınsha, Isanıń shaqırıǵı kópshilik húkimdarlar, qáwim sárdarları hám yahudiy ruwxanıyları tárepinen qısqıǵa ushıraǵan. Shákirtlerinen biri Iuda Iskariot satqınlıǵı aqıbetinde Isa Masih 33 jasında alawızlıqta ayıplanadı. Xristianlıq dereklerine qaraǵanda, ruwxanıylar talabı boyınsha

*Isa Masih haqqındaǵı maǵlıwmatlar, tiykarınan, diniy dereklerde ushırasadı. Isa atına qosılıwshı Masih sózi áyyemgi yahudiy tili — ivritdegi «mashiax» sózinen alınǵan bolıp, «sıypalǵan» yaki «sıylanǵan» mánilerin beredi.*



*Isa Masih hám onıń 12 járdemshi shákirtleri*



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Golgofa tóbeliginde xalıqtıń kóz aldında kres ağashqa shegelenedi. Onıń táliymatı elshiler tárepinen dawam ettiriledi hám kópshilik adamlar xristian dinin qabıl etedi. Húkimdar qatlamlar óziniń hákimiyatın bekkemlew maqsetinde xristianlıq dinin qabıl etedi.

## ORAYLÍQ AZIYADA DÁSLEPKI XRISTIANLAR

Xristianlıq Oraylıq Aziyağa, tiykarınan, Ózbekistan aymağına eki jol menen kirip barğan. Birinshiden, xristian missionerleriniń úgit-násiyat háreketi bolsa, ekinshiden regionnıń Rossiya tárepinen basıp alınıwı hám xristian dinine sıyınıwshı xalıqtıń kóplep kóship keliwi sebep bolğan.



*Marı*

III — V ásirlerde xristianlıq kóshpeli turkiy qáwimler arasında da belgili bolğan. Olardı bul dinge episkop Iliya shaqırğan bolıp, ol «túrkiyler apostolı» atına iye bolğan.

Xristianlıqtıń Iran, keyinirek Oraylıq Aziyada tarqalıwı bul din wákilleriniń dáslep Vizantiya keyin



### DÓRETIWSHILIK JUMÍS

Tekstti oqıń hám orta ásirlerde diniy keńpeyillik túsinigi haqqında pikir bildiriń.

*Xristianlar musılman mámleketlerinde táwiplik penen shuğıllanıp, joqarı lawazımlarda da islegen. Belgili xristian táwip Ali ibn Salh Rabbaiy 808-jılı tuwılğan bolıp, ákesi Marı hákiminiń sekretarı edi. Rabbai filosof hám matematik te bolıp, Platonnıń «Almagest» miynetin greksheden awdarma islegen. Sonnan soń oğan «Rabbaiy» — oqıtıwshı degen dáreje berilgen.*

**Arab geografi al-Kindiy**



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

bolsa Sosoniy húkimdarları tárepinen qısqıǵa alınıwı menen baylanıslı.

Marıda IV ásir baslarında episkoplıq, V ásir basında bolsa mitropoliya shólkemlestiriledi. Túrli ibadatxana hám monastrler mitropoliyanıń jaqın hám uzaq aymaqlarında óz jumısın heshqanday qarsılıqlarsız dawam ettiredi.



*Rossiya, 1930-jıllar*

**Mitropoliyalar.** Áyyemgi Soǵdianada xristianlıq wákilleri ózleriniń dinlerine qarsılıqlarsız sıyınǵan hám diniy máresimlerdi emin-erkin ámelge asırǵan. Bul bolsa usı aymaqlarda jergilikli diniy isenim erkinligine sharayat jaratılǵanın kórsetedi. Mısalı, bul dáwirde Úrgitte xristianlar shirkewi, zardushtiyler hám buddizmliler ibadatxanaları jumıs islegen.

VIII ásirde Mawarawnnaxr arab xalifalıǵı quramında bolǵan dáwirde musılman jámiyetinde xristianlar basqa din wákillerine qaraǵanda kóbirek jeńilliklerge iye bolıp, joqarı lawazımlarda xızmet etken.

X ásirdiń ortalarına kelip, Orta Aziyada islam dini keń tarqalǵan bolsa da, Úrgittegi xristianlıq shirkewi sol dárejede rawajlanıp ketti, hátte arab geografı Abu Muhammad Qasım ibn Havqal, onı jerge iyelik etiwshi hám túrli jeke múlkshilik formalarına iye úlken monastr sıpatında táriyipleydi.

Ámir Temur mámleketinde de diniy keńpeyillik ortalıǵı saqlanıp qalǵan. Kastiliya elshisiniń gúwalıq beriwinshe, Samarqandta túrli din wákilleri jasaǵan.



XX ásirdiń ekinshi yarımında Samarqandttıń Registan maydanında alıp barılǵan arxeologiyalıq izertlewler nátiyjesinde xristian dástúrleri tiykarında jerlengen birneshe qábir tabıldı. Pastarǵamda arxeologlar aǵashtan jasalǵan tabıtta kiyimleri hám altın atanaq penen jerlengen peyitti tapqan.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Jizzax wálayatında Vinkerd aymaǵındaǵı úńgir diywallarınan xristianlıq tariyxına tiyisli Isa Masihtıń náresteligi sáwlelengen súwretler tabılǵan.

XIX ásirde xristianlardıń Túrkstannıń shıǵıs aymaqlarına kirip keliwi patsha Rossiyası tárepinen úlkeniń basıp alınıwı menen baylanıslı. Áskeriy armiya quramında ruwxanıylar da bolǵan. Áskerlerdiń diniy talabın qanaatlandırıw maqsetinde kóshpeli ibadatxanalar shólkemlestirilgen. 1850-jılı Kopalda birinshi iri ibadatxana qurıldı. Imperatordıń 1871-jılı Tashkent hám Túrkstan eparxiyasın shólkemlestiriw haqqındaǵı pármanı daǵazalanǵan. Dáslepki shirkewlerdiń kópshiligi ápiwayı bolǵan hám qońırawları da bolmaǵan. Xristianlardıń kóbeyiwi XIX ásir aqırlarınan baslap birneshe sol dáwirdegi zamanagóy shirkewlerden qalıspaytuǵın shirkewlerdiń qurılıwına alıp keldi.



*1917-jıldan keyin shirkew mal-múlik-leriniń bólistirip jiberiliwi.*

Oraylıq Aziyaǵa katolik hám protestant baǵdarı wákilleriniń kirip keliwine birinshi jáhán urısında tutqınǵa alınǵan nemis, polyak, eston, shved, litva, latısh hám basqa evropalı áskerlerdiń Túrkstan úlkesine súrgin etiliwine sebep boldı. Bul óz náwbetinde, evropalı tutqınlar arasında diniy jámáátler dúziw hám shirkewlerdiń payda bolıwına alıp keldi.

## TARIYXQA NÁZER

SSSRda 1920 — 1930-jılları derlik bárshe kotolik ibadatxanaları jabıldı. 1930-jılı Lyuteran protestant shirkewiniń jumısları toqtatıldı. Xristian shirkewine tiyisli qádiriyatlar ayaq astı etildi.

1917-jıldıń 27-oktyabrinde II Pútkil Rossiya siezdinde jer haqqında dekret qabıl etiledi hám shirkewge tiyisli jerler tartıp alındı.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Tashkentte birinshi katolik shirkewi 1917-jılı qurıp pitkerilgen.

Sovet húkimetiniń din hám dindarlarǵa bolǵan ayawsız múnásibetleri basqa din wákillerin de shetlep ótpedi. 1920-jılı birinshi bolıp Rus pravoslav shirkewine qarsı urıs baslandı. Mıńlaǵan pravoslav ruwxanıyları atıldı, qamaqqa alındı hám súrgin etildi. Diniy xızmetkerler hám ruwxanıylar qattı qısqıǵa ushıradı. Kóplegen ibadatxanalar joq etildi yaki jabıldı. Úlken kólemli diniy belgiler hám shirkew kitapları jandırıldı.

1920 — 1930-jılları derlik barlıq katolik ibadatxanaları jabıldı. 1930-jılı SSSRda Lyuteran protestant shirkewi jumısları toqtatıldı. Xristian shirkewine tiyisli qádiriyatlar ayaq astı etildi. 1931-jılı XV ásirge tiyisli Guttenberg Bibliyası Sovet húkimeti tárepinen londonli aukcionshıǵa satıp jiberildi. Usı Bibliya Iogan Guttenberg tárepinen 1450-jılı 180 nusqada basılǵan bolıp, onnan tek ǵana 47 nusqası saqlanıp qalǵan edi.



*Ibadatxanalardıń buzılıwı*



*Moskva, Iso Masih ibadatxanasınıń partlawı, 1931-jıl.*



*Iogann Gutenberg*



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE



*XX asirdiń ortaları*



*XX ásirdiń aqırı*



*XX ásirdiń basları*



*XX ásirdiń aqırı*

Ekinshi Jáhán urısındaǵı jaǵdaydı itibarǵa alıp, sovet húkimeti 1943-jılı Ishki isler ministrligi qasında Rus pravoslav shirkewi isleri wákilligi, 1944-jılı barlıq dinler ushın juwapker Din isleri boyınsha wákillik shólkemlestirildi. Rossiya aymaǵındaǵı shirkew hám ibadatxanalar Sinod (pravoslav shirkewiniń basqarıw organı) ǵa qaytarıldı. Biraq bul másele uzaqqa sozılmadı — urıs tamamlanıwı menen sovet húkimetiniń dindarlarǵa zulımlıǵı jáne de kúsheydi. Dindarlardı repressiya etiw hám dinge qarsı úgit-násiyat qayta tiklendi. Qaytarıp alınǵan aymaqlardaǵı dindarlar hám ruwxanıylar repressiya etile basladı. «Din záhár» degen ideya jáne qayta tiklendi.

Gárezsizlik sharapatı menen Ózbekistanda túrli dinlerge tán qádiriyatlardı asırap-abaylawǵa, hárbir puqaraǵa óziniń qálegen dinine sıyınıw ushın zárúr sharayatlar jaratılıp berildi. Atap aytqanda, 1995-jıldıń oktyabr ayında Tashkent qalasında «Bir aspan astında» shaqırıǵı menen xalıq aralıq musılman-xristian konferenciyası ótkerildi.

## BEKKEMLEW USHÍN SORAW HÁM TAPSÍRMALAR

1. Berilgen tekstti oqıń diniy keńpeyillik túsinigi haqqında pikirińizdi bildiriń.
2. Berilgen súwretlerge túsinik beriń. 1 menen 2, 3 penen 4-súwretlerdiń arasında qanday ulıwmalıq bar?
3. 2- hám 4-súwretlerdi Ózbekistan Respublikası Konstituciyasınıń 4-, 31-, 49-statyaları menen baylanıstırıp túsindiriń.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

# 11—12-§ XRISTIANLÍQ TÁLIYMATÍ



## AKTIVLESTIRIW USHÍN SORAW HÁM TAPSÍRMALAR

1. Xristianlıq dininiń dúnya boylap tarqalıw kartasın sızıń.
2. Xristianlıq dáslep qaysı aymaqlarda tarqalǵan?
3. Onıń dúnya júzi dinine aylanıwındaǵı tariyxıy shárt-sharayatlardı anıqlań.
4. Xristianlıqta dáslepki bóliniw qashan júz bergen, onıń tariyxıy, sebepleri nede edi?

## MUQADDES DEREKLERI HÁM MÁRESIMLERI



*«Bibliya»*

Xristianlıqtıń muqáddes deregi «Áyyemgi kelisim» hám «Jańa kelisim» dep atalıwshı eki bólimnen quralǵan «Bibliya» (grekshe — kitaplar) atlı derek esaplanadı.

«Áyyemgi Kelisim» «Tawrat», «Zabur» hám basqa birneshe kitap hám gimnlerdi óz ishine alıp, ulıwma esapta 39 kitap, yaǵnıy bólimlerden ibarat.

«Bibliya» da aytılıwınsha, Isa Masih óz shaqırıqlarında xalıqtı jaqınlasıp kiyatırǵan aqırzamannan xabarlandiriw ushın Quday tárepinen jiberilgenligin atap ótedi. Gúnálardan tıyılıp, táwbe etiw hám tuwrı jolǵa kiriwge shaqıradı.

Biziń eramızdıń IV ásirinen baslap xristianlıq shirkewi joqarı qatlam ruwxanıyların waqtı-waqtı menen Pútkil Jáhán Keńeslerine jıynap turatuǵın



Biziń eramızdıń 313-jılı imperator Konstantin episkoplarǵa Isanıń úgitlerin toplaw hám kitap halına keltiriwdi buyırdı. Kitap halındaǵı xristianlıq tariyxı sáwlelengen Jańa kelisim Konstantin óliminen keyin Karfagen jıyınında tastıyıqlandı.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE



*Dáslepki Pútkil Jáhán keńesi 325-jıl Nikeya qalasında ótkerilip, onda sıyınıw tımsalı dep atağan xristianlıq táliymatı tiykarın qurawshı bas isenimler jıyındısı qabıl etilgen. Muqáddes kitap Muqáddes rawiyatlar (Papalar xatları hám xristian keńesleriniń qararları) menen toltırılğan.*

*Batıs Rimniń qulawı*



edi. Bunday jıynalıslarda diniy táliymat sisteması islep shığarıldı hám tastıyıqlandı. Xristianlıqtağı nızamshılıq normaları hám ibadatlardı alıp barıw qağıydaları qáliplesti, shariyatta joq ámellerge qarsı góresiw usılları belgilendi.

Xristianlıq táliymatı boyınsha bir qatar máresimlerde Muqáddes Ruwx qatnasadı hám usı sebepli olar sırlı dep ataladı. Bunday máresimlerge shoqıntırıw (xristianlıq dinine kirgiziw), evxaristiya (nan hám vino iship, jew), ruwxanıylıq dárejesin beriw, táwbe etiw, miro súrtiw, eley mayın súrtiw, neke kiredi.

## TARIYXQA NÁZER

Batıs Rim imperiyası qulağannan soń (476-jılı) Rimdegi dúnyalıq hákimiyat shirkewdiń qolına ótedi. Tap usı waqıttan baslap Rim episkopı Rim papası dárejesin aldı.

Imperiyanıń shığıs bólimi — Vizantiyada bolsa kúshli imperator hákimiyatınıń saqlanıp qalğanlığı sebepli shirkew imperatorğa boysındırıldı. Nátiyjede Rim shirkewi Konstantinopol shirkewin ózine boysındıra almadı. Xristian shirkewiniń katolik hám Pravoslav shirkewlerine ajıralıp ketiwi Rim papası hám Konstantinopol patriarxtıń xristian ağımında jetekshilik ushın alıp barğan qarsılığı nátiyjesinde júz berdi.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

## XRISTIANLÍQ BAĠDARLARÍ

1054-jılı xristianlıq dini átirapında dáslepki iri bóliniw júz berip, nátiyjede **pravoslav** (Shıǵıs xristianlıq) hám **katolik** (Batıs xristianlıq) shirkewleri júzege keldi.

**Pravoslavlıq** tariyxtan xristianlıqtıń shıǵıs baǵdarı sıpatında qáliplesti. Tiykarınan Shıǵıs Evropa, Jaqın Shıǵıs hám Balkan yarım atawında jaylasqan mámleketlerde tarqalǵan.

Pravoslavlıq táliymatı tiykarların Muqáddes kitap (Bibliya) hám Muqáddes ráwiyatlar quraydı. Pravoslavlıqta sırlı máresimler áhmiyetli orın iyeleydi. Shirkew táliymatı boyınsha, olar dawamında Quday tárepinen óz aldına sawaplı isler boladı. Shirkew jeti sırlı

*Hárqanday qáte islew múmkin, biraq tuwrı jol bolsa birew. Sol sebepli de tuwrı joldan kóre qáte islew ańsat; nıshanǵa tiyiwden kóre tiymew ońay.*

***Aristotel.***

*Nikaya hám Konstantinopolda ótkerilgen pútkil Dúnya keńeslerinde qabıl etilgen «Isenim tımsalında» xristianlıqtıń táliymat tiykarları 12 bántte belgilenedi, bular:*

1. *Álemdi jaratqan birden-bir Ata-Quday — Muqáddes úshliktiń birinshi toplamı haqqında;*
2. *Ul-Quday yaǵnıy Isa Masihqa iyman keltiriw haqqında;*
3. *Ilahiy birlesiw, yaǵnıy Isa Quday bola turıp, pák Bibi Maryamnan tuwılǵan hám insan kórinisine kirgeni haqqında;*
4. *Gúnálardıń keshiriliwi — Insannıń tartqan azapları hám ólimi sebepli Quday tárepinen insaniyattıń barlıq gúnáları keshiriliwi haqqında;*
5. *Insannıń qayta tirilgenligi haqqında;*
6. *Insannıń meraji haqqında;*
7. *Insannıń nuzuli (keleshekte ekinshi márte jerge qaytıwı) haqqında;*
8. *Muqáddes ruwxqa iyman keltiriw haqqında;*
9. *Shirkewge birden-bir, muqáddes, elshiler (apostollar) shirkewi sıpatında múnásibette bolıw haqqında;*
10. *Shoqıntırıw sırlı máresiminiń gúnálardan azat etiwi haqqında;*
11. *Ólgenlerdiń ulıwma qayta tiriliwi haqqında;*
12. *Máńgi ómir haqqında.*



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

## TARIYXQA NÁZER

Katoliklik tariyxında XI — XIII ásirlerdegi salb atlanısları, «Quday tabıtı» hám «Muqáddes Jer»di, yaǵnıy Palastina aymaǵın, «ǵayrıdin»lerden tazalawǵa shaqırǵan. Din, isenim bayraǵı astında júzege kelgen bul háreketler tiykarınan Papalar abıroyın bekkemlew hám baylıq arttırıw maqsetinde shólkemlestirilgen.



*Katoliklik atanaǵı*



*Pravoslavlıq atanaǵı*

máresimniń barlıǵın tán aladı. Ullı bayramlardıń ishinde Pasxa birinshi orındı iyeleydi.

Pravoslavlıq shirkewi bayramlar hám oraza tutıwlarǵa úlken áhmiyet beredi. Ádette úlken shirkew bayramları qarsańında oraza tutıladı. Onıń mánisi «insan ruwxınıń pákleniwi hám jańalanıwı», diniy ómirdegi áhmiyetli hádiysege tayarlanıwdan ibarat.

**Katoliklik** xristianlıq dininiń eń iri baǵdarı esaplanadı. «Katolik» sózi pútkil jáhán, pútkil dúnya (ulıwma, dúnyalıq) degen mániske iye. Bul baǵdar tiykarınan Batıs, Qubla-Batıs hám Oraylıq Evropa, Baltik boyı, Ukraina hám Belarussiyanıń batıs aymaqlarında, Latın Amerikası hám AQShta tarqalǵan.

Katoliklik xristian dininiń baǵdarı sıpatında onıń tiykarǵı isenimleri hám máresimlerin tán alıwı menen birge, táliymatı, máresimlerdi ámelge asırıw, shólkemlesiwinde ózine tán ózgesheliklerge iye. Katolik táliymatınıń tiykarın xristianlıqta tán alınǵan Muqáddes kitap — Bibliya hám Muqáddes ráwiyatlar quraydı.

Katolik Shirkewi Shólkemi qatań túrde oraylastırılǵanlıǵı menen ajıralıp turadı. Rim papası bul Shirkewdiń baslıǵı esaplanadı. Ol din hám ádep-ikramlılıq máseleleri boyınsha qaǵıydalardı belgileydi. Onıń hákimiyatı Pútkil Jáhán Keńeslerinen joqarı turadı. Katolik táliymatı boyınsha, Shirkew



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE



*Pravoslav katolik hám protestant shirkewi ruwxanıyları.*

gúnálardı keshiw, keshirim sıylıq etiw huqıqına iye. Bul huqıq indulgenciyalar haqqındaǵı táliymattıń, yaǵnıy pul ornına yaki shirkew aldındaǵı xızmetleri ushın gúnálardı keshiriwdiń júzege keliwine sebep bolǵan.

Katoliklikke 1870-jılı Vatikanda ótkerilgen 1-keńeste qabıl etilgen Papanıń gúnásızlıǵı haqqındaǵı isenimler bar. Papanı kardinallar jıynalısı (kollegiyası) saylaydı.

**Protestantlıq** Evropa mámleketlerinde katoliklikte keship atırǵan proceslerge qarsı qaratılǵan reformaciya háreketi nátiyjesinde júzege kelgen. Reformatorlar katoliklik ámellerin Injil ideallarınan qaytıw dep túsindiredi. Oksford universiteti professorı J.Viklif



*Pasxa taǵamları.*



## DÓRETIWSHILIK JUMÍS

1. Tekstti oqıń. Berilgen tariyxıy waqıya tiykarında protestantlardıń talapları neden ibarat ekenligi boyınsha pikir bildiriń.

*Praga universiteti professorı Yan Gus (1369 — 1415). J.Viklif ideyalarınan tásirlenip, shirkew baylıqlarınan waz keshiwi kerek ekenligin aytıp ótti. Shirkewge kóp dáramat keltiretuǵın hám Yan Gus pikiri boyınsha, dindarlar sanasın buzıwshı indulgenciyalardıń satılıwına qarsı shıqtı. Bul kózqarasları ushın ol 1415-jılı Konstans keńesi qararı boyınsha otta kúydirildi.*



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE



*Pravoslav shirkewi. Italiya*



*M.Lyuter shirkewi esiklerine 95 tiykardı qaǵıp qoydı*

(1320 — 1384) Rim papalarınıń Angliyadan alınatuǵın salıqlarına qarsı shıqtı, Angliya shirkewleriniń puqaralar isleri boyınsha Angliya koroline boysınıwı kerekligi hám Muqáddes kitaptıń shirkew ráwiyatlarınan ústin ekenligi haqqındaǵı ideyaların alǵa súrdi. Bul ideyalardı Angliya kambaǵal ruwxanıyları qollap-quwatladı.

Protestantlıq dúnyalıq adamlardı ruwxanıylardan ajıratpaydı, bul táliymat boyınsha, barlıq dindarlar ruwxanıy. Sırlı máresimlerden tek ǵana shoqındırıw hám nan menen awqatlanıwdı tán aladı. Dindarlar Rim papasına boysınbaydı. Ibadat waz oqıw, birgelikte sıyınıw hám diniy qosıqlar (psalomlar) aytıwdan ibarat.

Protestantlar Bibi Maryamnıń iláhiy ekenligin tán almaydı, tárkidúnya qılıw, shoqındırıw, ruwxanıylar kiyetuǵın kiyimler, ikonalardı (diniy belgilerdi) qabıl etpeydi.

Yan Gus otta kúydirilgennen júz jıl keyin Germaniyada Vittenberg universiteti professorı Martin Lyuter (1483 — 1546) Protestantlar Shirkew tiykarların jaratadı. Ol da indulgenciya satılıwın áshkaralaydı. M.Lyuter diniy-ádeplilik jaǵınan miynetti qádirlew kerekligi ideyasın alǵa súrdi. Lyuterdiń pikirinshe, insan hám Quday arasında tikkeley baylanıs bolıwı múmkin.

Lyuter táliymatı protestantlıqtaǵı baǵdarlardan biri — lyuteranlıqqa tiykar saldı. Bul táliymat boyınsha, adamlar hújdanı hám táwbe etiwin sanalı túrde hám turaqlı túrde qadaǵalawı kerek. M.Lyuter táwbe etiw uzaq dawam etetuǵın process ekenligin atap ótedi. Lyuteranlar táliymatı boyınsha, Papa ózi buyırǵan yaki shirkew nızamında belgilengen jazalardan azat etiliwi múmkin, biraq shirkew insandı qudaydıń jazasınan azat ete almaydı dep esaplanadı.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Indulgenciyalardı satıp alıwdıń paydasız ekenligin M. Lyuter mınaday etip tiykarlaydı: «Quday shın kewilden táwbe etiwshilerdiń gúnásınan keshedi, máńgi qıynawlardan azat etedi, ásine ketken bendeler Papanıń jarlığısız da bunnan úmit etiwi múmkin». Lyuteranlıq Germaniya, Daniya, Norvegiya, AQShta tarqalǵan. Xristianlıqta bul baǵdarlardan tısqarı kalvinizm, presviterianlar, anglishan shirkewi, baptizm, anabaptizm, mennonitlar, unitarizm, metodistler, kvakerler, pyatidesyatnikler, adventistlik baǵdarları bar.



*Rim Papası Fransisk II*

Búgingi kúnde xristianlıq baǵdarlarınan elimizde pravoslav, katolik, protestant, armeniya apostol, nemis evangel-lyuteran, evangel xristian-baptistler, jetinshi kún xristian adventistleri, koreys protestant, tolıq injilshi, «Golos Bojiy» shirkewleri dizimnen ótken.

Olar elimizde qabıl etilgen Hújdan erkinligi hám diniy shólkemler haqqındaǵı nızam talaplarına boysınıwı shárt ekenligi de belgilep qoyılǵan.



*Katolik shirkewi, Smolenskiy*

## BEKKEMLEW USHÍN SORAW HÁM TAPSÍRMALAR

1. Xristianlıq shirkewiniń pravoslavlıq hám katoliklikke ajıralıwınıń sebebi nede?
2. Xristianlıqtaǵı bóliniw sebeplerin tariyxıy jaqtan dálilleń.
3. Pravoslavlıq tariyxı hám táliymatınıń ózine tán tárepleri haqqında ilimiy jumıs tayarlań.
4. Katoliklik hám pravoslavlıq táliymatlarındaǵı jalpı hám ortaq tárepleri haqqında salıstırmalı kórgizbeli slayd tayarlań (MS Power Point).
5. Ózbekistandaǵı xristian diniy shólkemleri hám olardıń jámiyet turmısındaǵı ornın úyreniń.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

# 13-§ ORAYLÍQ AZIYADA ISLAM



## AKTIVLESTIRIW USHÍN SORAW HÁM TAPSÍRMALAR

1. Islam dini payda bolıwı haqqında nelerdi bilesiz?
2. Islam dini dáslep qaysı aymaqlarda tarqalǵan?
3. Onıń dúnya júzi dinine aylanıwdaǵı tariyxıy shárt-sharayatlardı anıqlań.
4. Islam dininde dáslepki bóliniw qashan júz bergen, onıń tariyxıy sebebi nede edi?
5. Arabstan tariyxında qaysı dáwir «Jahliyat (islam dini kirip kelmesten aldın) dáwiri» dep atalǵan?



*Tashkenttegi Usman Mushaffiydiń beti*

## ISLAM DININIŃ ORTA AZIYAǴA KIRIP KELIWI

Payǵambar Muhammad (s.a.w.) óliminen keyin onıń eń jaqın dawamshıları Abu Bakir (632 — 634), Omar ibn Xattab (634 — 644), Usman ibn Affon (644 — 656) hám Ali ibn Abu Talib (656 — 661) (r.a) lar musılmanlar jámáátine basshılıq etti. Bul dáwir islam tariyxında «Xulofoi-roshidin» (Tuwrı joldaǵı orınbasarlar) dáwiri dep ataladı.

Omar ibn Affon (r.a.) dáwirine kelip musılmanlar házirgi Túrkmenstan aymaqlarına kirdi. Áste-aqırın arab-musılman áskerleri Xorasan hám Mawarawnnaxr aymaqların iyelep, islam dinin tarqata basladı. Biraq arablar iyelegen jerlerdiń xalqı birden musılmanlarǵa

Islam táliymatı boyınsha, Muhammad payǵambar atı zikr etilgende oǵan húrmet retinde «sallallahu alayhi wassalam» (qısqasha: s.a.w.: «oǵan Allahtıń raxmet hám salamı bolsın») yaki «alayh-salam» (qısqasha: s.a.: «oǵan salam bolsın») sózlerin aytıw lazım esaplanǵanı ushın islam tariyxına tiyisli ádebiyatlarda s.a.w. yaki a.s. qısqartıwı qollanıladı.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

aylanıp qalmadı. Oraylıq Aziyada IX ásir ortalarına kelip, yaǵnıy Mawarawnnaxr irtkisinen bir yarım ásir ótkennen soń, islam jergilikli xalıqtıń tiykarǵı diniy isenimine aylandı.

Oraylıq Aziyaǵa islam dini kirip keliwi menen sociallıq-ruwxıy taraw rawajlana basladı. Úlkede ekonomikalıq ilgerilew júz berdi, dúnyalıq hám diniy pánler tez pát penen rawajlandı.

Ózbekistan aymaǵında islam dininiń sunniylik baǵdarı, tiykarınan, Hanafiy (Imam Azam) mazhabı qarar taptı.

## ÓZBEKISTANDA ISLAM DEREKLERINIŃ ÚYRENILIWI

Islam dininiń tiykarǵı dерekleriniń biri bolǵan **Qurani karim** ǵárezsizliktiń dáslepki jıllarınan baslap ózbek alımları hám din ulamaları tárepinen úyrenile basladı. Islam dininiń usı muqáddes deregi ózbek tiline awdarılıp, túsindirilip hám basıp shıǵarıldı.

Alawiddin Mansur tárepinen Qurani karimniń dáslepki tolıq túrde zamanagóy ózbek tilindegi awdarması basıp shıǵarıldı. Bul awdarma 1990 — 1992-jılları «Sharq yulduzi» jurnalında shıǵarılǵan bolsa, 1992-jılı óz aldına kitap qálpinde kóp nusqada basıp shıǵarıldı. Bul túsindirme awdarma Qırǵızstanda 2004-jılı jáne qayta basıp shıǵarıldı.

Shayx Muhammad Sadıq Muhammad Yusup (1952 — 2015) tárepinen jazılǵan «Tafsiri Hilol» atlı túsindirme 1991-jıldan baslap aldınǵı 27, 28, 29, 30-paraları basıp shıǵarıldı. Usı túsindirme sózlik zamanagóy ózbek tilindegi keń túsindirme hám sholıwlarǵa bay shıǵarmalardan biri ekenligin aytıw kerek. Bul túsindirme 2005-jılı altı tomda tolıq basıp shıǵarıldı, soń onıń dúzetilgen hám tolıqtırılǵan basılımı 2011 — 2016-jılları altı márte

### TARIYXQA NÁZER

Ábu Bákir Sıddıq (632 — 634) dáwirinde Quran eń dáslep betlerge jámlendi. Xalifa Usman ibn Affon (642 — 654) dáwirinde Quran ekinshi márte jámlenip, kitap halatına keltirildi. Bul wazıypa Ábu Bákir Sıddıq dáwirinen tájiriybege iye bolǵan sahaba — Zayd ibn Sobit tárepinen ámelge asırıldı. Túp nusqadan birneshe nusqa kóshirildi hám hárbir aymaqqa birewden jiberdi.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE



*Kaabanıń áyyemgi hám házirgi kórinisi.*



**Hádis** — Islam dininiń Quranı karimnen keyingi orında turıwshı muqáddes deregi.

qayta basıp shıǵarıldı. Sonday-aq, 2013 — 2014-jılları kitaptıń 1 hám 2-tomları rus tilinde de basıp shıǵarıldı.

Shayx Abdulaziz Mansur tárepinen ámelge asırılǵan Qurani karim mánisleriniń awdarma hám túsindirmesi «Tashkent islam universiteti» baspa-poligrafiya birlespesi tárepinen 2001, 2004, 2006, 2007, 2009, 2012, 2014, 2016-jılları qayta-qayta basıp shıǵarıldı. Usı shıǵarmanıń basqa awdarma túsindirmelerden ózgesheligi sonda, onda Qurani karim mánisleri arabsha tekst átirapında ózbek oqıwshısına óz ana tilinde erkin hám túsinikli etip, kerekli túsindirmeler menen ǵana sheklenip, sózlerdiń tásirsheńligine úlken itibar bergen halda jazılǵan.

Shamsiddinxon Babaxanov tárepinen tayarlanǵan Qurani karimniń 30-parasına islengen awdarma ǵárezsizliktiń dáslepki jıllarında xalqımız qolına jetip bardı. Onda adamlarǵa jaqsı tanıs bolǵan hám kóp oqılatuǵın súreler bar ekenligi esapqa alınıp 30-paranıń arabıy teksti de berilgen.

Tashkent Mámleketlik Shıǵıstanıw institutı Abu Rayxan Beruniy atındaǵı Shıǵıs qol jazbaları orayında professor Mutallib Usmanov juwaplı redaktorlawında Qurani karimniń on bes parasınıń («Fotiha» súresinen «Isro» súresine shekem) akademik awdarması tayarlanıp basıp shıǵarılǵan. Onda Qurani karimniń nazıl bolıw dáwiri tariyxı da qısqasha jarıtılǵan.

Muftiy Usmanxan Alimov tárepinen de házirge shekem Qurani karimniń on bes parası túsindirme

### DÓRETIWSHILIK JUMÍS

Bul tekstti oqıń. Teksttegi óz nápsiniń qulı» degen qatardı qalay túsindińiz? Nápsiniń qulı bolıwdan qalay saqlanıw múmkin dep oylaysız?

*«Kimde kim óz nápsiniń qulı bolıwdan saqlana alsa boldı, solar qutqarıwshı zatlar».*

**Hashr súresi, 9-ayat.**



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

bolıp basıp shıǵarıldı. «Tafsiri Irfon» nıń basqa túsindirmelerden ajıralıp turatuǵın ózgesheligi sonda, onda ayatlar mánisi zamanlaslarımız ushın túsinikli, ápiwayı hám erkin bolıwına háreket etilgen.

**Hádisi sháriflerdi** Ózbekistanda úyreniw XX ásirdiń ortalarına barıp taqaladı. 1968-jılı basıp shıǵarıla baslaǵan «Sovet Shıǵısı musılmanları» jurnalı betlerinde muhaddis (hádis ilimi menen shuǵıllanıwshı) ler hám hádisler haqqındaǵı ayırım maqalalar beriletuǵın edi. Ǵárezsizlik dáwirinde bul jurnal «Mawarawnnaxr musılmanları» hám keyinirek «Hidayat» atı menen basıp shıǵarıla basladı. Jurnal házirgi kúnde de óz betlerinde hádis hám muhaddislerge tiyisli maqalalardı turaqlı túrde berip barmaqta.

Ǵárezsizlik dáwirinde hádis boyınsha basıp shıǵarılǵan dáslepki kitaplardan biri Shamsiddin Babaxanov, shayx Abdulaziz Mansur usaǵan alımlar tárepinen ádep-ikramlılıq, kúndelikli turmıs máselelerine tiyisli hádislerdi óz ishine alǵan «Mıń bir hádis» kitabı. Keyinirek akademik Nematulla Ibrohimov hám shayır Mırza Kenjabek redaktorlawında Imam Buxariydıń «al-Jome as-sahih», «al-Adab al-mufrad» kitapları awdarılıp xalǵımızǵa jetkerildi.

Sońǵı jılları ámelge asırılǵan jumıslar qatarında Tashkent islam universiteti qasındaǵı Islamtanıw ilimiy-izertlew orayı tárepinen samarqandlı belgili Imam Dorimiydiń «Sunnani Dorimiy» hádis toplamı saylandıları hám de Shayx Muhammad Sadıq Muhammad Yusip tárepinen «Oltin silsila» tiykarında Imam Buxariydıń «Sahih al-Buxariy» shıǵarmasınıń ózbek tiline awdarılıp, basıp shıǵarılıwın atap ótiw kerek.



***Sahihi Buxoriy***

## BEKKEMLEW USHÍN SORAW HÁM TAPSÍRMALAR

1. Islam dini tariyxı haqqında aytıp beriń.
2. Quranı karim hám Hádisi sharip degende neni túsindińiz?
3. Islam dini Mawarawnnaxrǵa qashan kirip keldi?
4. Islam dininiń dúnya júzine jayılıw kartasın sızıń.
5. Islam mádeniyat orayı degende neni túsinesiz?
6. Ne ushın IX ásir hádis ilimi tariyxında altın dáwir esaplanadı?



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

# 14-§ ISLAMDAǴÍ MAZHABLAR HÁM DOGMATIZMLIK MAǴLÍWMATLAR

## AKTIVLESTIRIW USHÍN SORAW HÁM TAPSÍRMALAR

1. Islam dininiń payda bolıwı haqqında nelerdi bilesiz?
2. Islam dini dáslep qaysı aymaqlarda tarqalǵan?
3. Islamnıń dúnya júzi dinine aylanıwındaǵı tariyxıy shárt-sharayatlardı anıqlań.
4. Islam dinindegi dáslepki bóliniw qashan júz bergen, onıń tariyxıy sebepleri nede edi?
5. Arabstan tariyxında qaysı dáwir «Zulımlıq (islam dini kirip kelmesten burın) dáwiri» dep atalǵan?



*Quranı karim*

## ISLAM DINI TÁLIYMATÍ HÁM BAYRAMLARÍ

Islam dini táliymatı boyınsha, Quday barlıq janlı hám jansız zatlardıń, pútkil álemniń jaratıwshısı esaplanadı. Ol hesh kimge uqsamaydı hám hesh nárseni onıń menen teńlestiriw múmkin emes. Insanlar Quday jaratqan janzatlardıń eń ullısı esaplanadı. Adamzattı tuwrı jolǵa baslaw ushın óz elshileri — payǵambarlardı jiberip turǵan. Dereklerde payǵambarlardıń sanı 124 mıń bolǵanı aytıp ótiledi.

Muhammad payǵambar (s.a.v) aldınǵı payǵambarlardıń isin dawam ettirgen, sap isenimdi tiklegen, qıyamet aldınan jiberilgen aqırǵı payǵambar (Xotam al-anbiya) — nabiy hám rasul dep tán alınadı.

Islam dininiń tiykarǵı bayramları bul hijriy kúninde belgilenetuǵın Ramazan hayıtı hám onnan 70 kún ótkennen keyin belgilenetuǵın Qurban hayıtları. Eki hayıt ta Ózbekistanda rásmiy bayram dep



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Tashkentli ullı alım Muhammad ibn Ali ibn Isayıl Qaffol Shoshiy (291 — 365 h.j) fih, hádis, sózlik hám ádebiyat boyınsha óz dáwiriniń ataqlı alımlarınan edi. Qábirleri Tashkenttegi Hastimam (Házirati Imam) aymaǵında jaylasqan.

járiyalanǵan. Bul kúnleri ótkenlerdi eslew, qáriyalar, aǵayın-tuwısqanlardı ziyaratlaw, balalarǵa hayıtlıq sawǵalar, mazalı taǵamlar beriw úrp-ádet esaplanadı. Hayıt bayramı insanlar arasında mehir-muhabbat, miriwbetlik sezimleriniń qáliplesiwine járdem beredi. Mısalı, Ramazan ayındaǵı pitir sadaqası yaki Qurban hayıtında qoy yaki qaramal soyıp, mútájlerge tarqatılıwında Islam dininiń insanıylıq belgisi kórinedi. Bul kúni musılmanlar shıraylı kiyimlerdi kiyip, xosh iyisli átirlerdi sewip meshitke baradı hám hayıt namazların oqıydı.



*Tashkenttegi «Minor» meshiti*

## ISLAMDAǴÍ MAZHABLAR (MEKTEPLER)

VII ásirdiń ekinshi yarımında islamda dáslepki bóliniwler baslandı. Xalifa Ali dáwirine kelip túrli ǵárezli kúshler tásirinde bul process kúsheydi. Nátiyjede ***shet elli, shialı*** hám ***sunniylik*** dep atalıwshı baǵdarlar júzege keldi.

Búgingi kúnde musılmanlardıń kópshiligi sunniylik baǵdarında. VIII — IX ásirlerge kelip, sunniylik sheńberinde huqıqıy mektepler (mazhablar) — hanafiylik, malikiylik, shafiylik hám hanbaliylik hám eki dogmatizmlik táliymat — asliariylik hám maturidiylik júzege kelgen.

Mazhablar shariyat bilimdanı (faqih) tárepinen Quran hám súnnet tiykarında islep shıǵılǵan jol. Mazhablar óz tiykarın salıwshılar atı menen atalǵan. Mısalı, Ábu Hanifa tiykar salǵan mazhab — hanafiylik, Molik ibn Anas tiykar salǵan mazhab — malikiy-

*«Men shayxtı taptım hám olardan hádis jazıp aldım. Bul bes shayxtan bilimliregin, taqwadarlawın, alımraǵın tappadım. Olardıń eń birinshisi Ábu Hanifa».*

***Yazid ibn Horun***



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

*Búgingi kúnde dúnyada shama menen 1,7 milliard musılman xalqınıń 92,5 procentin sunniyler qurap, olar mazhablar boyınsha tómendegi túrde bólinedi: hanafiyler — 49%, shofiylik 25%, malikiyler 17% hanbaliyler — 1,5%.*

lik dep atalǵan. Bul mazhablar tiykarǵı máselelerde birin-biri biykarlamaydı.

**Hanafiylik (mektebi) mazhabı** tiykarın salıwshı Ábu Hanifa atı menen belgili Nuǵman ibn Sobit Kufiy (699 — 767) esaplanadı.

Usı mazhab óz mánisi, táliymatı hám qollaǵan usılı menen jámiyette júz berip turatuǵın hárqanday sorawǵa juwap taba aladı. Bul sonnan kelip shıǵadı, hanafiy mazhabı jańa júzege kelgen diniy máseleniń sheshimi. Quran hám hádiste bar bolmasa, salıstırmalı hám onıń eń áhmiyetli túri bolǵan istehsonǵa súyenip is alıp baradı. Ábiw Hanifa awır jaǵdaylarda adamlar ushın qolay sharayat jaratıp berip, qıyınshılıqların ańsat etiwge urınǵan. Ábi Hanifa erkinlik principleriniń qáwenderi edi, sawda-satıq hám basqa tarawlarda insan huqıqı hám erkinliklerin qorǵap keldi.

Mısalı turmıs qurıwda er hám hayal adamǵa teń huqıq berilip, esli hám erjetken qız hám hayallardı heshkim olardıń razılıǵısız nekesine alıwǵa májbúrley almaydı, neke shártnaması qızdıń baǵıwshısı (áke, ata, aǵayin, ajaǵa, ini) bolmasa da onıń óz sózi menen qurıladı.

Búgingi kúnde Oraylıq Aziya musılmanlarınıń kópshiligi hanafiylik mazhabına ámel etedi. Usı waqıtları bul mektep Hindstan, Pakstan, Awǵanstan, Irak, Siriya, Turkiya hám bir qatar Afrika ellerinde keń tarqalǵan.

**Malikiylik mazhabı** tiykarın salıwshı, imam Ábiw Abdullah Malik ibn Anas ibn Malik ibn Omar Asbahiy 711-jılı tuwılǵan. Bul mazhabqa birinshi derek Qurani karim, ekinshi derek Sunnati nabaviya esaplanadı. Malikiylik mazhabında shariy máselelerde madina turmısı hám ádetleri kópshilik jaǵdaylarda ústem turǵan.

Malikiylik Marakash, Aljir, Tunis, Bangladesh usaǵan ellerde tiykarǵı mazhab esaplanadı.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

**Shafiylik mazhabı** tiykarın salıwshı Ábiw Abdullah Muhammad ibn Idris Shafiy Qurayshiy Hoshimiy Muttalibiy (767—804) Palastinanıń Gazo qalasında tuwılıp, 804-jılı Mısrda qaytıs bolǵan.

Shafiylik mazhabı fiqhiy húkim shıǵarıwda Quran, súnnet, ijmoiy hám qiyosqa súyenedi. Olar hanafiyler hám malikiylerde bar bolǵan istehsondı tán almaydı.

Shafiylik, tiykarınan, Indoneziya, Malayziya, Mısr, Sudan, Kenya, Mali, Liviya usaǵan ellerde tarqalǵan.

Hanbaliylik mazhabı tiykarın salıwshı imam Ábiw Abdullah Ahmad ibn Muhammad ibn Hanbal (780—855) Baǵdad qalasında jasaǵan.

**Hanbaliylik mazhabında** Quran hám súnnet tiykarǵı derek esaplanadı. Ijmo hám sahabalardıń gápleri keyingi orınlarda turadı. Qiyostı basqa ilaj qalmaǵanda ǵana qollanıwǵa ruqsat beriledi. Bul mazhab dawamshıları boyınsha eń kem sanlı esaplanıp, tiykarınan, Saudiya Arabstanı, Yaman, BAÁ, Kuveyt, Katar elleri xalqı arasında tarqalǵan.

Sunniyliktegi tórt mazhab bir-biri menen teń esaplanadı. Mazhablar dástúriy diniy huqıq átirapınan shıqpaǵan halda, shariyat máselelerinde jeńillew yaki qattıraq húkim shıǵarıwları menen parıqlanadı.

*Istehson (ar. Jaqsı dep biliw) — islam huqıqında eki máseleden jeńillew tárepiti tańlawǵa aytıladı.*

Keyingi dáwirde payda bolǵan «jalǵan salafiylik», «hizbut tahrir» usaǵan baǵdarlardı fiqihiy mazhablarǵa teńlestirip bolmaydı. Sebebi olar shariy máselelerde ózleriniń erkin sheshimlerin bergen sistemaǵa iye emes. Olarǵa diniy-siyasiy háreket hám nızamsız siyasiy partiyalar sıpatında qaraw múmkin.

*2017-jıl iyun ayında Prezidentimiz Shavkat Mirziyoev tapsırması menen Imam Maturidiy kompleksinde «Kalam ilimi mektebi»n, moturidiylik táliymatınıń iri wákili Abul Muin Nasafiy ziyaratxanasında bolsa «Aqoid mektebi»n shólkemlestiriw isleri baslandı.*



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

## DOGMATIZMLIK TÁLIYMATLAR

*Danıshpan baqqaldıń dúkanına uqsaydı: Barın indemey kórsetedi qoyadı, nadan bolsa láshker naǵarasınıń ózi: Hawazı bálent, ishi bos hám ǵárip.*

***Sadiy Sheraziy.***

Islam dinide Allataala, onıń sıpatları, insanlardıń táǵdiri, qıyamet, jánnet hám dozaq, gúná hám sawap usaǵan dogmatizmlik máselelerdi úyreniwshi pán «kalam ilimi» dep ataladı. Biziń eramızdıń VIII — IX ásirlerinde musılmanlar arasında grek filosofiyasınan tásirlengen, Quran ayatları hám hádislerin nadurıs túsingen taypalar payda boldı.

Olar geyde Allanı insanǵa megzetip súwretlep, geyde onı tán almastan payǵambarlar, Quranı karim abıroyına ılayıq emes pikirlerdi bildirer edi. Mine usınday sharayatta sunniylik baǵdarı alımları ayırım aǵımlardıń buzǵınshı ideyalarına bir qatar raddiyalar bergen. Nátiyjede, moturidiya hám ashariya táliymatları júzege kelgen. Sunniylik sheńberinde bul eki baǵdar da durıs esaplanadı.

**Maturidiya táliymatına** Mawarawnnaxrlı alım, ullı babamız Ábiw Mansur Moturidiy (870 — 944) tiykar salǵan.



*Ábiw Mansur Moturidiy mavzoleyi*

Maturidiy sap diniy dogma sheńberinen shıqpaǵan halda aqıl-parasatlılıqtı qádirleydi hám logikalıq jaqtan tiykarlanǵan bilimniń áhmiyetin ayrıqsha atap ótedi.

Maturidiya boyınsha, insan turmıslıq imtixanlar ushın jaratılǵan. Sonıń menen bir waqıtta oǵan usı sınawlardan nátiyjeli ótiw hám tuwrı joldı tabıw ushın keń imkaniyatlar da berilgen. Insan óz is-háreketlerin tańlawda óz ıqtıyarına iye.

Ullı alım óziniń kózqarasları menen hanafiylik táliymatınıń Oraylıq Aziya xalıqları dástúrleri, úrp-ádetleri menen tıǵız baylanıslı ekenligin kórsetip berdi. Eń itibarlısı, islam áleminiń kópshilik aymaq-

Maturidiya táliymatı XI — XII ásirlerde keń túrde rawajlanǵan. Usı dáwirlerde táliymat tek ǵana Mawarawnnaxrda, bálkim Xorasan, Irak, Mısr hám Sham úlkelerinde de tarqala baslaǵan.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Kalom ilminiń sultanına húrmat-izzet, belgisi sıpatında Ózbekistanda 2000-jılı Imam Moturidiydiń tuwılǵanınıń 1130-jıllıǵı keń belgilendi, Ol insan máńgi uyqıǵa ketken Chokardiza qábiristanındaǵı mavzoley qayta tiklendi.

larında, Siriya, Irak, Turkiya, Pakistan, Hindstan, Arqa Afrika usaǵan ellerinde maturidiylik táliymatı házir de joqarı hám orta hám diniy oqıw orınlarında erkin pán sıpatında oqıtılıp kelinedi.

**Ashariya táliymatı.** Usı táliymatqa basralı Ábul Hasan Ashariy (873 — 936) tiykar salǵan, imam Ashariy ómiriniń yarımın adasqan aǵımlarǵa qarsı gúresiwge baǵıshlaǵan.

Ashariy Muhammad ibn Jarir Tabariy, Ibrahim ibn Ahmad Marvaziy, Muhammad ibn Dawıt Isbahoniy, Abdullah ibn Ahmad ibn Hanbal, Ábiw Mansur Moturidiy usaǵan alımlar menen bir dáwirde jasaǵan.

Ashariya táliymatı da sunniylik dogmatizmine muwapıq táliymat esaplanadı. Bul táliymat ta tiykarınan motaziliya, qadariya, jabariya usaǵan adasqan toparlardıń dogmatizmlik ideyalarına qarsı turǵan. Ashariya táliymatı tiykarınan Irakta, sońǵı saljukiyler húkimranlıǵı dáwirinde Xorasanda rawajlanǵan.



*Áyyemgi Baǵdat. Abul Hasan Ashariy pútkil ómirin usı qalada ótkergen.*

## BEKKEMLEW USHÍN SORAW HÁM TAPSÍRMALAR

1. Sunniylik neshe fiqhiy mazhabtan ibarat?
2. Kalam ilimi neni úyrenedi?
3. Mazhablardıń jańa payda bolǵan toparlardan ayırmashılıǵı nede?
4. Sunniyliktegi tórt mazhabtıń tarqalıw aymaqların kartada kórsetip beriń.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

# 15-§ SUFIZM HÁM TARIQATLAR

## AKTIVLESTIRIW USHÍN SORAW HÁM TAPSÍRMALAR

1. Sufizm túsinigi haqqında nelerdi bilesiz?
2. Tashkent wálayatındağı «Zángi ata», Buxaradağı «Hazrat Naqshband» ziyaratxanaları kimlerdiń húrmetine qurılğanlığın bilesiz be?
3. Ádep-ikramlılıq tárbiyası degende neni túsinesiz?

Sufizm — islam ádep-ikramlılığı menen bezeniw ushın kerekli bolğan ilimlerdi úyretetuğın taraw esaplanadı. **Swfiy** bolsa sufizmlik penen shuğıllanıwshı adamğa qaray qollanılatuğın atama. Usı mániste jáne «solik» sózi de qollanıladı.

**Sufizmlik tariqatları.** Kóbinese sufizm yaki tariqat degende mashaqatlı ómir jolı, tárki dúnya etiw, zamanagóy pán jetiskenliklerinen waz keshiw, miynet etpesten tek ğana ibadat penen shuğıllanıw, ózin-ózi qıynaw kóz aldımızğa keledi. Tiykarında da solay ma?

Tiykarınan alğanda, sufizmniń shın mánisi nápsini páklew, ádep-ikramlılıqtı shıraylandırıw, mánáwiy kamalatqa erisiwden ibarat. Bul maqsetlerge erisiw ushın alımlar tárepinen arnawlı mektepler — tariqatlar dúzilgen.

Tariqat arab tilindegi sóz bolıp, «jol» mánisin ańlatadı. Sufizmlikte bolsa bul belgili jol baslawshı (murshid, pir) tárepinen Quran hám hádisler, sahabalardıń jol-jorıqlarınıń tiykarında islep shığılğan ruwxıy pákleniw jolı, metodı jıyındısı esaplanadı. Búgingi kúnde tariqatlar sanı kóp bolıp, olardıń eń irileri Yassawiya, Kubrawiya hám Naqshbandiya. Itibarlığı olardıń barlığı ana jurtımızda júzege kelgen.

Sufizm hám oğan sáykes bolğan swfiy, mutasavvif atamalarınıń kelip shığıwı arab tilinen «jún, yung» mánisin bildiriwshi sufizm sózinen alınğan.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

## DÓRETIWSHILIK JUMÍS

Sufizmlikte berilgen táriyplewdi oqıń, ondaǵı «jaman ádetler» degende neni túsinesiz? Ne ushın bunday jaman ádetlerden qutılıw kerek dep oylaysız?

*Sufizm — medicina ilimindey dene salamatlıǵına tiyisli maǵlıwmatlardı úyretkenindey, sufizmde qálbtiń, ruwxtıń jaman ádetlerden qutılıw jolların úyretedi.*

Mawarawnnaxrda sufizmniń júzege keliwi shayx Ábiw Yaqub Hamadaniy (ólimi. 1140 — 41j.) atı menen baylanıslı bolsa da, XII ásirde Oraylıq Aziyada payda bolǵan dáslepki sufizm tariqattıń tiykarın salıwshı Xoja Ahmed Yassawiy bolıp tabıladı.



*Xoja Ahmed Yassawiy mavzoleyi*

**Yassawiya.** Xoja Ahmed Yassawiy búgingi Qazaqstannıń qublasındaǵı Shımkent wálayatı Sayram awılında dúnyaǵa kelgen. Ayırım dereklerge qaraǵanda, ol Yassida (házirgi Túrkstan) tuwılǵan.

Ahmed Yassawiy óziniń «Devoni Hikmat» miynetinde mánáwiy pákleniw, ádep-ikramlılıq, hadallıq, keńpeyillik ideyaların poeziya usılında bayan etken. Yassawiyliktiń ózine tán tárepi áshkara usılda zikr hám duwalar oqıw, dúnya lázzetlerinen az ǵana waz keshiwde sáwlelengen. Yassawiylikke tán ózgeshelikler keyinirek júzege kelgen kóplegen tariqatlarda sáwlelengen.

**Yassawiya** tariqatta Allanı tanıw (marifatullah), ulıwma mártlik, rasgóylik, ózin Allaǵa tapsırıw (tavakkul) hám tereń oy-pikir áhmiyetli orın tutadı.

**Kubrawiya** — Yassawiylik penen bir ásirde júzege kelgen tariqatlardan biri. Bul tariqattıń tiykarın salıwshı — Shayx Najmiddin Kubra Xivaqiy (1145 — 1221). Ol Xorezmdegi Xivaq qalasında dúnyaǵa kelgen. Shayx Najmddin Kubra Kubrawiya yaki «zahabiya» dep atalıwshı tariqatqa tiykar salǵan. Bul tariqatshılar arasında «qupıya» zikir etiw keń qollanılǵan. Onıń eń belgili shıǵarması «Usuli ashara» bolıp, ol barlıq tariqatlarǵa óz tásirin kórsetken. Najmiddin Kubranıń



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

1221-jıldıń iyulinde Shıńǵısxannıń láshkerbasılarınan biri Xulaguxanǵa qarsı 76 jaslı Shayx Najmiddin Kubra xalıq arasınan láshker toplaydı hám Úrgenish qorǵanın «Ya Watan, ya sharapatlı ólim» dep baqırǵanınsha birneshe kún dushpannan saqlap turadı. Bul sawash waqtında shayx Najmiddin Kubra mongol basqınshıları tárepinen jawızlarsha óltiriledi.



*Shayx Najmiddin Kubra mavzoleyi*

miynetleri Iran, Kishi Aziya hám Hindstandaǵı tariqat ortalıqlarına kúshli tásir etken. Kubrawiya táliymatı mongollar basqınshılıǵına shıdam bergen táliymatlardan biri. Bul táliymat mongol qáwimleri hám húkimdarlardıń islam dini táliymatların qabıl etiwde úlken tásir kórsetken.

**Naqshbandiylik** XIV ásirde Oraylıq Aziyada payda bolǵan sufizmlik tariqat.

Bahawiddin Naqshband (1318 — 1389) — islam áleminiń eń belgili áwliyeleriniń biri, Buxara wálayatında tuwılǵan. Bahawiddin Naqshbandtıń tiykarǵı atı — Muhammed. Ákesiniń atı da Muhammed bolǵan. Jaslıǵında atası menen birge parshaǵa naǵıs salıw óneri menen shuǵıllanǵanı ushın Naqshband laqabı menen belgili bolǵan. «Bahawiddin» sózi «Dinniń nurı» degen mánisti ańlatadı.

Naqshbandiylik táliymatı tiykarında «Qálbiń Allada bolsın da, qolıń jumıs penen bánt bola bersin», — degen uran jatadı. Bahawiddin Naqshband sufizmlikte burınları ámelde bolǵan qattı talaplardı bir qatar jumsarttı hám kúndelikli turmısqa sáykeslestirdi.

## DÓRETIWSHILIK JUMÍS

Bul hikmetti mánáwiy hám materiallıq ómir túsinigi menen baylanıstırıń:

*«Qálbiń Allada bolsın da, qolıń jumıs penen bánt bola bersin».*



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Naqshbandiyada sırtqı kórinis hám botin «ishki álem» óz ara ajratıldı. Bul, sufiylikti xalıq arasında áshkar etpew, basqalardan ajıralıp turmaw, qarańǵılıqqa sheginbew, miynet etip kún kóriwden waz keshpew, shańaraq bala-shaǵa baǵıw juwapkershiligin moynına alıw, basqalar (qul hám shorılar) miynetinen paydalanbaw usaǵan jaqsı tártip-qaǵıydalarǵa boysınıwdı talap etiledi.

Naqshbandiya tariqatınıń tiykarǵı tárbiya usılı sáwbetlesiw. Naqshbandiya sáwbetiniń paydası kóp, sáwbetlesiw arqalı insan kewline kirip barıw múmkin, dep esaplaǵan. Bul táliymat tómendegi tórt principtiykarında qurılǵan: 1) shariyat penen minez-qulqtı páklew; 2) tariqat penen qálbti páklew; 3) haqıyqat penen Allaǵa jetisiw; 4) aǵartıwshılıq penen Allaǵa erisiw.

Ózbekistan ǵárezsizlikke eriskenen soń sufizm ilimi iyeleriniń atları máńgilestirilip, húrmet kórsetildi.

Házirgi waqıtta dúnyanıń kóp ellerinde, Amerika Qurama Shtatlarınan Avstraliya arxipelagine shekem bolǵan aymaqta Bahawiddin Naqshband hám naqshbandiya tariqatı áhmiyetli hám joqarı dárejege iye. Sebebi Bahawiddin Naqshband, dáslep, islam

Bahawiddin Naqshband óliminen bir ásir waqıt ótkennen keyin Abduraxman Jamiy (1414 — 1492) birinshi márte bul tariqattı **«naqshbandiya»** dep atay basladı.

*Bahawiddin Naqshband mavzoleyi*





*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

dini sháriyatı ólshemlerin bekkem uslaǵan hám olardıń buzılıwına jol qoymaǵan. Ekinshiden, ol shın insanıy ideyalar hám pazıyletlerdi alǵa súrgen, jámiyettiń túrli wákilleri ortasında saqıylıq — mártlik baylanısları payda bolıwına túrtki bolǵan.

Gárezsizlik jıllarında diniy qádiriyatlardı qayta tiklew barısında meshitler, medreseler hám basqa diniy shólkemler menen bir qatarda tariqat wákilleriniń jumıslarına da ayrıqsha itibar qaratıldı. Atap aytqanda, 2002-jılı Abdulxalıq Gijdiwanıydıń 900 jıllıǵı belgilengen bolsa, 2018-jılı ilimpazdıń 915 jıllıǵı belgileniwi rejelestirilgen. Mine usınday, 1993-jılı Bahawaddin Naqshbandtıń 675 jıllıǵı keń kólemde belgilengen bolsa, 2018-jılı 690 jıllıq yubileyi belgilenedi. Búgingi kúnde Buxaradaǵı Bahawiddin Naqshband ziyaratxanasında «Naqshband orayı» jaylasqan bolıp, oray tárepinen «Naqshband» aylıq jurnalı basıp shıǵarılmaqta.



## BEKKEMLEW USHÍN SORAW HÁM TAPSÍRMALAR

1. Sufizm hám tariqat sózleriniń mazmunın aytıp beriń.
2. Qaysı ilimpazdıń keliwi Mawarawnnaxrda sufizmniń rawajlanıwına túrtki boldı?
3. Yassawiylik tariqatı haqqında aytıp beriń.
4. Kubraviylik táliymatınıń ózine tán tárepleri nelerden ibarat?
5. Naqshbandiylik tariqatınıń tiykarǵı uranı mazmunın túsindirip beriń.
6. Berilgen tekstti dıqqat penen oqıń. Naqshbandiya tariqatınıń tiykarǵı tárbiya usılı — sáwbetlesiw usılı menen baylanıstırıń. Sáwbetlesiw mádeniyatına tiykarlanıp pikir bildiriń. Siz pikir bildirgenińizde qanday qaǵıydalarǵa ámel etesiz?

*... tilińdi jaqsı óner menen úyret hám múláyım sózden basqa nárseni ádet etpe. Tilge hárqanday sózdi úyretseń, sonı aytar, sózdi óz ornında qollan, sóz eger jaqsı bolsa, biraq orınsız qollanılsa, ol qansha jaqsı sóz bolsa da jaman, jaǵımsız esitiler. Sonıń ushın biykarǵa sóylew paydasızdur. Bunday paydasız sóz zıyan keltirer hám hárqanday sóz onnan óner iyisi kelmese, bunday sózdi aytpaw kerek.*

***Kaykovus «Qabusnama»***



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

# 16-§ ÓZBEKISTANDA DINIY KEŃPEYILLIK HÁM JÁMIYETLIK TURAQLÍLÍQ









## AKTIVLESTIRIW USHÍN SORAW HÁM TAPSÍRMALAR

1. Berilgen súwretlerde xalqımızǵa tán qanday qádiriyatlar sáwlelengen?
2. Keńpeyillik degende neni túsinesiz?
3. Elimiz tariyxınan keńpeyillik principine tiyisli maǵlıwmatlardı keltiriń.
4. Ekinshi dúnya júzlik urısı jıllarında ózbek xalqınıń keńpeyillik qádiriyatı qalayınsha belgili boldı?

Búgin Ózbekistan diniy keńpeyillik, milletler ara tatıwlıq barısında pútkil dúnyaǵa úlgi bolmaqta. Ózbekistan xalqı usınday uzaq hám quramalı tariyxıy procesler nátiyjesinde júzege kelgen. Awır sınawlardı basınan keshirgen, túrli isenim wákilleri qıyınshılıqlarǵa dus kelse bir-birin qollap-quwatlap, óz ara járdem qolın sozǵan. Úlkemiz tariyxı túrli din wákilleri arasında diniy tiykardaǵı kelispewshilikler shıqpaǵanlıǵı menen ajıralıp turadı.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

*«... din ulıwma insanıy ádep-ikramlılıq normaların ózine sińdirip alǵan, olardı janlandırǵan, hámme ushın májbúriy minez-qulq qaǵıydalarına aylandırǵan. Mádeniyatqa úlken tásir kórsetken».*

**Islam Karimov**

Bunnan derlik 1,5 mıń jıl aldın házirgi Oraylıq Aziyanı óz ishine alǵan Batıs túrk qaǵanlıǵı dáwirinde (522 — 576) úlkede belgili bolǵan barlıq din wákillerine óz diniy isenimlerin ámelge asırıw ushın keń jol ashıp bergen.

VIII ásir basında Mawarawnnaxrǵa islam dini kirip keldi. Bunda jańa diniy isenimler hám jergilikli úrp-ádet, dástúrler birlesip, basqa musılman ellerinen parıqlı ráwishte ózine tán kórinisti aldı. Keyinirek sol úlke ulamaları tárepinen keń túrde rawajlandırılǵan hanafiylik mazhabı bul úrp-ádetlerdi diniy derek sıpatında qabıl etti.

Nátiyjede diniy-sociallıq máselelerdi sheshiwde «úrp» Quran hám hádisten keyingi fiqh (din haqqındaǵı ilim) iy dereklerden biri bolıp qaldı.

Islam áleminde kim musılman, kim musılman emes, degen tartısıwlar háwij alǵan bir dáwirde Oraylıq Aziya ulamaları islam dinin qabıl etip, ózin musılman sanaǵan adamdı kápirlikte ayıplaw múmkin emes, degen qaǵıydanı islam dininiń usı úlkede keń tarqalǵan mazhabı hanafiyliktiń bas dogmatizmlik principleri áne usınday keńpeyillikke tiykarlanǵan. Imamı Azam Abu Hanifa (699 — 767) tárepinen baslanǵan bunday ilimiy-dogmalıq principleri elimiz ilimpazlarınan Imam Maturidiy (870 — 944), Abul Muin Nasafiy (1046-1114) usaǵan ilimpazlar tárepinen dawam ettirildi. Olar qaldırǵan bay ilimiy

## DÓRETIWSHILIK JUMÍS

Ieromanax Xaritonnıń gápin oqıń hám tómendegi sorawlarǵa juwap beriń.

1. Waqıya qaysı dáwirge tiyisli dep oylaysız?
2. Xalqımızǵa tán keńpeyillik qádiriyatların túsindiriń.

*«Jergilikli xalıq biyshara kóshpeli (rus diyqan)lerge kewil bildiriw menen mehribanlıq etpekte, bolmasa olardıń kópshiligi asharshılıq hám mútájlikten ólip ketken bolar edi».*



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

*«Aramızda dosılq baylanısları hámme tarawlarda kórinbekte: hárbir pravoslavtıń musılman dosları bolǵanınday, ruwxanıylar hám imamlar arasında da doslıq baylanısları júdá joqarı. Dos-musılmanlarǵa isbilermenlik tarawı yaki konstituciya boyınsha járdem menen múrájáát etilse, álbette soralǵan zattı alamız. Bizde qarama-qarsılıqlar bılay tursın, túsinbewshilikler de joq».*

**Mitropolit Vladimir**

miyras ásirler boyı musılman eller medreselerinde diniy keńpeyillikke tiykarlanǵan qollanbalar sıpatında oqıtılıp kelindi hám házirgi kúnde de oqıtılmaqta.

XIII — XIV ásirlerde mońǵollarǵa qarsı azatlıq gúresi processinde usı aymaq xalqın birlestiriwshi kúsh sıpatında Yassawiya, Kubrawiya, naqshbandiya usaǵan sufiylik tariqatları qáliplesti. Oraylıq Aziya sufizm wákilleri watan súyiwshilik, xalıqshıllıq, tınıshlıq, turaqlılıqtı bekkemlewge xızmet etken islam dininiń aldıńǵı wákilleri sıpatında abıroy-itibarǵa eristi.

Ullı Sahıpqıran Amir Temur isenim hám mánáwiyattıń úlken áhmiyetin tolıq basqarǵan edi. Sharafudin Ali Yazdiy haqlı ráwishte Amir Temurdı diniy isenimi kámil insan sıpatında táriyiplegen. Eń áhmiyetlisi, Sahıpqıran Oraylıq Aziyada keń tarqalǵan islamdaǵı birlesiwi hám ajıralmaw tárepdarı bolǵan baǵdar «ahli sunna va jamoa»ǵa bárháma sadıq, diniy dogmatizmlikke qattı qarsı bolǵan. Amir Temur islam dinin fanatizmnen awlaq túsingen. Onıń isenimi basqa dinlerdi biykarlaw esabına bolmaǵan. Sol sebepli de ol tek ǵana óz ásirinde emes, bálki keyingi dáwirler ushın da úlgi boldı.

Búgingi kúnde elimizde babalarımızdıń ullı hám joqarı miyneti hám de miyrastı ózinde jámlegen diniy qádiriyatlar rawajlanbaqta. Elimizde xızmet kórsetip

*«Diniy keńpeyillik hám nızam ústinligi — bul kóp milletli mámleket qurılısı lazım bolǵan fundamenttiń bir bólimi».*

***Ózbekistan Bibliya jámiyeti atqarıwshı direktorı S.Mitin***



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

*Samarqanddagi Avliyo Aleksiy Moskovskiy sobori*



atırǵan túrli diniy isenim wákilleri de mámleketimizdiń bul siyasatın durıs túsinip, qollap-quwatlamaqta.

Ózbekistanda din mámleketten ajıratılǵan bolsa da, hújdan erkinligin támiyinlew boyınsha mámleketimiz tárepinen tártipli hám sistemalı ráwishte bir qatar isler ámelge asırılmaqta. Mısalı, 2000-jılı — Ózbekistan Respublikası Prezidentiniń Pármanı boyınsha Tashkent hám Orta Aziya Arxiepiskopı Vladimr diniy keńpeyillikti bekkemlew boyınsha islegen miynetleri ushın «Doslıq» ordeni menen sıylıqlandı.

Oraylıq Aziyadaǵı musılman hám basqa din wákilleri ortasındaǵı qatnasıqlar óz ara húrmet hám keńpeyillikke tiykarlanǵan. Búgin Respublikamızda 16 konfessiya wákilleri emin-erkin jumıs alıp barmaqta. Quramalı tariyxıy procesler sınawların mártlershe jeńip ótiwi nátiyjesinde qáliplesken diniy keńpeyil-

## DÓRETIWSHILIK JUMÍS

Bul tekstti oqıń hám múnásibetińizdi bildiriń.

*Adamlardı ayıplamań, sonda siz de ayıplanbaysız, keri jaǵdayda, olardı qanday ayıplaǵan bolsańız, siz de sonday ayıplanasız. Ózgelerdiń ayıbın qaysı qarısta ólsheseńiz, siziki de sol ólshemde ólshenedi.*



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

lik ortalığı elimizde tınıshlıq, rawajlanıw hám abadanlıqqa xızmet etpekte. Sebebi bul jaǵdaydan barlıq din wákilleri máp kóredi. Mine usı ullı maqset jolında barlıq konfessiyalar elimizde hám shet elde shólkemlesip atırǵan ruwxıy-aǵartıwshılıq ilajlarda respublikamızda diniy keńpeyillik hám sociallıq turaqlılıqtı jáne de bekkemlew boyınsha ámelge asırılıp atırǵan reformalardı qollap-quwatlap kelmekte.

Búgingi kúnde Ózbekistanda hárbir diniy konfessiya ózleriniń diniy shólkemlerine iye bolıp, diniy máresimlerin ámelge asırmaqta. Olar óz jumısların Ózbekistannıń «Hújdan erkinligi hám diniy shólkemler haqqında»ǵı Nızamına boysınǵan halda alıp barmaqta.

XX ásir adamzat tariyxına eki dúnya júzilik urısı júz bergen ásir sıpatında jazıldı. Pútkil dúnya júzi XXI ásir tınıshlıq ásiri bolıwı ushın gúrespekte. Bul jolda diniy keńpeyillik, dinler ara pikirlesiw úlken áhmiyetke iye. Dástúriy diniy keńpeyillik úlkesi sıpatında málim hám belgili bolǵan Ózbekistan bul tarawda da óz wazıypasın joqarı atqarmaqta.



*Fayaztóbe — Ózbekistanda 2000 jıl aldın budda dini rawajlanǵanlıǵın kórsetedi.*



## BEKKEMLEW USHÍN SORAW HÁM TAPSÍRMALAR

1. Islamıy emes konfessiyalardıń elimizde keńpeyillik ortalıǵın jaratıwdaǵı ornı qanday?
2. Ózbekistan xalqına tán diniy keńpeyillik tiykarları qanday quramalı process sınawları nátiyjesinde júzege kelgen?
3. Elimizde katoliklik baǵdarı wákilleriniń kirip keliwi qaysı waqıya menen baylanıslı boldı?
4. Islamıy emes konfessiyalardıń elimizde jámiyetlik-ruwxıy ortalıǵın salamatlastırıw procesine qosqan úlesi nelerde óz kórinisin tapqan?



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

# 17—18§ ELIMIZ OYSHÍLLARÍNÍŃ JÁHÁN ILIM-PÁN RAWAJLANÍWÍNA QOSQAN ÚLESI

## AKTIVLESTIRIW USHÍN SORAW HÁM TAPSÍRMALAR

1. Orta ásirdegi ilim-pán rawajlanıwı búgingi kúndegi qaysı pánlerdiń rawajlanıwına tiykar boldı? Bul orında elimiz oyshıllarınıń úlesi nelerden ibarat edi?
2. Qanday sharayatta ilim-pán rawajlanadı?
3. Oraylıq Aziyadan shıqqan alımlar qanday pán tarawlarında jumıs islegen?
4. Islam ilimleri degende neni túsinesiz?

## AQÍL ZAKAWAT PENEN DÓRETILGEN BAY MÁNAWIYAT

Jańa jámiyet hám mámleket qurıwda jas áwlad oy-órisiniń qáliplesiwinde, millettiń ózligin ańlawda bay ilimiy, mánawiy hám mádeniy miyrasımız, milliy qádiriyatlarımız júdá zárúr áhmiyetke iye.

Mámleketimizdiń qanshelli tez tanılıwı, kúshquwatqa tolıwı, dúnya jámiyetshiliginde ózine múnásip orın iyelewi, dáslep, xalqımızdıń ruwxıy dárejesi, maqtanıshı qanshelli joqarı bolıwına baylanıslı.

Dereklerde Ullı oyshıl Abu Ali ibn Sina 17 jasında Nuh ibn Mansur (976 — 997-jıllar) dı emlep atırǵan waqtında «Dor ul-ulum» — «Bilimler úyi» atı menen de atalǵan saray kitapxanasınan paydalanǵanı haqqında xabar beredi.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Ásirler dawamında aqıl zakawat penen dórelgen bay mánawiyatı sebepli xalqımız maqtanısh penen jasadı, miynet isledi, hámiyshe azatlıq hám erkinlikke qaray umtıldı. Mine usı milliy sana, mine usı milliy maqtanısh búgingi turmısımızdıń tiykarǵı deregi.

Buǵan ullı oyshıllarımız Beruniy hám Farabiy, Maturidiy, Ferǵaniy, Buxariy, Imam Termiziy, Hákim Termiziy, Nawayı hám Uluǵbek usaǵan júzlep ullı tulǵalar tiykar salǵan.

Islam dini tábiyat ilimleri, psixologiya, tariyx, geografiya, sociologiya, biologiya, ulıwma, insaniyat ushın kerekli bolǵan hárqanday ilimiy úyreniwdi qollap-quwatlaydı.

Islamnıń ilim-pánge dóretiwshilik múnásibeti nátiyjesinde islam dúnyasında orta ásirlerde ilim-pán keskin rawajlanıp, pútkil jáhán rawajlanıwına úlken úles qostı. IX — XII ásirler «Islam Renessansı» dáwiri Imam Buxariy, Termiziy, Abu Mansur Maturidiy, Abu Nasr Farabiy, Abu Rayxan Beruniy, Abu Ali ibn Sina, Xorezmiy, Ahmad Ferǵaniy Burxanidin Marǵiloniylardıń jáhán ilimine qosqan úlken xızmeti dáwiri, Mamun akademiyasınıń Xorezmde xızmeti menen baylanıslı bolsa, ekinshi basqıshı Temuriyler Renessansı dáwiri XIV — XVI ásirlerge tuwrı keledi. Ámir Temur, Alisher Nawayı, Babur Mırzalardıń ilim-pán, mádeniyattıń rawajlanıwındaǵı xızmetleri sheksiz. Oraylıq Aziyada IX — XII hám XV ásirlerde júz bergen ilim-pán, filosofiya, ádebiyat tarawındaǵı rawajlanıw Evropa Renessansına úlken tásir kórsetti.

Zamanagóy matematika, trigonometriya hám geografiya pánleriniń rawajlanıwına úlken úles qosqan belgili alım ***Muhammed ibn Musa Xorezmiy***. Ol onlıq pozicion esaplaw sistemasın, nol belgisi hám polyar koordinataların birinshilerden bolıp tiykarlap berdi hám ámeliyatqa usındı. Bul matematika hám astronomiya pánleriniń rawajlanıwında keskin burılıs jasadı.

*Danıshpan baqqaldıń — dúkanına uqsaydı: barın úndemey kórsetedi qoyadı, nadan bolsa láshker naǵarasınıń ózi: Hawazı bálent, ishi bos hám ǵárip.*

***Sadiy Sheraziy***





***Muhammad ibn Musa Xorezmiy*** *algebraǵa tiykar saldı, ilimiy maǵlıwmat hám traktatlardı bayan etiwdiń anıq qaǵıydaların islep shıqtı, ol astronomiya, geografiya hám klimat teoriyası boyınsha kóplegen ilimiy miynetlerdiń avtorı.*



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

## DÓRETIWSHILIK JUMÍS

1. Tómende berilgen súwretlerge dıqqat penen qarań. Orta ásirlerde usı sızılmalardı sızıw hám oylaw ushın qanday bilimge iye bolıw kerek?
2. 5-súwrettegi kórinisti Buxaradağı Uluǵbek medresesiniń peshtaxtasına jazılǵan hikmet penen túsindiriń.
3. Abu Ali ibn Sinanıń XIV ásirde Italiyada basıp shıǵarılǵan «Medicina nızamları» kitabına islengen gravyuraǵa qarap dúnya medicina iliminiń rawajlanıwında Abu Ali ibn Sinanıń úleslerin kórsetiń.



*Qublanı anıqlaw sızılması VIII ásir Muhammed ibn Musa Xorezmiy*



*Usturlobtıń bir bólimi. X ásir. Ibn Irak*



*Qısıp shıǵarılǵan suwdıń anıq kólemin anıqlaw ıdısı. XI ásir. Beruniy*



*Medicina buyımları XI ásir*



*Ulıǵbek shákirtleri menen. Miniatyura XVI ásir*



*Abu Ali ibn Sinanıń XIV ásirde Italiyada basıp shıǵarılǵan «Medicina nızamları» kitabına islengen gravyura.*



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE




*Ahmed Ferǵaniy tárepinen qurılǵan Nil dáryasında suw qáddin ólsheytuǵın qurılma. Sırtqı hám ishki kórinisi. IX ásir*

Alımnıń dúnya ilim-páni rawajlanıwındaǵı xızmetleri joqarı bahalanıp, Shıǵıs alımları arasında tek ǵana onıń atı hám miynetleri ***«algoritm»*** hám ***«algebra»*** usaǵan zamanagóy ilimiy atamalarda máńgilestirildi.

Shıǵıs Oyanıw dáwiri ózine tán ekonomikalıq, jámiyetlik, siyasiy, mádeniy hám ilimiy ortalıqtı óz ishine alǵan, usı dáwirdiń «Oyanıw dáwiri» dep atalıwı da biykarǵa emes.

***Ahmed Ferǵaniy*** IX ásirde óziniń «Astronomiya tiykarları» miynetinde álemniń dúzilisi, jerdiń ólshemi haqqında dáslepki maǵlıwmatlar, planetamızdıń shar tárizli kórinisine iye ekeni haqqındaǵı dáliller keltiriledi. Kitap XVII ásirge shekem Evropa universitetlerinde astronomiya boyınsha tiykarǵı sabaqlıq sıpatında oqıtılǵan.

Ullı geografiyalıq ashılıwlar dáwirinde Kolumbo, Magellan hám basqa sayaxatshılardıń oylap tabıwları ushın ilimiy tiykar bolıp xızmet etken. Ahmed Ferǵaniy orta ásirlerdegi tiykarǵı astronomiyalıq ásbap — usturlob teoriyasın islep shıqqan. Nil dáriyasında nilometr — suw qáddin ólsheytuǵın tiykarǵı qural sıpatında belgili qurılmanı jaratqan.

*XI ásir pútkil dúnyadaǵı tábiyiy pánler tariyxshıları tárepinen «Beruniy ásiri» dep ataldı.*

*Abu Rayxan Beruniy Kolumbo sayaxatınan 500 jıl aldın Tınısh hám Atlantika okeanları artında materik bar ekenligi haqqındaǵı pikirdi alǵa súrdi.*



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE







*Abu Ali ibn Sinanıń XV ásirde Evropada basıp shıǵarılǵan «Medicina nızamları» kitabı.*

***Abu Nasr ibn Iraq*** — «Ekinshi Ptolomey» dep at alǵan ullı alım. Ibn Iraq keńislik trigonometriyasınıń tiykarın salǵan. Ol matematika hám astronomiya tarawındaǵı oylap tabıwları menen húrmetke bólengen ullı alım.

***Abu Rayxan Beruniy***diń 150 den aslam ilimiy jumıslarınan bizge shekem tek ǵana 31 i jetip kelgen. Beruniy dúnya ilim-pánine birinshilerden bolıp teńizler teoriyası hám jerdiń shar tárizli globusın jaratıw boyınsha ózine tán jańa ideyalardı usınıs etti. Jer radiusın esaplap shıqtı, vakkum, yaǵnıy boslıq halatın túsindirip berdi. Minerallar klassifikaciyası hám olardıń payda bolıw teoriyasın islep shıqtı, giodeziya pánine tiykar saldı.

***Abu Ali ibn Sina*** — «Islam dúnyasınıń eń belgili filosofı hám ullı alımı, insaniyattıń eń ullı oyshıllarınan biri» degen ataqqa iye bolǵan. Ol ilimiy izertlew islerin 16 jasta baslaǵan. Ómiri dawamında 450 den artıq shıǵarma jazǵan. Ibn Sina medicina hám filosofiya, logika, ximiya, fizika, astronomiya, matematika, muzıka, ádebiyat hám til ilimine kirispe tarawlarına baǵıshlanǵan shıǵarmaları dúnya alımları tárepinen tán alınǵan. Leonardo da Vinchi, Mikelanjelo, Frensis Bekon hám basqa kóplegen alımlar áwladı onıń shıǵarmaların oqıp, hayran qalǵan.

Onıń «Medicina nızamları» dep atalǵan biybaha fundamental shıǵarması házirgi kúnde de óziniń áhmiyetliligin joǵaltpaǵan. Bul kitap Evropada XV

## DÓRETIWSHILIK JUMÍS

1. 2014-jıl 15 — 16-may kúnleri Samarqand qalasında qanday xalıq aralıq ánjuman bolıp ótti? Ánjumannıń maqseti nelerden ibarat edi?

2. Elimizdiń alımlarınıń dúnya ilim-páni rawajlanıwına qosqan úlesleri haqqında pikir bildiriń. Sol dáwirde dúnyanıń basqa mámleketlerindegi ilim-pánge múnásibeti máselesine de itibar beriń.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

## DÓRETIWSHILIK JUMÍS

1. Tómendegi xalıq maqalın oqıń hám jurtımız oyshılları túrli tarawlardağı ilimlerdi iyelewi ushın qansha mashaqat shekken?
   *«Ilim menen shuğıllanıw* — iyne menen qudıq qazıw menen barabar».
2. Siz óz aldıńızğa ilim hám ónerdiń qaysı tarawların iyelewdi maqset etip qoyğansız? Maqsetińizge erisiw ushın qanday háreket etpekshisiz?
3. Berilgen súwret tiykarında Shığıs oyanıw dáwiri degen sózge túsinik beriń.



*Ozad Xabibullin, «Shığıs ulamaları».*

ásirde basıp shığarılğan dáslepki kitaplardan biri. Shama menen 500 jıl dawamında Evropanıń jetekshi universitetlerinde medicina ilimi mine usı shığarma tiykarında oqıtıp kelingen. Islam ilim alıw hárbir er hám hayal adamğa parız, dep bilim beredi. Hárbir musılman er hám hayal adamdı ilim alıwğa shaqıradı. Ilim alıw hám alımlardıń pazıyletleri boyınsha kóplegen hádisler keltirilgen.

Elimiz alımları diniy bilimler boyınsha da jetik dárejege erisken. Mısalı, Ibn Sina, Mahmud Zamaxshariy, Farabiy, Beruniyler Quran, hádis, islam tariyxı hám huqıqtanıwshılığı boyınsha da shığarmalar jazğan.

Orta ásirler Shığıs alımları hám oyshıllarınıń qoljazbaları Evropa hám Aziyanıń Ullı Britaniya, Germaniya, Ispaniya, Rossiya, Franciya, Mısr, Hindstan, Iran hám basqa kóplegen mámleketlerdegi kitapxanalardıń «altın fond»ın quraydı.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

**TARIYXQA NÁZER**

VIII ásirdiń aqırlarında aq, Buxaradaǵı imam Abu Hafis Kabir Buxariy (767—832) medresesinde úlken kitapxana, arnawlı qıráátxana bolǵan.

Musılman álemindegi dáslepki oqıw orınları — medreseler VIII ásirdiń aqırlarında, sol dáwirdegi ilimiy-mádeniy oraylar esaplanǵan Buxara, Samarqand, Nasap, Termiz, Xiywa, Shash (Tashkent), Marǵulan usaǵan áyyemgi qalalarda jumıs isley baslaǵan.

Bunday ilim dárgayları óziniń nátiyjesin kórsetip, elimizden ullı mufassirler hám muhaddis (hádis jıynawshı) ler jetisip shıqtı.

Úlkemizden shıqqan dáslepki muhaddislerden biri belgili alım ***Abdulla ibn Mubarak Marvaziyler*** (736 — 798). Jáne bir jerlesimiz, iri muhaddis ***Imam Dorimiy*** (798 — 869) Samarqandta tuwılǵan. Alımnıń eń belgili shıǵarması «al-Muasnad» bolıp, bul shıǵarma «Sunnan ad-Dorimiy» atı menen belgili.

Muhammed (s.a.v) tıń altı júz mıńǵa jaqın hádislerin yadında saqlaǵan ullı alım ***Imam Buxariy*** «Hádis iliminiń sultanı» degen húrmetli ataqqa iye bolǵan. Ullı muhaddistiń «al-Jome as-Sahih» shıǵarması Qurani Karimnen keyingi orında turatuǵın ekinshi eń áhmiyetli derek sıpatında islam áleminde joqarı bahaǵa iye bolıp kelmekte.

*Barlıq pánler bir-biri menen sol dárejede tıǵız baylanısıp ketken, olardı birimlep úyreniwden kóre, barlıǵın birden úyrengen ańsatıraq.*

***Rene Dekart***



*Mamun akademiyası. Alımlar keńesi.*



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Imam Buxariydiń shákirti hám dostı bolıw baxtına miyasar bolǵan insanlardıń biri ***Abu Isa Muhammad Termiziy*** (824 — 892). Imam Termiziy shıǵarmalarınıń ishinde eń ataqlısı «al-Jome as-Sahih» bolıp, ol altı isenimli hádisler toplamlarınan biri esaplanadı.

Mawarawannaxrdan shıqqan ullı alımlar islam sháriyatı — ***«fiqh»*** baǵdarında da aldıńǵılardan bolǵan. Mine usınday ullı faqihlardan (sháriyat huqıqtanıw-

*Imam Buxariy mavzoleyi*





## DÓRETIWSHILIK JUMÍS

1. «Imam Buxariydiń Imtixan etiliwi» gúrrińin oqıń. Imam Buxariydiń tákirarlanbas qábileti haqqında sáwbetlesiń.
2. Eslew qábiletin bekkemlew ushın qanday shınıǵıwlar zárúr? Usı eslew qábiletin bekkemlew ushın qanday shınıǵıwlar isleysiz? Kitap oqıw hám yadlaw eslew qábiletin bekkemleydi degen pikirge qosılasız ba?

### IMAM BUXARIYDIŃ IMTIXAN ETILIWI

Bir kúni Imam Buxariydiń Baǵdatqa kelgenin esitken alımlar ol adamnan imtixan almaqshı bolıptı. Baǵdat muhaddis (hádis jıynawshı) leri júz hádisti tańlap alıp, olardıń tekst hám isnodmazmunın ózgertti (yaǵnıy bir mazmunlı tekstti ekinshi bir mazmundaǵı teksti menen hám bir tekst mazmunın basqa tekst mazmunı menen almastırıp qoydı). Soń olardı on adamǵa onnan bólip berdi de, jıynaw waqtında Imam Buxariyge aytıwdı tapsırdı. Jıyınǵa mıńlaǵan xorasanlı, baǵdadlı hám basqa alımlar keldi. Soń bayaǵı adamlar ózlerine tapsırılǵan hádislerdi Imam Buxariyge aytıp, olar haqqında soradı. Sonda Imam Buxariy olardıń hárbirine: «Bunday hádisti bilmeymen», — dep juwap berdi. Sorawlar tamamlanǵannan soń, birinshi bolıp soraw bergen adamǵa júzlendi de: «Biraq sen aytqan birinshi hádistiń teksti basqa bir hádis mazmunına tiyisli bolıp, durısı mine mınanday, ekinshisiniń mazmunı bolsa basqa hádis tekstine tiyisli bolıp, durısı mine mınanday...» — dep, soraw bergen on adamǵa juwap berdi. Barlıq hádislerdiń mazmunı menen tekstlerin óz ornına qoyǵanına hayran qalǵan adamlar ol adamnıń eslew qábileti, aqıl-zakawatına tán berip, úlken izzet-húrmet bildirdi.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

*Imam Buxariyden «Sonsha Hádisti qalayınsha esińizde saqlap qaldıńız?» — dep soraǵanda, — Men barlıq úyrengen ilimlerge ámel ettim», dep juwap bergen eken.*

shısı) biri ***Burhonidin Marǵilaniy*** (1123 — 1197). Onıń «Hidoya» atlı shıǵarması jaratılǵan dáwirden, házirgi kúnge shekem Shıǵıs hám Batıstıń oqıw orınlarında islam shariyatın úyreniwde tiykarǵı shıǵarmalardan biri sıpatında paydalanıladı.

Orta ásirlerde xızmet kórsetken belgili alım imam ***Abu Mansur Maturidiy*** (870 — 944) sóz iliminde joqarı dárejege eriskenlerden biri. Maturidiya táliymatı onıń atı menen baylanıslı. Abu Mansur Maturidiy islam áleminde «Musılmanlardıń diniy isenimin dúzetiwshi» degen joqarı húrmetke iye bolǵan insan.

Xorezm diyarı da islamıy ilimler rawajlanıwına úlken úles qosqan bolıp, bul diyardan jetisip shıqqan alımlardan eń ullısı ***Maxmud Zamaxshariy.*** Fizikalıq jaqtan nágiranlıǵına qaramastan, bul tulǵa ilim jolında óz ómiriniń kópshilik bólegin uzaq ellerde saparda, músápirshilikte ótkeredi. Mekkede altı jılǵa jaqın jasadı. Sol sebepli «Jorullah» (Allanıń qońsısı) degen ullı dárejege iye boldı.

## BEKKEMLEW USHÍN SORAW HÁM TAPSÍRMALAR

1. «Tınıshlıq hám turaqlılıq ilim-pánniń rawajlanıwına unamlı tásir kórsetedi», degen túsinikti turmıslıq mısallar tiykarında túsindirip beriń.
2. Mamun hám Mırza Ulıǵbek akademiyalarında jumıs islegen alımlar pánniń qaysı tarawlarında izleniwler alıp barǵan edi?
3. Temuriyler Renessansı dáwiri — XIV — XVI ásirlerde jasap, dóretiwshilik etken alımlardıń ilim-pán, mádeniyat hám kórkem-óner, ádebiyat usaǵan ilimlerdiń rawajlanıwına qosqan úlesi haqqında maǵlıwmat toplań.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

# 19-§ DIN HÁM «ǴALABALÍQ MÁDENIYAT»

## AKTIVLESTIRIW USHÍN SORAW HÁM TAPSÍRMALAR

1. Ǵalabalıq mádeniyat degende neni túsinesiz?
2. Ǵalabalıq mádeniyattıń jámiyettiń rawajlanıwına tásiri bar ma?
3. «Ǵalabalıq mádeniyat» yaǵnıy tırnaqsha ishindegi Ǵalabalıq mádeniyattı siz qalay túsinesiz?
4. «Ǵalabalıq mádeniyat»tıń jámiyet mánáwiyatına tásiri qanday, onıń qáwipli tárepleri bar ma? Pikirińizdi dálilleń.

## «ǴALABALÍQ MÁDENIYAT» TÚSINIGI

Búgin tez rawajlanıp atırǵan zamanda jasap atırmız. Hár tárepten túrli informaciyalar qáwpi, hár qıylı joldan adastırıwshı hám qáwipli maǵlıwmatlar menen jaslarımızdıń sana sezimin iyelep alıwǵa umtılıwshılıq kúshli. Áne usınday qáwiplerden biri «Ǵalabalıq mádeniyat» bolıp tabıladı.

«Ǵalabalıq mádeniyat» degen nıqap astında mánawiy buzıwshılıq hám zorlıq, individualizm, egocentrizm ideyaların tarqatıwǵa qaratılǵan, basqa xalıqlardıń neshe mıń jıllıq úrp-ádet hám dástúrleri, turmıs tárziniń mánáwiy negizlerin mensinbewshilik, olardı joq etiwge qaratılǵan qáwipli háreketlerdi túsiniw múmkin.

Bunday ǵárezli ideyalardı tarqatatuǵın toparlardıń tiykarǵı maqseti basqalardıń esabınan baylıq toplaw bolıp esaplanadı.

*Hȧy mȧrtler hayallar kiyimin kiymew ushın ǵayrat etiń.*

***Sadiy Sheraziy***

## «ǴALABALÍQ MÁDENIYAT»TÍŃ MAQSETI

«Ǵalabalıq mádeniyat»tıń maqseti, dáslep ekonomokalıq baylıq arttırıw, adamlardı bir-birine qara-



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE



*Ǵalabalıq máde-niyattıń unamlı tárepleri*

ma-qarsı qoyıp, biri-birin hám sonıń menen birge, ózin ózi óltiriwge shekem alıp barıw. Nátiyjede bolsa onıń tarqatıwshıları dúnya hám ondaǵı baylıqlarǵa jeke húkimdar bolıp qalıwdı qáleydi.

Siz sıyaqlı óspirimler, jaslar teńleslerine háwes etip, zamanagóy jańalıqlardı tez ózlestiriwge beyim boladı. Olardaǵı áne usı social-psixologiyalıq jaǵday kóbinese jaramsız qádiriyatlar tásirine berilip qalıwına sebep bolıwı múmkin.

Házirgi waqıtta ádepsizlikti mádeniyat hám kerisinshe, tiykarǵı mánáwiy qádiriyatlardı mensinbesten, eskilik sarqıtı dep qaraw menen baylanıslı jaǵdaylar búgingi rawajlanıwǵa, insan ómiri, shańaraqtıń muqaddesligi hám jaslar tárbiyasına úlken qáwip salmaqta. Buǵan mısal retinde bir jınıstaǵı nekeler, nekesiz jasaw, perzentsiz jasaw yaǵnıy perzentti artıqsha mashqala dep oylaw, sırtqı kórinisin ǵayrıtábiyiy formalarǵa salıw (denege iyne menen túrli súwretler hám formalar beriw), óz janına qast etiwdi qaharmanlıq dep biliw sıyaqlı unamsız aqıbetlerdi keltiriwimiz múmkin. Bunday jaǵdaylarǵa tek islam dini, bálkim, basqa dinler de qatań qarsı.

Ulıwma insanıy qádiriyatlarǵa tuwrı kelmeytuǵın kiyimlerdi kiyiw de «Ǵalabalıq mádeniyat». Máselen dizesi yaki balaǵı jırtılǵan kiyim kiyiw. Kiyimdi menmenlik belgisi sıpatında tar hám uzın kiyiw, beli yaki qarnın ashıp turatuǵın kiyimler kiyiw solar qatarınan.

## DÓRETIWSHILIK JUMÍS

Berilgen tekstti oqıń hám «Ǵalabalıq mádeniyat» qáwipsizlik ushın qanday qáwip salıwı múmkin ekenligine mısallar keltiriń.

*XXI ásirdiń xalıq aralıq múnásibetler hám milliy qáwipsizlik kózqarasınan óz aldına ajıralıp turatuǵın tárepi — globallasıw sharayatında jańadan-jańa qarama-qarsılıqlar payda bolıp, olar milliy qáwipsizlik ushın jańa qáwiplerdi keltirip shıǵardı.*



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Islam dininiń muqáddes deregi Quranı karimde Quday tárepinen insanlardı shıraylı etip jaratqanı ayrıqsha atap ótiledi. Sonday-aq, islam táliymatında insan denesin pák tutıw, taza hám shıraylı bolıwına shaqırıp, gózzallıq belgilengen shegaradan shıqpawı da ayrıqsha atap ótilgen.

«Háy adam balaları, haqıyqattan da, sizlerge áwretińizdi jabatuǵın libas hám ziynet libasın nazıl ettik. Taqıwa libası, mine usı jaqsı. Áne usılar Allannıń ayatı belgilerinen. Qánekey eslese». (Libastıń zárúri áwretti awlaqtan tutatuǵını. Biraq Alla insannıń áwretinen basqa aǵzaların da tosıw zárúrligi barlıǵın inabatqa alıp, libastı ziynet tárzinde nazıl etti. Mine usınday libastı óz ornında yaǵnıy, shariatqa muwapıq paydalanǵan adam ziynetli esaplanadı. Biraq eń tiykarǵı libas — taqıwa libası.)

***Arof súresi 26-ayat***

Keyingi waqıtlarda tatuaj, rastushovka, tatuirovka (denege súwret saldırıw) ádetke aylanıp barmaqta. Bul processler azarlı bolsa da, insanlardıń den sawlıǵı ushın zıyanlı.

**«Tatuaj», «Rastushovka»** — procesi haqqında taraw qánigeleri óz pikirlerin bildirgen. Tatuaj — permament pardoz, yaǵnıy júzdegi aǵzalar — qas, kóz hám erindi uzaq waqıtqa shekem ketpeytuǵın etip boyap, pardoz beriw. Permament pardozda sanap ótilgen aǵzalardıń terisine tatuaj ushın mólsherlengen iyne járdeminde arnawlı boyaw jiberiledi. Bul pigmentlerdiń uzaq waqıt uslanıp turıwın támiyinleydi. Permament pardozın islew procesi azarlı bolıp, bir-eki saatqa sozıladı.

Biraq jasalma shıraydıń insan organizmi ushın zıyanları dúzetip bolmaytuǵın jaǵdaylarǵa alıp keliwi múmkin.

*Tatuaj procesi.*



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

*Tatuirovka ásbapları menen gepatit V.S hám de AIV infekciyasın juqtırıp alıw júdá ańsat. Tatuirovkası bar insanlardıń gepatit S keselligine shalınıw qáwipi, ápiwayı adamlarǵa qaraǵanda, 9 ese joqarı boladı.*



Gotlar

Qasqa tatuaj islengende qaslar tamırınıń joq bolıwına alıp kelip, olardıń tógiliwine sebep boladı. Kózlerge tatuaj islengende bolsa kózdiń kóriw qábiletine, qabaq terisiniń seziwsheńligine unamsız tásir etedi. Erinlerge tatuaj islengende bolsa awız átirapında isikler payda boladı. Bunda iyne menen teri tesiliwi sebebinen organizm túrli infekciyalarǵa beriliwsheń bolıp qaladı. Teri tesiklerine bolsa túrli ximiyalıq boyawlar kirgiziliwi nátiyjesinde allergiya keselliklerin keltirip shıǵaradı. «Tatirovka» — iyne menen nerv tamırlarına zıyan jetkerip, denege súwret saldırıw.

Bul azarlı process bolıp, insan ózine-ózi zıyan jetkeredi. Taraw qánigeleriniń aytıwınsha, «tatirovka» isletken insanlarda 20 dan artıq keselliklerge ushıraw kórsetkishi joqarı bolatuǵın eken. ***Tatuirovka boyawı quramında rak kesselligin shıǵarıwshı faktorlar bar.*** Boyawlar quramında insan organizmi ushın zıyanlı bolǵan metallardı yaǵnıy ***sınap sulfidi, xrom, kandmiy, qorǵasın, titan, alyuminiy, kobalt*** usaǵan elementler bar.

**«Mysobakterium haemophilum»** bakteriyası tuberkulyoz hám maqaw kesselligin shaqıradı, adamlarda immun sistemasın páseytedi. Bul bakteriya bolsa tek ǵana tatuirovka sızdırǵannan soń júzege keledi. Xristian dininiń muqáddes kitabında da tatuirovkalar islew qaralanıp, deneni tilmew terige oyıp jazıw jazbaw uqtırıladı.

«Ǵalaba mádeniyattıń jáne bir kórinisi **«Gotlar»**. «Gotlar» (inglis tilinen «goths» — gotlar, varvarlar, mádeniyatsız adamlar, ashıwshaq hám nadanlar dep awdarma etiledi) ádepsiz ǵayrı insanıylıq usaǵan illetlerdi tarqatıwshı submádeniyat bolıp, XX ásirdiń 70-jılları aqırında Ullı Britaniyada payda bolǵan. Tiykarınan, 1982-jılı «Betkav» muzıka toparı ashılıwı god ómir tárzin tarqatıwda úlken orın tutqan. Olardıń isleri nátiyjesinde gotik-rok muzıka



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

janrı júzege kelip, inglis jasları arasında belgili bola baslaǵan. «Gotlar» háreketiniń tiykarǵı ideyası ólimdi romantiklestiriw, qıyınshılıq, azap-aqıret, iplaslıqtan ráhátleniwden ibarat. Bul **submádeniyat** wákilleri qara reńge tiykarlanǵan imidj, gotik muzıkaǵa qızıǵıw búgingi kún menen jasaydı. Gotlar pozetiv sezimlerden zawıqlanıw ornına ómirge ruwxıy azaplanıw, úmitsizlik hám ruwxıy álemnen lázzetlenedi. Gotlardı kóshe-kúyde tanıp alıw múshkil emes.

Joqarıda aytıp ótilgenindey, bul submádeniyat wákilleri qara reńge tiykarlanǵan «dress-kod» qa ámel etedi. Atap aytqanda, gotik kiyiniw usılınıń tiykarǵı elementleri — libaslarda qara reń kóp bolıwı, metaldan islengen túrli bezeklerdi paydalanadı. Joqarıda keltirilgen mısallar tiykarında «ǵalaba mádeniyat» insandı máńgúrge aylandıradı. Ol óziniń «men» ligin joǵaltadı. Onıń ushın qádirli nárseler bolmaydı, ata-ana, perzent, qádiriyat usaǵanlardı tán almaydı.

Jámiyette hesh nárseni qádirlemeytuǵın insanlardıń kóbeyip ketiwi mámleketti kriziske alıp keledi. Nátiyjede biyparıq adamlar kóbeyedi. Milliy qádiriyatlarǵa, mánáwiyatqa zıyan jetedi.

*Sizler Qudayıńız — Iyemizdiń perzentlerisizler, ólgenler ushın ózińizdi kespeń, shashıńızdıń aldın kespeń.*

***Áyyemgi Ahd (Ekinshi nızam, 14:1).***

## BEKKEMLEW USHÍN SORAW HÁM TAPSÍRMALAR

1. «Ǵalabalıq mádeniyat» insannıń ómirine qanday tásir kórsetedi?
2. Ádebiyat páninen alǵan bilimlerińizge súyenip «máńgúr» túsiniginiń jámiyet rawajlanıwına tásiri haqqında pikir júrgiziń.
3. Diniy táliymatlardıń «ǵalabalıq mádeniyat» qa múnásibeti qanday?
4. Siz ne ushın «ǵalabalıq mádeniyat»tı qaralaysız, pikirińizdi dálilleń.
5. Berilgen xalıq maqalın «ǵalabalıq mádeniyat» penen baylanıstırıp túsindiriń. «Barlıq jıltırap kóringen nárseler altın bola bermeydi».
6. Berilgen súwretlerde súwretlengen kórinisler ulıwma insanıylıq qádiriyatlarǵa qanday zıyan jetkeredi?



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

# 20-§ KSENOFOBIYA HÁM DIN

## AKTIVLESTIRIW USHÍN SORAW HÁM TAPSÍRMALAR

1. Ksenofobiya, xristianofobiya, yudofobiya islomafobiya degen atamalardı esitkensiz be?
2. Insanǵa tán bolǵan qorqıw halatına qanday hádiyseler kóbirek sebep boladı?
3. Qorqıwdı jeńiw ushın nelerge itibar beriw kerek?
4. Biologiyalıq qorqıw menen jasalma qorqıwdıń parqı nede?

(Ksenefobiya — (grek. *ksenos* — biytanıs; *fobos* — qorqıw) grek tilinde qanday da bir «biytanıs», «tanıs emes» bolǵan zat yaki túsinikten «qorqıw» mánisin ańlatadı.

Medicinada bul sóz insandaǵı «biytanıs shaxs, nárse, hádiyse hám basqalardan qorqıw» yaki olardan «ǵázepleniw» sezimlerin bildiredi. Ózi ushın biytanıs bolǵan nárselerden jatsırap qorqıw ásirese jas nárestelerde anıq kórinedi.

Biytanıs nárse hám hádiyselerden abaylı bolıw ushın biytanıssırap, olardan jetiwi múmkin bolǵan qáwip-qáterden qorqıw insandaǵı ózin-ózi qorǵaw qásiyeti menen baylanıslı bolıp, ádette salamat insanda seziletuǵın jaǵday. Bunday óz ómiri, náslin túrin biytanıs hám belgisiz qáwip-qáterden qorǵaw, biologiyalıq qorqıw sezimi haywanlarda da bar.

*«Sonday-aq, biz dúnyanıń túrli orınlarında antisemitizm hám islamofobiyanıń kúsheygenligin, yahudiy, musılman arab jámáátlenrine qaraǵanda zorlıq, rasalıqtı en jaydırıwshı hám de olardı kemsitiwshi ideyalarǵa tiykarlanǵan ayırmashılıq háreketleriniń payda bolıp atırǵanlıǵın tereń qayǵırıw menen tán alamız».*

**«Rasalıq kemsitiwlerdiń barlıq formalarına shek qoyıw haqqındaǵı deklaraciya» nıń 61-statyası.**



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Ksenofobiya bul tábiyiy bolmaǵan, insandaǵı qanday da bir biytanıs, nársege qaraǵanda háden zıyat ashıwdıń júzege keliwi, nerv sistemasındaǵı izden shıǵıw jaǵdayı.

Insanlardaǵı usı psixologiyatıq qásiyet hárqanday jańalıq, ol jaqsı yaki jaman bolıwına qaramastan, onnan seziklengen halda qabıl etedi. Mısalı, jańalıq oylap tabıwshılardan Galileo Galiley (1564 — 1642), Nikolay Kopernik (1473 — 1543) sıyaqlı alımlardıń tań qalarlıq jańalıqları bolǵan múnásibetti alıwımız múmkin. XIX ásirde jergilikli xalıqlar ortasında «Temirden bastırılǵan úyge perishte kirmeydi», «kartoshka — musılmannıń taǵamı emes» degen diniy pikirler tarqalǵan. Bul másele haqqında aytılǵanında kúlip qoyamız. Biraq házirgi XXI ásirdiń civilizaciya procesleriniń jedellesiwi dáwirinde insanlar ortasında unamlı jańalıqqa qaraǵanda qorqıw sezimi kúshlirek boladı. Qorqıwdıń obyekti ózgeredi.



## TARIYXQA NÁZER

AQShta XIX ásirde júzege kelgen «Ku-kluksklan» áne usınday qara tánlilerge qarsı aq tánliler milletshiligi sıpatında júzege kelgen edi. Bul topar tárepinen qara tánlilerge ótkerilgen qısqı hám terrorshılıq háreketleri nátiyjesinde jámiyette birqansha tınıshsızlıqlar kelip shıqtı. «Aq rasashılıq» atı menen belgili bolǵan bul jasırın jámáát AQShta 1861 — 1865-jıllardaǵı puqaralar urısınan keyin qublalı burınǵı áskerler tárepinen shólkemlestirilgen edi. Olar tárepinen qurbanlıqqa dub daraǵınıń shaqa-putaǵı yaki apelsin tuqımları taslap ketiletuǵın edi. Bul belgini alǵan qara tánli adam aytılǵan isti islewi yaki eldi taslap shıǵıp ketiwi kerek edi. Keri jaǵdayda onı ólim kútetuǵın edi.

***Ку Клукс Клан. Белое движение в США. — Москва, 2001; McVeigh, Rory.***





*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE



*Ksenofobiya rasalıq yaki diniy kemsitiwlerge sebep boldı.*

Diniy ksenofobiyadan tısqarı etnikalıq, milliy, rasalıq ksenofobiya túrleri bar. Qanday da bir xalıq (etnosqa) qa sezikleniw, qorqıw menen qaraw hám sol kózqaraslar menen baylanıslı is-háreketler etnikalıq ksenofobiyanıń bir kórinisi.

Házirgi kúnde ǵalaba xabar qurallarında «terrorizm» hám «islam» sózleri júdá kóp jaǵdaylarda birgelikte qollanılmaqta, nátiyjede islamnan qorqıw — islamofobiya túsinigi júzege keldi. Islamofobiya ataması XX ásirdiń aqırlarınan baslap aytıla baslaǵan.

Islamofobiyanıń ideologiyalıq tárepi sonnan ibarat, bunda bir tárepten dúnyalıq, ekinshi tárepten hújdan erkinligi principleriniń bazı batıs mámleketlerinde tolıq tártipke salınbaǵanlıǵında kórinedi.

Islamofobiya bazıda «diniy kemsitiw» (diniy diskriminaciya) kórinisinde kóriniwi múmkin. «Diniy kemsitiw» adamlardı diniy qatnasına qaray, olardıń haq-huqıqların shegaralawdan ibarat.

Diniy ksenofobiyanıń kórinisleri basqa dúnya dinlerine baylanıslı da qollanıladı. Mısalı xristianlıq dinine unamsiz múnásibettiń «xristianofobiya» sózi formasında, yahudiylik dinine bolsa «yudofobiya» sózleri qollanıladı.

Kóbinese jámiyettegi ksenofobiyanıń payda bolıwına ǵalaba xabar quralları sebep boladı.

Sebebi ǴXQ wákilleri kóbinese shaw-shuwǵa sebep bolatuǵın, adamlarda qızıǵıw oyatatuǵın, maǵlıwmatlardı tezlik penen jetkeriwge háreket etedi. Bunda



Insannıń psixologiyalıq jaǵdayları menen baylanıslı bolǵan «fobiya» lardıń da óz náwbetinde birneshe túrleri bar. Tiykarınan «akrofobiya» (biyiklikten qorqıw), «agorafobiya» (adamlar kóp orınlardan qorqıw), «araxnofobiya» (órmekshi hám shıbın-shirkeylerden qorqıw), «klaustrofobiya» (tar hám jabıq orınlardan qorqıw) hám taǵı basqa.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

**Islamofobiya** — jámiyettegi tınıshlıq hám turaqlılıqqa túrtki salıwshı diniy ksenofobiyanıń bir kórinisi bolıp, ol islam dinine, oǵan isenim etiwshilerge hám usı din menen baylanıslı obiyekt hám túsiniklerge bir tárepleme, yaǵnıy unamsız tárepten qarawdıń nátiyjesi.

qanday da bir millet, rasa, dinge tiyisli túsinik hám terminlerdi unamsız múnásibet oyatıwshı formada usınıw tiykarǵı rol oynaydı.

Ǵalaba xabar quralları qatarınan birinshi orınlardan birin iyelegen internet házirgi kúnde islam dini degende tiykarınan «urıs», «sawash», «armiya», «zorlıq», «basqınshılıq» usaǵan maǵlıwmatlardı usınbaqta.

Mısalı, islam dini atınan jumıs islep atırǵan ekstremislik toparlardıń islam dereklerin buzıp, ózleriniń máplerine sáykeslestirip talqılawǵa urınıwları, ekinshi tárepten bunday óz mápleri jolında heshqanday muqaddes nárseni, din-diyanattı, millet hám watandı tán almaytuǵın toparlardı «islam» dep ataw, olar alıp baratırǵan jawızlıqların «islamnıń shártleri» sıpatında talqılaw islamofobiyanıń kúsheyiwine alıp keledi.

Islam dinine sıyınıwshı adam usı din muqáddes dereklerindegi dogmalar, olardıń durıs mánisin tuwrı ańlap jetiw kerek. Musılmanlardıń ózleri islam derekleri ulıwma insanıy qádiriyatlarǵa qarsı shıqpawın túsinip jetiwi kerek boladı. Islam tuwrılıq dini bolǵanlıqtan da, onıń mánisin tek ǵana insanıylıq ádil tárizde talqılaw talap etiledi. Bolmasa onıń mánisine zıyan jetiwi hám bul din haqqında tereń bilimge iye bolmaw, adamda ol haqqında unamsız túsinik payda bolıwına alıp keledi.

## BEKKEMLEW USHÍN SORAW HÁM TAPSÍRMALAR

1. Diniy ksenofobiyanıń kelip shıǵıwına qanday faktorlar sebep boladı?
2. Islamofobiyanıń mánáwiyatına qáwip barma? Pikirińizdi dálilleń.
3. Islam dininiń iygilikli isleri haqqında pikir bildiriń.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

# 21-§ DÚNYA DINLERINDE TÍNÍSHLÍQ IDEYASÍ

## AKTIVLESTIRIW USHÍN SORAW HÁM TAPSÍRMALAR

1. «Bir kún urıs-jánjel bolǵan jerden qırq kún bereket ketedi» degen hikmetli gáptiń mánisin bilesiz be?
2. Urıs hám buzǵınshılıq qanday aqıbetlerge alıp keliwi haqqında oylap kóriń.
3. Tınıshlıqtı saqlawda hárbirimizdiń juwapkershiligimiz nede dep oylaysız?

*Qullası, óz ara birlikli, pikirles bolıńlar, bir-birińizdi tuwısqanlarday húrmetleń. Bir-birińizge mehir-miriwbetli hám kishi peyil bolıń.*

***Yangi Ahd. Pyotrdiń birinshi xatı, 3-bap, 8 — 12***

Ilim-pán, mádeniyat, ekonomika hám basqa barlıq tarawlardıń rawajlanıwı tınıshlıq, paraxatshılıq penen baylanıslı. Sol sebepli de búgingi kúnde qáwipsizlik pútkil dúnyada eń global másele bolıp qalmaqta. Jıl sayın mámleketler tárepinen qorǵanıw sisteması hám áskeriy tarawǵa ajıratılıp atırǵan ǵárejetlerdiń artıp barıwı pikirimizdi tastıyıqlaydı. Biraq, tek ǵana zamanagóy qural-jaraqqa iye bolıwdıń ózi ǵana tınıshlıqtı támiyinlemeydi. Sebebi, zamanagóy buzǵınshı kúshler ashıqtan-ashıq urıs etpey, bálki tosattan qoparıwshılıq ámeliyatın qollaw, áskeriyler emes bálki tınısh xalıqtı nıshanǵa alıw usaǵan jaramsız usıllardan paydalanbaqta. XX ásirdiń ekinshi yarımında dúnyada 300 den artıq tınıshlıqqa qáwip salıwshı kelispewshilikler bolǵanlıǵı da ashınarlı jaǵday.

Hárqanday din óziniń dawamshıların tınıshlıq hám insanıylıqqa shaqıradı. **Heshbir din nahaq qan tógiw, urıs otın kúsheytiw hám buzǵınshılıqtı en jaydırmaǵan.**



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

*Heshkimge jamanlıǵı ushın jamanlıq islemeńler. Barlıq adamlardıń kóz aldında jaqsılıq islewge umtılıńlar.*

*Eger ilajı bolsa, qolıńızdan kelgenshe, barlıq adamlar menen tınısh-tatıw turmıs keshirińler.*

***Jańa Ahidnama. Rimlilerge xat, 12-bap, 17—18.***

Xristianlıq dúnyada eń keń tarqalǵan din esaplanadı. Tariyxta bul dindi nıqap etip, buzǵıshılıq, teraktlıq maqsetinde paydalanılǵanı, «Salb atlanısları», «Inkviziciya» ataması astında kóplegen qalalardıń wayran etilgeni, mıńlap adamlardıń nabıt bolǵanı tariyxtan belgili. Al, xristian publicinde hesh kimge jamanlıq islemew kerekligi haqqında bilim beriledi. Bul din de barlıq dinler sıyaqlı tınıshlıq tárepdarı, jaqsılıq islewge shaqıradı.

Buddizmlik táliymatınıń ózine tán tárepleri barlıq janlı nárselerge muhabbat penen qarawdıń en jaydırıwında, aqılǵa say qatań boysınıw hám sezimlerge berilmewinde de kórsetilgen. Tınıshlıq tárepdarı hám jaqsılıq ideyaları buddizmliktiń «Pansha shila» (sanskritshe — bes násiyat) qaǵıydasında da sáwlelenedi. Sonday-aq, buddist adam óltiriwshilik, urlıq islew, úmitsizleniw, jalǵan sóz, más etiwshi nárselerden saqlanıwı kerek. Bul dinge isengen hárbir diniy xızmetker ózgelerdiń múlkine kóz alartpaw, birewge ǵázep penen qaramaw, ádillik haqqında oylaw, insanlardan jaqsılıqtı ayamaw, ádepli is-háreket qaǵıydalarına ámel etiwi kerek bolıp esaplanadı.

Oraylıq Aziyada júzege kelgen zardushtiylik dini de óziniń tınıshlıq tárepdarlıǵı menen ajıralıp turǵan. Bul, «Avestoda»ǵı «Jaqsı pikir, jaqsı sóz, jaqsı ámel» táliymatında da óz sáwleleniwin tapqan. Videvdat kitabınıń ekinshi paragrafında tınıshlıqtıń zárúrligi haqqında pikirler bildirilgen. Yasna kitabınıń



*Xalıq arasında iritki salıw, jala hám ǵıybat tarqatıw jolındaǵı urınıwlar tınıshlıq hám párawanlıqtı izden shıǵarıwshı hádiyseler yaki háreketler islamnıń mazmunına ulıwma tuwrı kelmeydi.*



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

*«Ózińe zıyan etpesin deseń, ózgelerge azar berme, basqalarǵa azap berseń óziń de azap tartasań. Arzıw háwes barlıq baxıtsızlıqlardıń sebepshisi. Waqıt ótiwi menen hámme nárse ózgeredi, sonıń ushın, hesh nársege artıqsha kewil bólme, kewildi taza tut, haqıyqat hám ómirlik sadıqlıq izle. Jamanlıq isleme, gúna is islewden saqlan. Hámme waqıt jaqsılıq isle. Basqalardı jaqsı kórseń, óziń de, basqalar da baxıtlı boladı. Ózgelerdiń aytqanların biykarlama hám qaralama, ózin baxıtlı etiw ushın ózgelerdi baxıtsız etiw insaptan emes».*

***Budda***



*Ahimsa tek ǵana adamlar, sonıń menen birge barlıq janzatlarǵa da zorlıq islemew.*

12-babında hárbir zardushtiy tıyılıwı kerek bolǵan nárseler qatarında «sharwanı talan taraj etiw, zıyan hám wayran etiw»ler de esaplanǵan.

Milliy dinlerden bolǵan hinduiylik hám jayniylikte tınıshlıq táreptarlarınıń ideyaları «ahimsa» — kúsh isletpewshilik táliymatında óz kórinisin tapqan. Sonday-aq, jer júzinde qoparıwshılıq etiw, tek ǵana insanlar, bálkim, barlıq janzatlarǵa azap beriw qadaǵan etiledi. Sonday-aq, bul táliymat zorlıqqa zorlıq penen juwap beriw, urıs qılǵanǵa qarsı urısıwdı da qaralap shıǵadı.

Tınıshlıq ideyasına eń úlken itibar qaratqan dinlerden biri, sózsiz islam dini. «Islam» sóziniń mánilerinen biri de tınıshlıq degen mánini ańlatadı.

## DÓRETIWSHILIK JUMÍS

Hesh oylap kórgensiz be, siziń tınısh jasawıńız, mektepke barıwıńız, dem alıwıńız, ház etip televizor aldında ózińiz jaqsı kórgen kórsetiwlerdi kórip otırıwıńız ushın qansha adamlar ózleriniń ráhátinen keshiwi kerek.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Tınıshlıqtı saqlaw, abadan turmıs ushın shúkirshilik onı saqlap qalıw hám bekkemlewdiń zárúriy shárti esaplanadı. Islam táliymatında máseleniń bul tárepine de ayrıqsha itibar berilgen.

Islam dini táliymatında ullı baylıq bolǵan el-jurt tınıshlıǵı, xalıq tınıshlıǵın qádirlew, asırap-abaylaw, oǵan zıyan jetkeriwden saqlanıw zárúrligi haqqında qatań kórsetpe beriledi. Bul másele islam dininiń muqáddes dereklerinde áhmiyetli orın iyeleydi.

Islam táliymatı Alla taalanıń ullı baxıtları — tınıshlıq hám paraxatshılıqtıń qádirine jetiw, sergek hám itibarlı bolıwǵa shaqıradı. Jalqawlıq, itibarsızlıq, biyparwalıq, nashúkirlik emes, bálki berilgen baxıttı tán alıw, onıń qádirine jetiw, húrmetlew, asırap-abaylaw shúkirshiliktiń mánisin quraydı. Óz ara kelispewshiliklerdi jarasıw, kelisiw jolı menen sheshiw, jámiyettegi tınıshlıqqa qáwip salıwda, jawızlıq hám

*Men saǵan tınıshlıqtı kóbeytip beremen, men tınıshlıǵıńdı qaytarıp beremen hám qorǵayman. Meniń saltanatımda suwıq, samal, qurǵaqshılıq, azap hám bolmaydı.*

***Avesto***

«Men Prezident sıpatında Amerika xalqı hám óz atımnan kepillik beremen, biz terrorizm hám ekstremizmge qarsı qattı gúres alıp baramız, bul jolda, qaysı din wákili bolıwımızǵa qaramastan, bárshemiz birlesiwimiz zárúr, jer júzinde tınıshlıqtı saqlaw hám bekkemlew eń tiykarǵı wazıypamız bolıwı kerek, — dedi AQSh Prezidenti.

Sammit minberinen jańıraǵan bunday gápler álbette bizge de maqul boldı. Usı kózqarastan qaraǵanda, biz búgingi kúnde jámiyetlik-ruwxıy turmısımızdı rawajlandırıw boyınsha ámelge asırıp atırǵan islerimizdi jańa basqıshqa kóteriwimiz, buniń ushın mámleketimiz hám jámiyetimizdiń barlıq kúsh hám imkaniyatların mobilizaciyalawımız shárt».

**Ózbekistan Respublikası Prezidenti Shavkat Mirziyoevtıń 2017-jıl 15 iyulda «Jámiyetlik turaqlılıqtı támiyinlew, muqáddes dinimizdiń pákligin asıraw — dáwir talabı» temasındaǵı ánjumanda aytqan bayanatınan.**



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Islam dininiń muqáddes deregi bolǵan Quranı karimniń «Baqara» súresi 208-ayatında: «Háy iyman keltirgenler! Jalpı tınıshlıq isine kirisiń!» — delinedi. Ayatta «jalpı» sózi túsindiriw kitaplarında keltiriliwinshe, bir tárepten, barlıq insanlardıń birlesken halda tınıshlıq jolın uslawı kerekligi, ekishi tárepten bolsa, onı turaqlı etiw ushın qanday jol menen bolsa da úles qosıw zárúr ekenligin bildiredi.. sonıń menen birge, Alla taalanıń «Oǵan (jer) saw-salamat, tınısh-aman kirińiz!» (Hijr. 46), degen ayatında jánnettegilerdiń máńgilik ómiri tınıshlıq, paraxatshılıq hám salamatlıqta keshiwi atap ótilgen. Demek, bul ayat tınıshlıq hám amanlıq tek ǵana bul dúnyada qádirli, bálkim jánnette de júdá ullı baxıt ekenin hám de jer júzi insaniyattıń páráwan, óz ara tatıw hám birge jasawı ushın jaratılǵanın bildiredi.

*«Eki ullı baylıq bar, kópshilik insanlar onıń qádirine jetpeydi.*
*Ol tınıshlıq hám densawlıq».*
***Hádis***

zorlıqtı dawam etetuǵınlarǵa qatań sharalar kóriw zárúrligi aytılǵan.

Tınıshlıqtı saqlaw ushın hárbir adam juwapker, onı saqlap qalıw hám bekkemlew ushın hárkim óz úlesin qosıwı kerek. Tınıshlıqqa qarsı shaqırıqlar ayırım regionlarda tınıshsızlıq, turaqsızlıq, partlaw hám ózin-ózi jarıwlar húkim súrip turǵan házirgi dáwirde elimizdegi tınıshlıq-tatıwlıqtı támiyinlew óz-ózinen bolmay atırǵanlıǵın ańlawǵa, ózara jáne de tatıw hám awızbirshilikli bolıp jasawǵa shaqıradı.

## BEKKEMLEW USHÍN SORAW HÁM TAPSÍRMALAR

1. Ózbekistan respublikasınıń sırtqı siyasatı principlerinde tınıshlıqtı saqlawǵa qaratılǵan qanday faktorlar bar?
2. Dúnya dinleri táliymatında tınıshlıqtı saqlaw ideyaları qalay talqılanadı?
3. Avestoda sáwlelengen «Jaqsı pikir, durıs sóz, tuwrı ámel» táliymatınıń tınıshlıqqa qanday baylanısı bar?



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

# 22-§ MISSIONERLIKTIŃ JASLAR KELESHEGINE QÁWIP SALÍWÍ

## AKTIVLESTIRIW USHÍN SORAW HÁM TAPSÍRMALAR

1. Missionerlik hám prozelitizm haqqında nelerdi bilesiz?
2. Missionerliktiń tiykarǵı maqsetleri nelerden ibarat dep oylaysız?
3. Ózbekistanda missionerlerdiń jumısları nızam menen tártipke salınǵan ba?
4. Missionerliktiń jámiyetke qanday tásiri bar?

## SEKTALAR

Missionerlik dinler arasındaǵı tábiyiy teń salmaqlılıqtıń buzılıwı, dinler aralıq kelispewshiliklerdiń kelip shıǵıwına sebep bolıwshı nızamǵa qarsı bolǵan illetlerden biri. Búgingi kúnde sekta hám toparlar missionerlik jumısı jámiyetti ishinen jemiriw, ǵárezli maqsetlerge erisiw yaki pul tabıwǵa baǵdarlanǵan. Olardıń bul jumısları mińlap insanlar, ásirese jaslardıń ómiri, densawlıǵı hám psixologiyasına qáwip tuwdıradı.

Kópshilik sektalar «Watan» túsinigin ulıwma tán almaydı. Bul bolsa insanlarda Watannan uzaqlasıw, onıń táǵdirine biypárwalıq hám juwapkersizliktiń qáliplesiwine alıp keledi.

Missionerlik shólkemleriniń úgit-násiyatı óz aǵzalarına áskeriy-xızmetke barıwdı qadaǵan etedi. Bunday ideyalarǵa qatań sadıqlıqtıń talap etiliwi óziniń mánisi boyınsha, milliy qáwipsizlikke tuwrıdan-tuwrı qáwip tuwdıradı. Ayırım sektalar «Bibliya»daǵı ayırım kórsetpelerdi ǵayrıinsanıy mazmunda talqılaydı.

**Sekta** bul — tek ǵana ózin haq din, insanlardı jaqsılıqqa jeteklewshi dep shaqıratuǵın, tiykarında belgili siyasiy hám ekonomikalıq maqsetlerdi kózde tutatuǵın topar.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Missionerlerdiń maqseti, belgili bir xalıqlar arasında óziniń diniy isenimine gúmanlanıw payda etip, áste-aqırın olarda óz ata-anası, milleti, Watanına jerkenish sezimin oyatadı.

Ayırım sektalarda bolsa bir insannıń qanın basqasına quyıw gúna esaplanadı. Insan ómiri ushın kútilmegen jaǵdaylarda qan quyıw sheshiwshi áhmiyetke iye ekenligin esapqa alatuǵın bolsaq, bunday ideologiyalıq úgit-násiyat qáwipli aqıbetlerge alıp keledi.

## MISSIONERLIK USÍLLARÍNÍŃ JETILISIWI

Missionerler mákán hám zamanǵa iykemlesken halda óz usıl hám wazıypaların bárqulla jetilistirip kelgen.

Tiykarınan, missionerler tiykarǵı itibardı aralas millet wákillerinen ibarat shańaraqlardıń aǵzaları, burın heshbir dinge sıyınbaǵan, awır kesellikke, judalıqqa, materiallıq qıyınshılıqqa dus kelgen, ádepikramlılıǵın dúzetiw mekemelerinen shıǵıp kelgen, yaǵnıy materiallıq hám ruwxıy járdemge mútáj adamlarǵa qaratpaqta.

Sonıń menen birge, missionerler sanaat kárxanaları jaylasqan aymaqlarda jumısshılar hám waqtınsha jumıssızlar hám de jeke isbilermenler menen islewge de ayrıqsha itibar qaratılǵanlıǵın aytıp ótiw zárúr.

Sonday-aq, sanaat tarawı xızmetkerleri, kitapxanashılar, orta mektep oqıtıwshıları, hár túrli basqarmalar xızmetkerleri aktiv missionerlik úgit-násiyat obyekti sıpatında tańlanıp atırǵanlıǵın da atap

**DÓRETIWSHILIK JUMÍS**

Qaysı jaǵdaylarda puqaralardıń bul minnetleri shekleniwi múmkin yaki basqa wazıypa menen almastırıladı?

*Ózbekistan Respublikasın qorǵaw — Ózbekistan Respublikasınıń hárbir puqarasınıń minneti.*

**Ózbekistan Respublikasınıń Konstituciyası 52-statya.**



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

ótiw kerek. Bunda sekta tásirine túsken kórkem óner xızmetkeri ónerdiń sezim-emocional tásir quwatınan paydalanıp, diniy isenimlik basım ótkeriwge joqarı nátiyjelikke erisiwi múmkin bolsa, prozelit kitapxanashıda bolsa «olja» sıpatında tańlanǵanlar menen jeke tártipte islew imkaniyatı boladı.

Atap ótilgen mısallar da missionerlik obyekti sıpatında tańlanıp atırǵan qatlamlar sheńberi turaqlı túrde keńeyip baratırǵanlıǵın kórsetedi.

Missionerler sistemalı úgit-násiyat basımın ámelge asırıw, basqıshpa-basqısh psixologiyalıq qısım ótkeriw arqalı kúshlerdi óz diniy isenimin ózlestiriwge májbúr etedi. Olardıń bunday háreketleri aqıbetinde insanlar hám konfessiyalar aralıq dushpanlıq sezimin qáliplesiwine tiykar jaratadı.

Ótken ásirdiń 90-jılları baslarında, 1995-jıllarǵa shekem qan quyılmaǵanı ushın qurban bolǵan 3 315 sekta dawamshıları atpa-at kórsetilgen memorial quralǵan edi.

## MISSIONERLER HÁM BALALAR

Missionerler ózleri haqqında unamlı túsinikti qáliplestiriw hám usı tiykarda óz jumısların keńeytiw maqsetinde mektep jasındaǵı balalar menen islesiwge de ayrıqsha itibar bermekte. Atap aytqanda, balalar ushın jazǵı demalıw orınların shólkemlestiriw arqalı tiyisli diniy isenimli tálim-tárbiyanı ámelge asırıwdan keń paydalanıp atırǵanın atap ótiw zárúr. Bun-

### DÓRETIWSHILIK JUMÍS

Iegovo sháhidleri tárepinen 1930-jıldan 1952-jılǵa shekem (22 jıl dawamında) óz tárepdarlarına keselliktiń aldın alıwǵa qaratılǵan vakcinaciyalardı alıwdı, 1967-jıldan (1980-jılǵa shekem, 23 jıl dawamında) teri hám organlardı kóshirip ótkeriwdi qadaǵan etip kelgeni buǵan ayqın mısal bola aladı. Biraq, 1944-jılı qabıl etilgen birewdiń qanın quydırmaw boyınsha qadaǵan etiwge házirgi kúnge shekem ámel etip kelmekte.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

day baǵdardaǵı háreket Ózbekistanda da sezilgenligin atap ótiw kerek.

Jazǵı dem alıs waqtında balalardı dem alıw orınlarına qısqa múdetke alıp shıǵıw, shirkew aymaǵına birneshe smenalı, keminde 2 máhál awqat beriletuǵın kúndizgi dem alıw lagerlerin shólkemlestiriw de missionerler aktiv paydalanatuǵın usıllardan esaplanadı.

Ádette bunday ámeliyat shirkewge qatnap atırǵan puqaralardıń balaları ushın shólkemlestirilgeni haqqında hámme jerde ashıq-aydın daǵazalanar edi. Biraq tiykarınan bunday háreketler «diniy isenimli tárbiyadan shette qalǵan balalar» ushın mólsherlengeni heshkimge sır emes.

Shirkewge ibadatqa keletuǵınlar arqalı máhálle hám mekteplerde balalar lagerlerine biypul jollama barlıǵı, dem alıs waqtında túrli dógerekler xızmet kórsetiwi, balalardıń dem alıwı mazmunlı ótiwi, áyyemgi orınlarǵa ekskursiyalar shólkemlestiriliwi haqqındaǵı daǵazalardıń tarqatılıwı da sonday juwmaq shıǵarıw imkanın beredi.

Missionerler tarqatılıp atırǵan kitaplar ishinde balalar ushın mólsherlengen «Injil» diń bolıwı bolsa shetten qaraǵan adam ushın kútilmegen jaǵday, biraq missionerler taktikasındaǵı tábiyiy-nızamlı process esaplanadı.

Shirkewlerde balalar ushın arnalǵan «ekshembi» mekteplerin shólkemlestiriw, bunday mekteplerge alınǵanlar qatnasında túrli ilajlar ótkeriw, xristianlıq ruwxı menen bayıtılǵan spektakller qoyıw hám belgili tayarlıqtan ótken tárbiyalanıwshılardan masihiylikke shaqırıwshı túrli ádebiyatlardı tarqatıwda aktiv paydalanıwǵa umtılıwı da balalar arasında alıp barıp atırǵan missionerliktiń ózine tán kórinisi sıpatında atap ótiw múmkin.

*Háreket insan bet perdesin ashıp beriwshi eń anıq qural. Insan qanday háreket etse sonday.*

***Gegel***

*Hárkim meni bilimdan eken degen maqsette ózinen danaraq adam menen básekelesse óz nadanlıǵın kórsetken boladı.*

***Sadiy Sheraziy***



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

## MISSIONERLIKKE QARSÍ GÚRESIW

Missionerlikke qarsı gúres máseleleri Ózbekistan Respublikasınıń «Hújdan erkinligi hám diniy shólkemler haqqında»ǵı Nızamı menen belgilep qoyılǵan.

Nızamǵa muwapıq «Bir diniy konfessiyadaǵı dindarlardı basqasına kirgiziwge qaratılǵan is-háreketler (proletizm), sonday-aq basqa hárqanday missionerlik jumısları qadaǵan etiledi. Usı qaǵıydanıń buzılıwına ayıpker bolǵan shaxslar nızam hújjetlerinde belgilengen juwapkerlikke tartıladı» (5-statya).

Biraq búgingi kúnde missionerler dúnya boyınsha demokratiyalıq qádiriyatlar, insan huqıqları joqarı áhmiyetke iye bolıp baratırǵanınan da óz maqsetleri jolında ustalıq penen paydalanıwǵa umtılmaqta.

Mısalı, missionerler kóbinese ***«Insan huqıqları Ulıwma jáhán deklaraciyası»*** hám de ***«Puqaralıq hám siyasiy huqıqlar haqqındaǵı xalıq aralıq Fakt»*** larda bekkemlep qoyılǵan ayırım qaǵıydalardı dálil etip kórsetedi.

Bunda hárbir insan hújdan erkinligi huqıqına iye ekenligi, usı huqıq, atap aytqanda, óz dinin ózgertiw, ibadat etiw, diniy dástúr hám máresimlerdi atqarıw erkinligin óz ishine alıwı haqqındaǵı qaǵıydalardı keltirgen halda óz jumıslarınıń nızamlı ekenligin júzeki dálillewge háreket etedi.

*Jaslardıń sanasında qanday keypiyat ústemligin aytsań, men saǵan keyingi áwladtıń tábiyatı qanday bolıwın aytıp beremen.*

***Edmund Berk***



### DÓRETIWSHILIK JUMÍS

Berilgen tekstti «Student jaslardı missionerlik jumıslarınıń tiykarǵı obyekti» dep qaralıwı menen baylanıstırıp túsindiriń.

*«Pútkil dúnyada universitet hám kolledjlerde 37 million student bilim aladı. Olardıń kópshiligi 20 jıldan soń iri lawazımlardı iyeleydi».*

**P.Jonstoun. «Dúnya operaciyası».**



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

## DÓRETIWSHILIK JUMÍS

Tekstti oqıń Mámleket puqaralarǵa hújdan erkinligi huqıqın beriw menen birge, bul huqıqtı ámelge asırıwında olarǵa qanday minnetleme júklenbekte? Pikirińizdi dálilleń.

*Puqaralar óz huqıq hám erkinliklerin ámelge asırıwda basqa shaxslardıń, mámleket hám jámiyettiń nızamlı mápleri, huqıqları hám erkinliklerine zıyan jetkizbewi shárt.*

**Ózbekistan Respublikası Konstituciyası 20-statya**

Biraq bul hújjettiń 18-statyası 2-bántinde diniy isenimdi ózlestiriw májbúriy is-háreketler menen baylanıslı bolmawı, 20-statyanıń 2-bántinde bolsa **dushpanlıq hám diniy alawızlıqtı keltirip shıǵaratuǵın háreketler nızam menen qadaǵan etip qoyılıwı zárúr**ligi haqqındaǵı qaǵıydalar bekkemlep qoyılǵan.

Missionerliktiń tiykarǵı maqseti qaysı dindi en jaydırıw yaki qaysı dindi kúshsizlendiriw emes, bálki siz benen biz jasap turǵan eldiń tınıshlıǵına qáwip salıw hám rawajlanıwdan toqtatıw.

## BEKKEMLEW USHÍN SORAW HÁM TAPSÍRMALAR

1. Sekta degende neni túsinesiz?
2. Sektalar jumısınıń zıyanı nelerde kóringen?
3. Missionerler balalar arasında jumıs alıp barıwda nelerge itibar bermekte?
4. Ózbekistan Respublikası Nızamlarında missionerlikke qanday múnásibet bildiredi?



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

# 23-§ «HÚJDAN ERKINLIGI HÁM DINIY SHÓLKEMLER HAQQÍNDA»ǴÍ NÍZAMNÍŃ MÁNIS-MAZMUNÍ

## AKTIVLESTIRIW USHÍN SORAW HÁM TAPSÍRMALAR

1. Hesh oylap kórgensiz be, Ózbekistan Respublikası Konstituciyasında «Ózbekistan Respublikasında barlıq puqaralar birdey huqıq hám erkinliklerge iye bolıp, jınısı, rasası, milleti, tili, dini, sociallıq kelip shıǵıwı, diniy isenimi, shaxsı hám sociallıq dárejesine qaramastan, nızam aldında teń» dep aytılǵanında qanday qádiriyatlar názerde tutıladı?
2. Húјdan erkinligin támiyinlew boyınsha elimizde qanday ámeliy jumıslar alıp barılmaqta?

Konstituciyamızdıń 31-statyasında «Hámme ushın húјdan erkinligi kepillenedi. Hárbir insan qálegen dinine sıyınıwı yaki heshbir dinge isenbew huqıqına iye. Diniy kózqaraslardı májbúriy sińdiriwge jol qoyılmaydı», dep bekkemlep qoyılǵan.

Usı qaǵıydanı ámelge asırıw mexanizmi sıpatında qabıl etilgen Ózbekistan Respublikasınıń «Húјdan erkinligi hám diniy shólkemler haqqında» ǵı Nızamnıń 3-statyasında húјdan erkinligi puqaralardıń hárqanday dinge sıyınıw yaki heshqanday dinge sıyınbaw-

*Er jetpegen balalardı diniy shólkemlerge shaqırıw, sonday-aq, olardıń ıqtıyarına, ata-anaları yamasa olardıń ornın basıwshı shaxslar ıqtıyarına qarsı ráwishte dinge oqıtılıwına jol qoyılmaydı.*

***Ózbekistan Respublikasınıń «Húјdan erkinligi hám diniy shólkemler haqqında»ǵı Nızamı 2-statyasınan.***



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Dinge iseniw yaki ózge diniy isenimler erkinligin milliy qáwipsizlikti hám jámáát tártibin, basqa puqaralardıń ómiri, salamatlıǵı, ádebi, huqıqı hám erkinliklerin támiyinlew ushın zárúr bolǵan dárejede ǵana shekleniwi múmkin.

dan ibarat kepillengen konstituciyalıq huqıqı ekenligi belgilep qoyılǵan.

Sonday-aq, puqara óziniń dinge iseniwge yaki isenbewge, ibadat etiwge, diniy úrp-ádetler hám máresimlerde qatnasıw yaki qatnaspawǵa, diniy bilim alıwǵa óziniń múnásibetin belgilep atırǵan waqıtta onı ol yaki bul tárizde májbúr etiwge jol qoyılmawı atap ótilgen.

***Ata-analar óz perzentleriniń túrli zıyanlı aǵımlarǵa kirip ketpewi usaǵan máselelerde juwapker.*** Olar óz perzentleri mánawiyatına, sonday-aq, ádep-ikramlılıǵına juwapker. Hárbir ata-ana ózleriniń milliy qádiriyatların balalarına tuwrı túsindiriwi kerek.

Din hám diniy isenim máseleleri insan ruwxıylıǵınıń ajıralmas bólegi bolıp esaplanadı. Bul máseleniń mazmun-mánisi haqqında tereń hám arnawlı bilimge iye bolıw turmıslıq ámeliy tájiriybeni tuwrı shólkemlestiriwge xızmet etedi.

Hújdan erkinligi hám diniy shólkemler haqqındaǵı normalardı nızamshılıqqa kirgiziliwi nátiyjesinde elimizde rásmiy jumıs alıp barıp atırǵan barlıq din wákillerine úlken imkaniyatlar jaratıldı.

1998-jılı Ózbekistan Respublikası Oliy Majlisiniń XI sessiyasında «Hújdan erkinligi hám diniy shólkemler haqqında»ǵı nızamnıń 23 statyadan ibarat jańa redakciyası qabıl etildi. Nızamdı islep shıǵıwda elimizdiń ózine tán sharayatı, onda jasawshı xalıqtıń huqıq hám mápleri, mentaliteti esapqa alındı. Nızamnıń tiykarǵı maqseti hárbir shaxstıń hújdan er-

**TARIXQA NÁZER**

1998-jıl 1-may kúni Ózbekistan Respublikası Oliy Majlisiniń XI sessiyasında «Hújdan erkinligi hám diniy shólkemler haqqında»ǵı nızamnıń 23 statyadan ibarat jańa redakciyası qabıl etildi hám bul Nızamdı islep shıǵıwda elimizdiń ózine tán sharayatı, onda jasawshı xalıqtıń huqıq hám mápleri, mentaliteti esapqa alındı.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Ózbekistan Respublikası demokratiyalıq principlerge sadıqlıǵınıń dálili sıpatında mámlekettiń din hám diniy shólkemler menen óz ara múnásibette tómendegi principlerge ámel etiwdi daǵazaladı:

- dindarlardıń diniy sezimlerin húrmet etiw;
- diniy isenimlerdi puqaralardıń yaki olardıń birlespeleriniń jeke jumısı dep tán alıw;
- diniy kózqaraslarǵa ámel etiwshi puqaralardıń da, olarǵa ámel etpeytuǵın puqaralardıń da huqıqların teńdey kepillew hám olardıń jumısların qadaǵan etiwge jol qoymaw;
- Mánáwiy tikleniw, ulıwma insanıy ádep-ikramlılıq qádiriyatlardı en jaydırıw jumıslarında túrli diniy birlespelerdiń imkaniyatlarınan paydalanıw ushın olar menen pikirlesiw jolların izlew zárúrligi;
- dinnen buzǵınshılıq maqsetlerde paydalanıwǵa jol qoymawdı atap ótiw.

kinligi hám diniy isenim huqıqın, dinge múnásibetine qaramastan, puqaralardıń teń ekenligin támiyinlew, sonday-aq, diniy shólkemlerdiń jumısı menen baylanıslı múnásibetlerdi tártipke salıp turıwdan ibarat.

Nızam «Puqaralıq hám siyasiy huqıqlar» haqqındaǵı xalıq aralıq Fakt» ta belgilengen qaǵıydalardı atap ótken.

Insan óz dini hám isenimin ózgertiwi kópshilik jaǵdaylarda unamsız aqıbetlerge alıp keledi. Ásirese bunday háreketler aqıbetinde shańaraq ortalıǵında ata-bala, aǵa-ininiń júz kórmes bolıp ketip atırǵanın heshqanday jol menen aqlap bolmaydı. Bunday tárepler esapqa alınǵan halda nızamshılıqta bunday jaǵdaylarǵa baylanıslı juwapkerlikke tartıwda belgilengen.

Mısalı, Ózbekistan Respublikası Hákimshilik juwapkerlik haqqındaǵı kodekstiń 240-statyası ekinshi bóliminde bir konfessiyaǵa tán dindarlardı basqasına

**Prozelitizm —** bir konfessiyaǵa tán dindarlardı basqasına kirgiziwge qaratılǵan is-háreket.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

*Biziń Konstituciyamız hám nızamlarımızda, millet, til hám dinine qaramastan barlıq puqaralarımız teń huqıq hám erkinliklerge iye ekenligi kepillenip qoyılǵan. Olarǵa óz milliy mádeniyatı, dástúr hám úrp-ádetlerin saqlaw, hár tárepleme rawajlandırıw ushın barlıq imkaniyatlar jaratılǵan.*

***Shavkat Mirziyoyev***

kiritiwge qaratılǵan is-háreketler (prozelitizm) hám basqa missionerlik xızmeti ushın juwapkerlik belgilengen.

Diniy ekstremizm, separatizm hám dogmatizmlik ideyaları menen bayıtılǵan baspalar, kino, foto, audio, video ónimleri hám usınday basqa ónimlerdi tayarlaw, saqlaw hám tarqatıw huqıqbuzarlıq ekenligi belgilep qoyıldı.

Juwmaqlap aytqanda, «Hújdan erkinligi hám diniy shólkemler haqqında» ǵı nızamdı turmısqa en jaydırıw hám tarawǵa tiyisli ámelge asırılıp atırǵan huqıqıy reformalar nátiyjesinde diniy shólkemlerdi

## DÓRETIWSHILIK JUMÍS

Berilgen tekstti dıqqat penen oqıń hám onı Ózbekistan Respublikası Konstituciyasınıń 2-statyasında belgilengen bul qaǵıyda menen baylanıstırıp túsindiriń, «Ózbekistan Respublikası óz aymaǵında jasawshı barlıq millet hám elatlardıń tilleri, úrp-ádetleri hám dástúrleriniń húrmet etiliwin támiyinleydi, olardıń rawajlanıwı ushın sharayat jaratadı.»

*«Samarqand qalasında Sahıpqıran Ámir Temur dáwirinde qurılǵan, Daniyar payǵambar atı menen atalatuǵın maqbara islam, xristian hám yahudiylik dini wákilleri tárepinen birdey húrmetlenedi.*

*El-jurtımız neshe ásirlerden berli bul qutlı mákandı asırap-abaylap, abat etip, oǵan húrmet-izzet kórsetip kelmekte.»*

**Shavkat Mirziyoyev**



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

## DÓRETIWSHILIK JUMÍS

Berilgen tekstti dıqqat penen oqıń. Mámlekettiń diniy shólkemlerge berip atırǵan imkaniyatların keńpeyillik principleri tiykarında sáwbetlesiń.

*«Diniy shólkemlerdiń oraylıq basqarıw organları diniy maqsetlerge mólsherlengen buyımlar, diniy ádebiyatlar hám diniy mazmundaǵı basqa informaciya materialların Ózbekistan Respublikası nızam hújjetlerinde belgilengen tártipte islep shıǵarıwǵa, eksport hám import etiwge hám de tarqatıwǵa haqılı».*

**Ózbekistan Respublikası «Hújdan erkinligi hám diniy shólkemler haqqında»ǵı nızamnıń 19-statyasınan.**

dizimge alıw hám de olarǵa basshılıq etiw, nızamsız diniy aǵımlardıń jayılıp ketiwiniń aldın alıw, diniy bilim beriw sistemasın jetilistiriw, sonday-aq, diniy ádebiyatlardı basıp shıǵarıw hám tarqatıw usaǵan diniy turmıs turaqlılıǵın támiyinlewge qaratılǵan wazıypalardı atqarıw ushın zaman talaplarına say huqıqıy mexanizm jaratıldı.

## BEKKEMLEW USHÍN SORAW HÁM TAPSÍRMALAR

1. Ózbekistan Respublikası Jınayat Kodeksiniń $216^{2}$-statyasın oqıp, diniy shólkemler haqqındaǵı nızam hújjetlerin buzıwdıń subyektiv tareplerin túsindirip beriń. Bul jınayattıń subyekti kimler bolıwı múmkin? Jınayattıń obyekti ne?
2. Elimizde diniy konfessiyalar ortasındaǵı tınıshlıq hám tatıwlıqtı qollap-quwatlaw ushın qanday ilajlar ámelge asırılmaqta?
3. Ózbekistan Respublikası nızamlarında prozelitizm ushın qanday juwapkerlik belgilengen?
4. Tariyx páninen alǵan bilimlerińizge tiykarlanıp, puqaralardıń hújdan erkinligi qalay támiyinlengenligi boyınsha pikir bildiriń.
5. Hújdan erkinligi degende neni túsindińiz?



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

# 24-§ ÓZBEKISTANNÍŃ DIN NÍQABÍNDAĞÍ EKSTREMIZM HÁM TERRORIZMGE QARSÍ GÚRESTEGI ORNÍ

## AKTIVLESTIRIW USHÍN SORAW HÁM TAPSÍRMALAR

1. Hesh oylap kórgensiz be, ekstremisler ne ushın ózleriniń ǵárezli maqsetlerin ámelge asırıwda dinnen nıqap sıpatında paydalandı?
2. Ekstremisler hám terrorshılardıń tiykarǵı maqseti nede dep oylaysız?
3. Ekstremislerdiń ideyalarına dúnya dinleri wákilleriniń múnásibeti qanday?
4. Insan sanasında payda bolǵan boslıq ekstremistlik ideyalarǵa boysınıwǵa alıp keledi?
5. Insan sanasında boslıq payda bolmawı ushın neler islew kerek?

*Kimde-kim jerdiń orayı ústinde baqlaw ornatsa, ol dúnya atawına iye boladı, kimde-kim dúnya atawında baqlaw ornatsa ol jáhán ústinen húkimranlıq ete aladı.*

***Jon Makkinder***

XX ásirdiń 90-jıllarına kelip dúnya siyasiy kartasınıń ózgeriwi, jańa ǵárezsiz mámleketlerdiń júzege keliwi, jáhán jámiyetshiliginiń globallasıwı hám integraciyalasıwı, zamanagóy xalıq aralıq múnásibetlerde jańasha tártiplerdiń qáliplesiwine túrtki boldı.

Bul dáwirde Oraylıq Aziya regionı óziniń ekonomikalıq hám strategiyalıq áhmiyeti boyınsha dúnyanıń belgili aymaǵı sıpatında tán alındı. Buǵan tómendegi faktorlar sebep bolmaqta:

- *Oraylıq Aziya arqa hám qubla, shıǵıs hám batıstı júdá áhmiyetli transport-kommunikaciya jolları menen baylanıstırıwshı aymaq sanaladı;*
- *Oraylıq Aziya aymaǵı Shıǵıs hám batıs civilizaciyaları kesilisken, hám islam, xristian hám buddizmlik dinleri jám bolǵan noqatta jaylasqan.*



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

- Bul — *regionnıń tábiyiy resurslar* (neft, gaz, altın, uran hám reńli metallar hám basqalar) ǵa bay ekenligi kópshilikti ózine qaratadı.

Bunday materiallıq baylıqlarǵa iye bolıwǵa umtılǵan ǵárezli toparlar hárbir imkaniyattan paydalanıwǵa, eń ullı baylıǵımız bolǵan milliy qádiriyatlarımız hám mánáwiyatımızdı joq etiwge háreket etedi.

Biz búgingi kúnde quramalı zamanda jasap atırmız. Sońǵı payıtlarda pútkil dúnya mámleketlerin diniy ekstremizm hám terrorizm táshwishke salıp kelmekte. Dúnyanıń túrli regionlarında dawam etip atırǵan jergilikli urıslar, áskeriy qarama-qarsılıq hám kelispewshilik, terrorshılıq aktleri xalıq aralıq qáwipsizlikke qáwip salmaqta. Házirgi kúnde diniy ekstremizm hám xalıq aralıq terrorizm dúnya elleri ushın sırtqı emes, bálki ishki qáwipsizlikke de tiyisli máselelerge aylandı. Sebebi diniy ekstremizm hám xalıq  aralıq terrorshılıq shólkemleri jawıngerlik usılları menen hákimiyat ushın gúresiwshi toparlardı qáliplestiriw, olardı hár tárepleme xoshametlew hám qollap-quwatlawǵa umtılmaqta.

**Diniy ekstremizm** — jámiyet ushın dástúriy bolǵan diniy qádiriyatlar hám aqidalıq tiykarlardı inkar etip, olarǵa qarsı bolǵan «ideyalar» hám ámellerdi agressiv tárizde tarqatıw.

## TARIYXQA NÁZER

Oraylıq Aziya mámleketlerinde terrorshılıq háreketleri 1990 — 1996-jılları Tájikstandaǵı puqaralıq urısı dawamında, 1999 — 2001-jılları Qırǵızstannıń Botken wálayatlarında, elimiz aymaǵında 1990-jılı Namangan hám Ándijanda, 1999-jılı Tashkent qalasında, 1999 — 2001-jılları Ózbkistannıń Surxandárya hám Tashkent wálayatlarında, 2004-jıldıń mart-aprel aylarında Tashkent qalası hám Buxara wálayatında, 2004-jıldıń iyul ayında Tashkent qalasında, 2005-jılı Ándijanda júz berdi.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

## DÓRETIWSHILIK JUMÍS

Berilgen tekstti dıqqat penen oqıń: Ondaǵı «xalqımızǵa ázelden tán bolǵan keńpeyillik dástúrleri» haqqında pikir bildiriń:

*«Biziń mámleketimiz kóp milletli hám kóp konfessiyalı mámleket. Búgingi kúnde elimizde 130 dan artıq millet hám elat wákilleri bir shańaraq perzentlerindey tınısh hám tatıw jasamaqta. Bunda, hesh gúmansız, xalqımızǵa ázelden tán bolǵan keńpeyillik dástúrleri áhmiyetli rol oynamaqta».*

Ǵárezsizlikke erisken Ózbekistan Respublikası diniy dogmatizmlik, fanatiklik, ekstremizm hám terrorshılıqtıń regionlıq hám ulıwma jámiyetlik masshtabtaǵı qáwip ekenliginen kelip shıǵıp, jáhán jámiyetshiligi oǵan qarsı birgelikte gúresiwi lazım ekenligi haqqındaǵı ideyanı dúnyanıń adırayli shólkemleri dereklerinen daǵazaladı. Tiykarınan, Ózbekistan Respublikası Birinshi Prezidenti Islam Karimov 1993-jıl 28-sentyabrde BMSh Bas Assambleyasınıń 48-sessiyasında etken bayanatında jáhán jámiyetshiligin Awǵanstan mashqalasın úyreniw hám sheshiwge shaqırdı.

Ózbekistan diniy ekstremizm hám terrorizmge qarsı gúresiw boyınsha huqıqıy proceslerdi tártipke salıw, ekstremislik ideyalar tarqalıwınıń aldın alıw ushın óziniń ishki siyasatında da tiyisli is-ilajlardı ámelge asırıp kelmekte.



*2001-jılı terrorshılıq aqıbetinde buzıp jiberilgen minaralar ornına qurılǵan milliy memorial hám muzey. Nyu-York.*



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

**Dogmatizmlik (Aqidaparaslıq)** (aqida — arabsha — isenim) belgili bir sharayatta, qanday da bir ideya yaki principke qatań iseniw hám onı ulıwmalastırıw tiykarında qáliplesken qaǵıyda hám tártiplerdi hám de olardı sharayat, halat, jaǵdaydı esapqa almaǵan halda, ashıqtan-ashıq qollaw hám urınıwdı ańlatadı.

**Ekstremizm** (ekstremizm — francuzsha «ekstremisme», latınsha «extremus» — keskin, sońǵı) jámiyette qabıl etilgen belgili nızam-qaǵıydalarǵa qarsı bolǵan ideyalardı tarqatıw hám olardı ámelge asırıw.

Ózbekistan Respublikası Konstituciyası hám de 1998-jıl 1-mayda jańa redakciyada qabıl etilgen «Hújdan erkinligi hám diniy shólkemler haqqında» ǵı Nızamda bul baǵdardaǵı jumıstıń huqıqıy tiykarları jámleniwi menen birge din nıqabı astında ekstremislik ideyalardıń tarqalıwına shek qoyıldı.

Respublikamız ekstremizm, terrorizm hám de onı qarjılandırıw menen tıǵız baylanıslı bolǵan narkobiznes hám narkotrafikke qarsı gúresiwde de qatań siyasat alıp barmaqta. 1999-jılı «Náshebentlik quralları hám psixotrop elementler haqqında» ǵı, 2000-jılı «Terrorizmge qarsı gúresiw haqqında»ǵı hám 2006-jıldıń 1-yanvarınan ámelge engizilgen «Jınayıy jollar menen alınǵan dáramatlardı legallastırıwǵa hám terrorizmdi qarjılandırıwǵa qarsı gúresiw haqqında»ǵı nızamlardıń qabıl etilgeni de pikirimizdi tastıyıqlaydı.

Ótken jıllar dawamında respublikamız terrorshılıqqa qarsı gúres penen baylanıslı bir qatar xalıq aralıq hújjetlerdi ratifikaciyaladı. Atap aytqanda,

AQSh mámleketilik departamenti maǵlıwmatları boyınsha, jer júzinde jılına 10 mıńnan zıyat terrorshılıq háreketleri júz beredi.

70 mıńnan aslam insan bunday háreketler aqıbetinde ómirden mezgilsiz kóz jumadı — bulardan 80% tin er jetpegen jas balalar quraydı.

Xalıq aralıq statistikalıq maǵlıwmatlarǵa qaraǵanda, házirgi kúnde dúnya kóleminde 500 den artıq terrorshılıq shólkemi bar.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

## DÓRETIWSHILIK JUMÍS

Berilgen tekstti oqıń, urıslar qanday aqıbetlerge alıp keliwin pikirlesiń.

*Urısta jeńimpaz hám baxıtlı patsha, jeńimpaz hám baxıtlı armiya, jeńimpaz hám baxıtlı mámleket, jeńimpaz hám baxıtlı sistema bolıwı múmkin. Biraq, jeńimpaz hám baxıtlı adam bolmaydı. Sebebi, urıs adamdı adam óltiriwge májbúr etedi. Adam óltirgen adam bolsa, hesh qashan baxıtlı bolmaydı.*

***Ótkir Xoshimov «Dápter betlerindegi bitikler».***

2000-jıldıń 24-aprelinde Ózbekistan Respublikasınıń Birinshi Prezidenti Islam Karimov baslaması menen Tashkent qalasında bolıp ótken Qazaqstan, Qırǵızstan, Tájikstan hám Ózbekistan mámleketleriniń basshıları tárepinen qol qoyılǵan terrorshılıq usaǵan júdá awır jınayattı túp-tamırı menen qırqıp taslawǵa qaratılǵan pitim hám de mine usı jıldıń 21 — 22-iyun kúnleri ǴMDA mámleketleriniń Moskvada bolıp ótken ushırasıwında usı másele boyınsha áhmiyetli hújjetke qol qoyıldı.

Sonday-aq, Ózbekistan Respublikası Oliy Majlisi tárepinen «Genocid jınayatınıń aldın alıw haqqında» (1961-jıl 12-yanvardan kúshke kirgen), «Jallanba adamlardan paydalanıw, olardı qarjılandırıw hám bilim beriwge qarsı gúres haqqında» (1989-jılı qabıl etilgen), «Bombalı terrorshılıqqa qarsı gúres haqqında» (1997-jılı 16-dekabr), «Plastik partlawshı elementlerdi tabıw maqsetinde olardı markirovka etiw haqqında» (1991-jıl) usaǵan bir qatar xalıq aralıq konvensiyalar da ratifikaciyalanǵan.

Respublikamız tárepinen terrorshılıqqa qarsı ámelge asırılıp atırǵan bunday ilajlar tınıshlıqtı saqlawda úlken áhmiyetke iye. Ásirese, bir qatar mámleket basqarmaları, atap aytqanda, qorǵanıw, ayrıqsha jaǵdaylar hám ishki isler ministrlikleri, milliy qáwipsizlik xızmeti, shegara, bajıxana hám prokuratura basqarmalarınıń terrorshılıqqa qarsı gúresindegi jumısların sistemalı jolǵa qoyıw búgingi kún talabı.

Respublikamız terrorizmge qarsı qaratılǵan kóplegen xalıq aralıq shártnamalardı ratifikaciyalap, olardaǵı minnetlemelerdi dawamlı atqarıp kelmekte. Sonıń menen birge, bul máselelerde óziniń baslamaların alǵa súrip atırǵanın da ayrıqsha atap ótiw zárúr.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

BMShniń terrorizmniń aldın alıw hám oǵan qarsı gúresiwge qaratılǵan 13 hújjet (11 Konvensiya hám 2 protokol) bar ekenligi belgili. Ózbekistan 12 mine usınday xalıq aralıq shártnamanı ratifikaciyalaǵan. Olardıń qatarında 1971-jıldaǵı «Puqara aviaciyasınıń qáwipsizligine qáwip salatuǵın nızamsız aktlarǵa qarsı gúres», 1973-jıldaǵı «Xalıq aralıq qorǵawdan paydalanıwshı shaxslar, atap aytqanda, diplomatiyalıq agentlerge qarsı jınayatlar ushın jazalaw hám olardıń sheshimin tabıw»; 1979-jıldaǵı «Girewge alıw háreketlerine qarsı gúres»; 1980-jıldaǵı «Yadrolıq materiallardıń qorǵalıwı»; 1988-jıldaǵı «Teńiz kemeleri háreketi qáwipsizligine qáwip salatuǵın nızamsız aktlarǵa qarsı gúres»; 1997-jıldaǵı «Bombalıq terrorizmge qarsı gúres»; 1999-jıldaǵı «Terrorizmdi qarjılandırıwǵa qarsı gúres» Xalıq aralıq konvensiyalarınıń bar ekenligin kóriw múmkin.

Búgingi kúnde BMSh tárepinen «Yadrolıq terrorizm háreketlerine qarsı gúresiw haqqında» ǵı xalıq aralıq konvensiya hám «Terrorizmge qarsı gúres boyınsha jalpı konsepciya» jobasın tayarlap atırǵanı Ózbekistan Respublikasınıń terrorizmge qarsı gúres boyınsha baslamalarına sáykes.

Ózbekistan Evropa Keńesi sheńberinde de terrorizmge qarsı gúreske qaratılǵan 7 xalıq aralıq shártnamaǵa qol qoyǵan.

Ózbekistan Respublikası ekstremizm hám terrorizmge qarsı gúresiw máselelerinde Ǵárezsiz mámleketler doslıǵı, Shanxay birge islesiw shólkemi, Evroaziya ekonomikalıq birge islesiw shólkemi, Islam konferenciyası shólkemi hám basqa xalıq aralıq shólkemler sheńberinde de belsene qatnaspaqta.



## BEKKEMLEW USHÍN SORAW HÁM TAPSÍRMALAR

1. Xalıq aralıq terrorizm mashqalası házirgi dáwirdiń áhmiyetli global mashqalalarınan birine aylanıwı qaysı sebepler menen baylanıslı?
2. Diniy ekstremizmniń tiykarǵı ózgeshelikleri nelerden ibarat?
3. Jámiyetti diniy ekstremislik ideyalar tásirinen qorǵaw ushın qanday usınıslar bildirgen bolar edińiz?
4. Ruwxıy qádiriyatlardı asıraw ne ushın kerek?



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

## QOSÍMSHA OQÍW USHÍN

- 1993-jılı BMShniń 48-sessiyasında Ózbekistan Respublikasınıń Birinshi Prezidenti Islam Karimov tárepinen regionlıq qáwipsizlikti bekkemlewge hám de yadro quralı tarqalmawı hám quralsızlanıw boyınsha usınıslar kirgizdi.
- 1995-jılı BMSh bas assambleyasınıń 50-sessiyasında Ózbekistan Awǵanstanǵa qural-jaraq kirgiziwge qarsı xalıq aralıq embargo qoyıw ideyası menen shıqtı.
- 1997-jıl elimiz Ózbekistannıń baslaması menen 6+2 (Iran, Qıtay, Pakistan, Tájikstan, Túrkmenstan, Ózbekistan, AQSh hám Rossiya) formasındaǵı pikirlesiw toparı xızmet kórsetti.
- 1999-jılı «Awǵanstandaǵı mashqalalardı tınısh jol menen sheshiw principleri haqqında» ǵı Tashkent dikloraciyasına qol qoyıldı.
- 2008-jılı NATO shólkeminiń Buxarest sammitinde Awǵanstan IR kelispewshiliklerin birgelikte siyasiy jol menen sheshiw, ekonomikalıq járdem kórsetiw maqsetinde Pikirlesiw toparı jumısı 6+3 (NATO qatnasında) formasında kórindi.
- 1999-jıl Evropa qáwipsizlik hám birge islesiw shólkeminiń Stambul sammitinde Ózbekistan tárepinen usınıs etilgen «terrorizmge qarsı gúres boyınsha Xalıq aralıq orayı»n shólkemlestiriw ideyası 2001-jıldıń sentyabrinde BMSh Qáwipsizlik keńesi sheńberinde aksilterror komitetiniń dúziliwi menen óziniń tastıyǵın taptı.
- 2002-jılı Islam Karimov usınısı menen náshebentlik hám psixotrop zatlardı nızamǵa qarsı ráwishte aylanısta bolıwına qarsı gúresiw boyınsha Oraylıq Aziyada regionlıq informaciya muwapıqlastırıw orayı ashıldı.
- 2014-jıl 6-may kúni BMSh tárepinen birinshi márte bes yadrolıq mámleket AQSh, Ullı Britaniya, Franciya, Qıtay hám Rossiya awızbirshilik penen áhmiyetli xalıq aralıq hújjetke Oraylıq Aziyada yadro quralınan awlaq zona qurıw haqqındaǵı shártnamaǵa qol qoydı.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

# 25-§ KIBERMÁKANDA DIN HÁM INFORMACIYADAN PAYDALANÍW MÁDENIYATÍ



## AKTIVLESTIRIW USHÍN SORAW HÁM TAPSÍRMALAR

1. «Kimde-kim informaciyaǵa iye bolsa, dúnyaǵa iyelik etedi» degen pikirdi siz qalay túsinesiz?
2. Internettegi rásmiy hám rásmiy emes maǵlıwmatlar degende neni túsinesiz? Rásmiy emes maǵlıwmatlarǵa qanshelli isenesiz?
3. Jalǵan xabar tarqatıw, birewdiń tınıshlıǵın buzıw milliy qádiriyatlarımızda qalay bahalanadı?
4. Siziń mobil telefonıńızǵa yaki elektron pochtańızǵa belgisiz shaxslar tárepinen jiberilgen xabarǵa múnásibetińiz qanday?

## KIBERMÁKAN

Búgingi kúnde internet arqalı islenip atırǵan jınayatlar kóplep sezilmekte. Olar Kibermákánda ózleri ushın «in qurıp» alıp, global masshtabta jámiyetlik-ekonomikalıq hám ideologiyalıq qáwiplerdiń júzege keliwine sebepshi bolmaqta.

Kibermákán túsinigi birinshi márte 1982-jılı paydalanıwǵa kirgizilgen. Kibermákán «Kibernetika» hám «mákán» sózleriniń birlespesinen ibarat.

Kibernetikanıń texnikalıq tiykarın elektron esaplaw mashinaları — kompyuterler quraydı. Kibermákán

*Adamnıń bárshe esitkenlerin sóyley beriwi onıń ótirikshiligine jeterli dálil.*

***Hádis***





**Kibernetika (grekshe, basqarıw óneri)** — informaciyanı qabıl etiw, onı qayta islew hám de onnan proceslerdi basqarıwda paydalanıw menen shuǵıllanatuǵın pán.

**Informaciya** — oylawdın formasına qaramastan shaxslar, waqıyalar hám procesler haqqındaǵı maǵlıwmat.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

informaciya uzatıw hám qabıl etiw arqalı túrli processlerdi basqarıw hám olarǵa tásir ótkeriwdiń eń qolay quralına aylandı.

Búgingi kúnde global qáwip bolǵan terrorshılıq internet álemine de kirip barıp, kiberterrorshılıq ataması júzege keldi.

Kiberterrorshılar informaciya texnologiyalarınan paydalanıp, siyasiy, diniy hám ideologiyalıq tásir ótkeriwge háreket etedi. Bul processte kóbinese xakerler xızmetinen paydalanıladı.

Xakerler dúnyanıń kóplegen ellerinde mámleket basqarmaları, finans sistemaları, xalıq aralıq shólkemlerdiń maǵlıwmat bazalarına hújimler jasap tártipsizlikti keltirip shıǵaradı.

**Informaciya** — (lat. Informatio — túsindiriw, málim etiw) kibernetikanıń tiykarǵı túsiniklerinen biri bolıp, kórsetkishler, maǵlıwmatlar, informaciyalardıń jıyındısı hám basqa.

Kiberterrorshılar óspirim jaslardıń qızıǵıwshılıǵına qarap, olardı túrli videokórinisler hám fotosúwretlerdi tamashalawǵa shaqıradı. Bunıń menen milliy hám ulıwma insanıy qádiriyatlarǵa zıyan jetkeriwge háreket etedi. Nátiyjede máńgúr insanlardı qáliplestiriw arqalı mámleketlerde tınıshlıq hám turaqlılıq ortalıǵın izden shıǵaradı.

Kiberterrorshılar óz maqsetlerin ámelge asırıwda diniy faktordan paydalanıp, insanlardıń qáliblerin iyelewge belgili bir aymaqta háreket etedi. Bunda diniy túsiniklerdi nadurıs talqılaw arqalı fanatiklik keypiyatın qáliplestiriw tiykarǵı maqset esaplanadı.

## INFORMACIYA

**Informaciyadan paydalanıw mádeniyatı** — insan mánáwiyatın izden shıǵarıwǵa qaratılǵan informaciyalarǵa qarsı mánáwiy-ruwxıy kúsh bolıp tabıladı.

Globallasıw sharayatında maǵlıwmatlardı zamanagóy tez islewshi qurallar arqalı tezlik penen tarqatılıwı sezilmekte. Internet sisteması arqalı tarqatılıp atırǵan informaciya hám maǵlıwmatlarǵa túrli siyasıy qısımlar, mámleket shegaraları tosıq bola almaslıǵı úlken materiallıq hám mánáwiy qáwiptiń kelip shıǵıwına sebep bolıp atırǵanın birqansha mámleketler mısalında kóriwimiz múmkin.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Rásmiy emes informaciyalarda buzǵınshı ideyalar taralıwı hám terrorǵa shaqırıqlar júdá kóp ushıraydı. Sonıń ushın da, búgingi kúnde hárbir shaxsqa informaciyadan paydalanıw mádeniyatın rawajlandırıw turmıs zárúrligine aylandı.

Zamanagóy ilimiy-texnikalıq revolyuciya jámiyet turmısınıń materiallıq tiykarların tártipke saldı. Xalıqlardıń turmıs dárejesin aymaǵı yaki jer resursları emes, bálki informaciya, intellektual yaki mánáwiy sheberligi belgilep bere basladı.

**Informaciyalıq qorqıtıw** — informaciya tásiriniń real qáwpi.

**Informaciyalıq qáwip** — belgili bir siyasiy-sociallıq kúshlerdiń shaxs, jámiyet hám mámleket máplerine real informaciyalıq tásiri.

## DÓRETIWSHILIK JUMÍS

1. Berilgen tekstti oqıń hám olardıń mazmunın informaciyadan paydalanıw mádeniyatı túsinigi menen túsindiriwge háreket etiń.

*«Háy móminler! Eger sizlerge qanday da bir pasıq xabar keltirse, sizler (haqıyqıy awhaldı) bilmegen halıńızda qanday da bir qáwimge zıyan jetkerip qoyıp, (keyin) islegen islerińizge pushayman bolmawıńız ushın (ol xabardı) anıqlap (tekserip) kóriń!»*

**Qurani Karim. Hujura, 6-ayat.**

*Hárkim pikirlew, sóz hám isenim erkinligi huqıqına iye. Hárkim ózi qálegen informaciyanı izlew, alıw hám onı tarqatıw huqıqına iye, ámeldegi konstituciyalıq sistemaǵa qarsı qaratılǵan informaciya hám nızam menen belgilengen basqa sheklewler bular qatarına kirmeydi.*

**Ózbekistan Respublikası Konstituciyası, 29-statya.**



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

**Informaciyadan paydalanıw mádeniyatı** — jaqsılıq hám rawajlanıwǵa xızmet etiwshi maǵlıwmatlardı informaciya dúnyasınan saylap alıwdaǵı bilimler, qábilet hám tájiriybeni ózinde sáwlelendiredi.

## INSAN SANASÍ USHÍN GÚRES

Insan sanasın jat ideyalar menen záhárlew, bazıda onı tańlaǵan, salamat turmıs jolınan shıǵıp ketiwine alıp keliwshi informaciyalar ásirese rásmiy emes derekler tárepinen tarqatıldı.

Informaciya hújimleri nátiyjesinde reńli mámleketler shegaraları qol qatılmaslıǵınıń buzılıwına shekem alıp keliniwi búgingi kúnde ideologiya poligonlarınan da kóbirek kúshke iye ekenligin dálillemekte. Informaciya urısınıń tiykarǵı maqseti shaxs yaki eldiń tınıshlıǵına qáwip salǵan halda, basım ótkeriw.

## VIRTUAL PIKIRLESIW

Virtual pikirlesiw quralları hár túrdegi fayllar hám informaciyalardı almasıw maqsetinde dúzilgen.

Házirgi kúnde vertual pikirlesiw quralları arqalı jiberilip atırǵan maǵlıwmatlar tek ǵana basqalardı hayran qaldırıwǵa tiykarlanıp, onıń durıs hám durıs emesligi áhmiyetsiz. Bunda kóbinese, tiykarsız

### DÓRETIWSHILIK JUMÍS

Bul jaǵdaydı talqılań.

*Kópten berli bir-biri menen kórispegen Azat hám Aman atlı doslar ushırasıp qaldı. Azat dostına usı jaqın jerde ıqsham milliy taǵamlar asxanası bar, Wi-Fi da biypul dep dostın birgelikte túslik etiwge mirát etti. Olardı shıraylı kiyingen asxana xızmetkeri kútip aldı hám bos orındı usındı. Azat asxana xızmetkerlerinen Wi-Fi qosıp beriwin soradı. Telefonlar dúnya informaciya tarmaǵına jalǵandı, buyrılǵan taǵam keltirildi. Hár eki dos taǵam ústinde telefonlarına jiberilgen súwretlerdi kóriw, anekdotlardı oqıw menen bánt bolıp otırdı. Olar awqatlanıp bolıp kóshege shıǵar eken, telegramm nomerlerin almastırıp aldı hám bir-birine xat jazıp turıwların bildirdi.*



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE



maǵlıwmat tarqatılıp, onda júzlep, mıńlap adamlar ózlerinshe básekilesedi.

Salamat aqıl iyeleri internet qolaylıqlarınan óz bilimlerin asırıw jolında aqılǵa muwapıq paydalanadı. Biraq ayırım jaslar bolsa usı tarmaqtaǵı jawızlıqqa, ruwxıy hálsirewge sebep bolatuǵın saytlarda «seyil etip», ózleri hám átiraptaǵılardıń sanasın záhárleydi.

*Informaciya quralı, konkret, arnawlı tańlanǵan áhmiyetli obyekt yaki ondaǵı zıyanlı bólimdi isten shıǵarıwǵa qaratılǵan joqarı anıqlıqqa iye áskeriy qurallarǵa qaraǵanda, pútkil áskeriy, ekonomikalıq yaki social sistemanı isten shıǵarıw qásiyetine iye.*

***V. Slipchenko***

## BEKKEMLEW USHÍN SORAW HÁM TAPSÍRMALAR

1. Informaciya qáwpi degende neni túsinesiz?
2. Informaciyadan tuwrı paydalanıwda qanday háreket etiw kerek?
3. Rásmiy emes informaciyalar nesi menen qáwipli?
4. Siziń ómirińizde informaciyalıq qorqıtıw yaki informaciyalıq qáwip nelerden ibarat bolıwı múmkin? Juwabıńızdı dálilleń.
5. Siziń telegram nomerińizge «siz jumıslarıńız jaqsı bolıwın qáleseńiz usı xabardı on adamǵa jiberiń, bolmasa...» degen xabar keldi. Bul xabar hám tapsırmaǵa siziń múnásibetińiz qanday boladı.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

# 26-§ DINLERDE ÓMIR QÁDIRI

## AKTIVLESTIRIW USHÍN SORAW HÁM TAPSÍRMALAR

1. «Ómir — biybaha baylıq» hikmetine sholıw jasań.
2. Tiri janǵa azar bermew haqqında ata-babalarımız tárepinen aytılǵan maqallardı esleń.
3. Orta ásirlerde óz janana qast etkenlerge qanday múnásebette bolǵan?
4. Ne dep oylaysız, islam dininde óz janına qast etkenlerge janaza oqılmawınıń sebebi nede?

Barlıq dinlerde ómirdiń insanlarǵa Quday tárepinen berilgeni hám onnan nátiyjeli paydalanıw kerek ekenligi túsindiriledi. Sol sebepten de, hárbir din óz táliymatında zorlıq, reyimsizlik, ózine hám ózgeler janına qast etiwdi, tınısh xalıqqa zulım etiw hám qan tógiwdi qatań qaralaydı.

*Ayırım din aǵzaları kútilmegende tiri janzat kirip ketpewi hám onı óltirmewi ushın hátte awızların baylap aladı, tosattan ayaqları menen qumırısqalardı basıp almaw ushın ayaqları astın sıpırıp júredi.*





*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

## DUNYA DINLERINDE ÓMIRGE QÁWIP TUWDÍRÍWDÍŃ QARALANÍWÍ

Dúnya dinleri ishinde eń keń tarqalǵan xristianlıqta óz janına qast etiwdi qatań qaralaǵan, sebebi, insanǵa dúnyada neshe jıl jasaw Quday tárepinen belgilenip, bul bolsa taǵdirden qashıw dep qaralǵan. Bundaylardıń ruwxın páklew hám mazarǵa kómiwdi qadaǵan etken. Óz janına qast etip, tiri qalǵanlardı bolsa, adam óltiriwshi sıpatında júdá awır islerge súrgin etiletuǵın edi. Orta ásir batıs mámleketlerinde bunıń aldın alıw ushın óz janına qast etiw toparların júdá qattı kemsiter edi. Oraylıq kóshelerge ayaǵınan asıp qoyıladı, yaki júregine aǵash qazıq qaǵıp, kesilispege kómip qoyıladı hám ólgen haywanlardı da janına birge qoyatuǵın edi.

Máselen Franciya patshası Lyudovik XIV dáwirinde óz janına qast etkenniń denesin júzin jerge qaratqan halında kóshelerde zámberde súyrep, asıp, keyin qassapxanaǵa taslaytuǵın edi.

Xristianlıq dininiń Pravoslav jónelisinde óz janına qast etiw eki úlken gúna — adam óltiriwshilik hám úmitsizleniwdi payda etkeni ushın awır gúnalardan esaplanǵan. Bul iske qol urǵan kisiniń jerlew máresiminde marsiya (otpevanie) oqılmaydı. Eger óz janına qast etiwshiniń aqılı zayıl bolsa olar qatarında emes. 1950-jıllarǵa shekem óz janına qast etkenlerdi qábiristannıń tısqarısına kómilgen. Bulardıń hámmesi óz janına qast etiw awır gúna ekenligin bildiriw hám de ózgelerdi eskertiw ushın islengen.

Xristianlıq deninde óz janına qast etiwge qattı itibar qaratqan. Havoriy Pavlustıń sózlerinde de bul óz dálilin tapqan. Mısal ushın: Injildiń «Havoriyler xızmeti» kitabı 16-bap, 28-qatarında óz janına qast etpew haqqında tómendegi sózlerdi kóriw múmkin: «Lekin Pavlus qattı dawısta baqırıp: — Zinhar óz janıńa qast etpe»,— dedi.

*Qáwipke alıp-barıwshı jeti gúnadan saqlanıń:*
*1. Alla Taalaǵa shek keltirmew;*
*2. Sıyqırlılıq isleri menen shuǵıllanıw;*
*3. Birewdi nahaq óltiriw;*
*4. Sútxorlıq;*
*5. Jetimlerdiń dúnya-malın jew;*
*6. Dushpan menen bolıp atırǵan sawashtan qashıw;*
*7. Ómirlik joldası bar, musılman, pák hayallardı buzıq dep kemsitiw.*

***Hádis***



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Buddizmlikte bolsa óz janına qast etiw insannıń ómirge shúkirshilik etpewi sıpatında bahalanǵan.

Áyyemgi slavyan xalıqlarında óz janına qast etiwshilerdi «nápákler» dep ataǵan. Bunday kisilerdiń ruwxı tirilerge azar beredi, bále keltiredi, azapqa saladı dep isengen. Olar insanlarǵa zıyan keltirmewi ushın qábirge taw terek tayaǵın qaǵıp qoyǵan.

Sonday-aq, Qıtayda da óz janına qast etiw qaralanǵan. Qıtaylılar óz janına qast etkenniń ruwxı aspanǵa kóterilmesten janına qast etken úyde qalıwına hám ol ruwx shańaraq aǵzalarına áwmetsizlik, bále, apat keltiriwine isengen.

## ISLAM DININDE ÓMIRDIŃ QÁDIRLENIWI

Islam796 dininde gúnasız insanlardıń qanın nahaqtan tógiw úlken gúna ekenligi eskertilip, bunday jawız isler insaniyatqa islengen jawızlıq bolıp tabıladı.

Quranı Kárimde insan óziniń jasaw huqıqına jawızlıq qılıwı da qadaǵan etilip: «Bir-birińizdi nahaq óltirmeńiz! Álbette, Alla sizlerge miyrim-shápáátlidir», (Niso súresi: 29-ayat) dep eskertilgen.

Muhammed (s.a.v.) hádislerinde ózin-ózi óltiriw haram ekenligi, bunday isti islegen kisige aqırette ómirlik azaplar bar ekenligi haqqında aytıp ótken. Ulıwma, Jundub ibn Abdullahtan ráwiyat etilgen tómendegi hádiste sonday delingen:

«Rasulullah (s.a.v.) sonday dedi: «Sizlerden aldıńǵılar ishinde jaradar bir kisi bar edi. Ashıwlanıp, pıshaqtı alıp qolın kesti. Qan toqtamadı hám sol sebepli nabıt boldı. Alla Taala ayttı: «Bendem nápsisin mennen asıqtırdı. Men oǵan beyishti haram qıldım».

Rasulullah (s.a.v.) óz janına qast etken adamnıń janazasın oqımańlar, bul bolsa usı istiń sol dárejede jaman ekenliginen derek beredi. Sonday-aq, islam dereklerinde ózin óltirgen kisige  meshit imamı janaza oqıwı múmkin emes, delingen.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Abu Hurayra (r.a.)dan ráwiyat etilgen hádiste: «Kimde-kim taw tóbesinen taslap, ózi-ózin óltirse, ólgennen sóń dozaqta da sonday azapqa duwshar boladı. Eger záhár iship ózin ózi óltirse, dozaqta da ómirlik sol azapqa giriptar boladı. Kimde-kim ózin temir bólegi menen óltirse, ol adam temir bólegi qarnına suǵılǵan halatında dozaq otında ómirlik qaladı» dep aytılǵan (Imam Buxariy hám Imam Termiziy ráwiyatı).



Islam táliymatına qaraǵanda ómir insanǵa Alla Taala tárepinen beriledi. Onıń qádirine jetiw, hár saat, hár minutta qayırlı hám sawaplı islerdi islew talap etiledi.



Házirgi waqıtta ayırım topar hám shaxslar «ózin óltiriw» túsinigin shahidlik penen aralastırıp túsindirmekte. «Shahid» Alla Taalanıń sıpatlarınan biri bolıp, «guwalıǵı isenimli, hámme waqıt tayın bolıwshı Zat» degen mánilerdi ańlatadı. «Shahid» sóziniń jáne bir mánisi ózge shaxs tárepinen nahaq óltirilgen musılman.



## DÓRETIWSHILIK JUMÍS

1. Súwretlerge dıqqat penen qarań hám tómendegi sorawlarǵa juwap beriń.
   Súwretlerdegi zatlarǵa ne ushın qadaǵan belgisi qoyılǵan? Olardıń insan salamatlıǵına qanday keri tásiri bar?
2. Siz óz salamatlıǵıńızdı saqlawǵa qanday itibar beresiz?
3. Insan óziniń densawlıǵına itibarsız bolıwı qanday aqıbetlerge alıp keledi?
4. Densawlıqqa zıyan keltiretuǵın islerdi orınlaw, densawlıqqa zárúr bolatuǵın islerdi orınlaw, densawlıqqa itibarsızlıq, medicina mádeniyatına ámel etpew túsinikleri menen óz janına qast etiw túsinigin baylanıstırıp kóriń? Bunday jaǵdaylarǵa dinniń múnásibeti qanday?



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Shaxstıń málim bir maqsetler jolında ózin ózi óltiriwi «shahidlik ámeliyatı» dep bahalanıwı bul adasıw. Jawız niyetli kúshler óz háreketlerin aqlaw maqsetinde keltirip ótken barlıq dálillerdi Islam ulamaları qaralaǵan hám tiykarsız dep tapqan.

Adamnıń ózin ózi óltiriwi, eger niyeti din jolında dep daǵaza qılınsa da, «óz janına qast etiw» dep bahalanadı. Ózin ózi óltiriw — bul óz ómirin bilqastan toqtatıw. Párwardigar bergen ómirge jawızlıq etiw dárejesindegi gúna sıyaqlı esaplanadı.

Alla Taala bul haqqında sonday deydi: «Áne sol (dáslepki adam óltiriwshilik) sebepli Israyıl áwladına sonday húkim shıǵardıq: «Qanday da bir janlı zattı óltirmegen yaki jerde (qoparıwshılıq hám qaraqshılıq sıyaqlı) buzıq islerdi qılmaǵan insandı óltirgen adam tap hámme adamlardı óltirgen adam sıyaqlı. Oǵan ómir bergen (ólimnen qutqarıp qalǵan) adam bolsa barlıq adamlardı tiriltken siyaqlı». Olarǵa payǵambarımız (ilahiy) hújjetlerdi keltirgen. Sońınan olardıń kópshiligi usınnan keyin (hám) jerde ısırap qılıwshılar» (Moida, 32-ayat).

Jáhándegi kórnekli islam shólkemleri hám ulamaları ózin túrli jarılıwshı qural menen partlatıw arqalı gúnasız adamlardıń ólimine sebepshi bolıw haram ámel bolıp, islam dinine baylanısı joq ekenligin atap ótken.

Ózbekistan musılmanları basqarması Ulamalar keńesi de «Ózin-ózi túrli jollar menen qastan óltiriwi awır gúna ekenligi haqqında» pátiya shıǵarıp, bunday jerkenishli háreketti qatań qaralaydı.



## BEKKEMLEW USHÍN SORAW HÁM TAPSÍRMALAR

1. Xristianlıq dininde óz janına qast etiw haqqında ne delingen?
2. Áyyemgi slavyan hám Qitay dinlerinde ózin óltirgen insanǵa qanday múnásibet bildirigen?
3. Quranı Kárimde nahaqtan qan tógiw haqqında ne delingen?
4. «Shahidlik» hám óz janına qast etiw arasındaǵı ayırmashılıqtı túsindirip beriń.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

# 27-§ DÚNYALÍQ — ATEISTLIK EMES

## AKTIVLESTIRIW USHÍN SORAW HÁM TAPSÍRMALAR

1. Dúnyalıq insan degende kimdi túsinesiz? Diniy adam degende she?
2. Dúnyalıq demokratiyalıq mámleket degende neni túsinesiz?
3. Ózbekistanda mámleket hám din múnásibetleriniń tiykarǵı faktorları nelerden ibarat?
4. Sizińshe, zamanagóy turmıs keshiretuǵın insan dindar bolıwı múmkin be?

## DÚNYALÍQTÍŃ MÁNISI

Dúnyalıq degende barlıq dinler hám de túrli kózqaraslardı teń húrmet etiw, puqaralardıń qanday dinde bolıwına qaramastan nızam aldında teń ekenligi názerde tutıladı. Dúnyalıq turmıs tárizine dinniń iykemlesiw procesin dálillew hám din menen siyasattıń óz ara qatnasıǵın klassifikaciyalaw ushın ilimiy ádebiyatlarda «sekulyarizaciya» ataması keń qollanıladı.

Máselen, Ózbekistannıń kópshilik xalqı belgili bir dinge sıyınadı. Mámleket diniy shólkemlerge húrmet penen múnásibette boladı, olardıń nızam tiykarında xızmet kórsetiwine hám dindarlardıń emin-erkin sıyınıwına sharayat jaratıp beredi. Sonıń menen birge, onıń hesh qaysı dinge óz aldına ústemlik hám

*Júrip baratırǵan adamǵa atlı, otırǵan adamǵa júrip baratırǵan, kópshilikke azshılıq sálem bersin!*

***Hádis***

«Sekulyarizaciya» sózi latınsha «saeculum» sózinen alınǵan bolıp, «dúnyalıq» degen mánini ańlatadı. Ol mámleket hám jámiyet basqarıwında diniy dástúrler ornın dúnyalıq nızamshılıq sisteması iyelewine qaray qollanıladı.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

jeńillik bermeytuǵın, óz Kostituciyası, nızamshılıq tiykarları, mámleketlik nıshanları bar.

Din tek ǵana diniy isenim hám ibadatlardı óz ishine alıw menen sheklenbey, jámiyettegi insanlardıń óz ara húrmeti, mehir-miriwbeti, insanıylıq pazıyletlerin belgilep kelgen. Sonıń ushın da, hárqanday dúnyalıq mámlekette jámiyettiń birligi, óz ara tatıwlıǵı, awızbirshiligi, tınıshlıǵı, turaqlılıǵın saqlawda din óziniń áhmiyetli ornına iye.

Kóz aldıńızǵa keltiriń, eki insan kóriskende bir-birewine «Assalawma áleykum», «Wa áleykum assalam» dep, tınıshlıq tileydi. Bir insan «Sálem sózi diniy mánige iye bolǵanı ushın dúnyalıq aǵımdaǵı adamlar onı qollanbaydı», dep sálem bermese yaki sálemińe alik almasa, júdá qolaysız bolǵan bolar edi.

Diniy dereklerde tek ǵana sıyınıw hám ibadat máseleleri jarıtılmaǵan, bálkim, ótken xalıqlar turmısınan ibratlı gúrrińler de orın alǵan. Olarda awır sınawlardı basınan keshirgen payǵambarlarımızdıń ómiri, buzǵınshılıqlarǵa berilgen xalıqlar hám olardıń basına jaza sıpatında túsken qáwipler úlgi etip kórsetiledi. Olardı oqıp, durıs juwmaq shıǵarǵan adam gúnalardan tıyılıwǵa, sawaplı islerdi kóbirek islewge háreket etedi. Bul hárqanday jámiyette salamat sociallıq jaǵdaydıń júzege keliwine járdem beredi.

Dúnyalıq mámlekette xalıqtıń úrp-ádet, dástúr hám ádep-ikramlılıq qádiriyatları nızam dárejesine kóteriliwi múmkin. Diniy qádiriyatlar ulıwma insanıylıq qádiriyatqa, xalıqtıń mánáwiy múlkine, ádep-ikramlıq normalarına aylanǵan jaǵdayda ǵana ol mámleket kóleminde áhmiyetke iye bolıwı múmkin. Elimizde Ramazan hám Qurban hayıtlarınıń mámleket kóleminde dem alıs kúni dep daǵazalanıwı sol sıyaqlı milliy hám diniy qádiriyatlardıń birlesiwine mısal bola aladı.

## DÚNYALÍQ HÁM FANATIK AǴÍMLAR

Barlıq dinlerde bar bolǵan fanatik keypiyatındaǵı ayırım toparlar dúnyalıq aǵımdı «ateistlik», «dinnen shıǵıw» dep talqılawǵa háreket etedi. Olardıń aytıwlarına qaraǵanda, dúnyalıq shaxs Jaratqannıń buyrıqların, muqaddes kitaplardı biykar etedi. Usı sıyaqlı taypalar dúnyalıq ilim-pán, mádeniyat hám kórkem ónerdi ulıwma biykar etiwdi, hátteki din kórsetpesi dárejesine kóteredi. Tiykarında bolsa, taza diniy táliymatqa baylanıslı ilim alıwdıń hárqanday túri sawaplı ámellerden bolıp tabıladı.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Din atınan jawızlıqtı tarqatıwǵa mısal sıpatında Orta ásirlerde Evropadaǵı inkviziciya sudlarında shirkew atınan ilim-pán tarawlarında jańalıqlardı ashqan oylap tabıwshılardıń túrli jazalarǵa tartılıwın, alımlardıń quwdalanıwın keltiriw múmkin. Basqa dinler arasında da bunday jaǵdaylar kórinedi.



*Inkviziciya*

Mámleketimiz xalqınıń derlik 90 payızı sıyınatuǵın islam dininde dúnyalıq hám diniy shegaraları belgilenbegen. Islam táliymatına qaraǵanda, insanlardıń dini, janı, aqılı hám malına payda keltiretuǵın hárqanday ámel diniy tárepten de maqullanǵan, sawaplı is bolıp esaplanadı. Máselen, adamlardıń awırın jeńil etiw maqsetinde texnikalıq qurallardı, medicinalıq yamasa ximiyalıq elementlerdi oylap tabıw, diyqanshılıqta jańa usıllardı qollanıw sıyaqlı isler ushın da adam eki dúnyada húrmet hám sıylıqlar aladı. Sonday-aq insanlardıń zıyanına xızmet etetuǵın, ǵárezli maqsetlerde oylap tabıwlardı ámelge asırıw gúna bolıp tabıladı.

Bul principlerge tiykarlanǵan jaǵdayda orta asirlerde islam áleminen pánlerdiń barlıq tarawları boyınsha jetik, belgili ulamalar jetisip shıqqan. Din alımları da olardı «wáliylik» yaki dinbuzarlıqta ayıplamaǵan.

## ISLAM DINI HÁM DÚNYALÍQ

Islam dininde dúnyalıq aǵımdı dinge jat túsinik sıpatında qaralmaydı. Islam dininiń muqaddes derekleri — Quranı Kárim hám hádislerde de insan bul dúnyası ushın da háreket etiwi kerekligi uqtırıladı.

Quranı Kárimde aytıwınsha insan aqıreti ushın qayırlı islerdi islew menen birge bul dúnyadaǵı nesiybesin de umıtpawı kerek. Sebebi, adamda denesi, shańaraǵı, qońsı-qobası, jámiyet, qol astındaǵilardıń da haqı bar, hárbiriniń haqını orınlawı kerek. Bul dúnya nesiybesi aqıret ámelleri ushın azıq boladı delingen túsiniklerde.

*Islam táliymatına qaraǵanda, sálem beriw hám álik alıw úlken sawaplı ámellerden esaplanadı. Hádiste sonday delingen: «Sálem» Allanıń jerdegi isimlerinen biri. Bir-birewińiz benen sálemlesip júrińler» delingen.*

***Hádis***



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Solar menen birge Quranda kóplep ayatlar dúnyalıq máselelerdi de qamtıp aladı. Mısal ushın Qurandaǵı eń úlken ayat — «Baqara» súresiniń 282 ayatı da tiykarınan dunyalıq másele — qarız alıw, beriw haqqında bolıp, onda máseleniń materiallıq hám mánáwiy táreplerine itibar qaratılǵan.

Islam dininiń payǵambarı Muhammed (s.a.v.) diniy máselelerde hámmege ustaz bolsa da, dúnyalıq islerde qánigelerdiń pikirlerine qulaq salar edi. Bul hádiste sonday delinedi:

«Payǵambar (s.a.v.) qurma shańlandırıp atırǵan bir qáwimniń aldınan ótip atırıp, bunı islemeseńiz de bola beredi, dedi, Sol jılı zúráát jaman boldı. Ol kisi jáne olardıń aldılarınan ótip atırıp, qurmańızǵa ne boldı?- dep soradı. Olar, sonday, sonday, degen edińiz... dep aytıptı. Ol kisi: «Sizler dúnyańız isin biliwshisiz» depti».

Yaǵnıy, Rasulullahtıń ayırım gápleri diniy gápten gore, tájiriybege tiykarlanǵan yaki jeke pikirge súyengen. Sonıń ushın da, sahabalar Rasulullahtıń ayırım buyrıqları tiykarında «jeke pikirińiz be yaki Allanıń ámiri me?», dep soraytuǵın edi. Jeke pikirleri bolsa, onda bazı da basqa abzalıraq usınıs beretuǵın edi. Rasulullah (a.s.) jaqsı usınıstı qabıl etip, óz pikirlerin ózgerter yaǵnıy usı dúnyalıq taraw qánigeleriniń pikirin álbette inabatqa alatuǵın edi.

## DÓRETIWSHILIK JUMÍS

Tekstti oqıń hám «Din hám diniy isenim pútkilley tán alınbasa» jámiyet ushın onıń aqıbeti qanday bolıwı múmkinligi haqqında oylanıp kóriń.

*«Dúnyalıq — bul dahriylik degeni emes. Din hám diniy isenin ulıwma qabıl etilmegen ómir qanday ǵayrıtábiyiy kóriniske iye ekenin biz keshegi tariyxımız mısalında jaqsı bilemiz. Bunday ideologiyanıń qáwipli tárepi sonnan ibarat, ol neshe ásirler dawamında din negizinde qáliplesken, xalıq turmısınıń ajıralmas bólimine aylanıp ketken qádiriyatlar — bul jazba yaki awızeki, materiallıq yaki ruwxıy miyras bola ma, tártip yaki dástúrler me, milliy dúnyaqaras yaki turmıs tárzi boladı ma — bulardıń barlıǵın tán almaydı».*

***Islam Karimov. «Joqarı mánawiyat — jeńilmes kúsh»***



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Rasulullah (s.a) tan keyin basqalar da usı joldı tańladı. Házireti Omar (r.a.) «Sizlerdiń jaqsılarıńız ol dúnya hám bul dúnya ushın háreket etkenlerińiz» dep ayrıqsha atap ótken edi. Ali (r.a.) bolsa «Bul dúnya ushın máńgi jasaytuǵınday, aqıretiń ushın erteń óletuǵınday bolıp háreket qıl» deydi.

Búgingi kúnde ayırım buzǵınshı kúshler tárepinen zamangóy dúnyalıq nızamshılıq tiykarında ómir súriw musılmanlar ushın maqul emesligi haqqında jalǵan pikirler tarqatpaqta. Sonday-aq, dúnyalıq nızamlar haqqında islam ulamalarınıń pikirlerin tómendegishe ulıwmalastırıw múmkin: zamanagóy jámiyet talaplarına muwapıq shıǵarılǵan nızamlar sháriyatqa qarsı bolmasa, onday nızamlar sháriyattan. Eger, hár bir sháriyat insan mápi ushın jiberilgen, jámiyetlerdiń óz máplerin gózlep shıǵarǵan qaǵıydaları sháriyattan alınbaǵan bolsa, biraq sháriyatqa qarsı kelmese olar da shariyatqa muwapıq (sháriy) esaplana beredi.

Joqarıdaǵı mısallardan kórinedi, islam areas dininde dúnyalıqqa dinsizlik sıpatında baha berilmegen. Dúnyalıq isler shaxs hám jámiyet máplerin gózler eken, olar din táliymatlarında bárháma qollap-quwatlaǵan. Din dúnyalıq islerdiń mánáwiy tárepterin tártipke salıp turǵan. Mısalı, bul istiń sawabı yaki sawap emesligi mánáwiy tárepten múmkin yaki múmkin emesligi usaǵan.

Dúnyalıq faktorı ǵárezsiz Ózbekistan Respublikasınıń Konstituciyası hám Hújdan erkinligi hám diniy shólkemler haqqındaǵı nızamı menen huqıqıy kepillengen. Ózbekistan tańlaǵan rawajlanıw jolı — dúnyalıq demokratiyalıq jol. Din ádep-ikramlılıq tárbiya salasında úlken áhmiyetke iye wazıypanı atqaradı. Biraq dindi siyasiy maqsetler ushın nıqap etip alıw, dúnyalıq qádiriyatlarǵa tiykarlanǵan konstituciyamız hám ámeldegi nızamlarımızǵa qarsı bolıp tabıladı. Xalqımız diniy isenimdi qattı húrmet etken halda dúnyalıq rawajlanıw jolınan barmaqta.

*«Tariyx hám ómir tájiriybesi sonnan derek beredi, dúnyalıq hám diniy qádiriyatlar birin-biri tolıqtırmas eken, búgingi kúniń awır hám mashqalalı sorawlarına tolıq juwap tabıw ańsat bolmaydı»*

***Islam Karimov.***



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

1991-jıl 14-iyunda hám 1998-jıl-mayda jańa redakciyada «Hújdan erkinligi hám diniy shólkemler haqqında»ǵı Nızam qabıl etildi.

Ǵárezsizliktiń dáslepki kúnlerinen baslap-aq, elimizde diniy-milliy qádiriyatlardıń tikleniwi, barlıq din wákilleri ushın keń imkaniyatlar jaratılıwı jolında reformalar baslandı. Ózbekistan Respublikasınıń Konstituciyasında barlıq puqaralar ushın hújdan erkinligi kepillendi. Elimizde diniy shólkemler jumıslarınıń huqıqıy tiykarları menen birge, mámleket hám dinniń múnásibetleri de belgilep berildi.

Sonıń menen birge, Ózbekistan tariyxında birinshi márte puqaralardıń dinge óz múnásibetlerin, soǵan muwapıq ráwishte isenimdi erkin belgilew hám dálillew, dinge heshqanday tosqınlıqsız ámel etiw hám diniy máresimlerdi atqarıw huqıqların kepilleytuǵın nızam qabıl etildi. «Musılmanlardıń Saudiya Arabstanına haj etiwi haqqında», «Qurban hayıtın dem alıw kúni, dep daǵazalawı haqqında», «Ramazan hayıtın dem alıw kúni, dep daǵazalaw haqqında», «Tashkent islam universitetin shólkemlestiriw haqqında» hám basqa bir qatar prezident Pármanları bul tarawǵa úlken itibar berilip atırǵanın kórsetip tur.

## BEKKEMLEW USHÍN SORAW HÁM TAPSÍRMALAR

1. Dúnyalıq sóziniń mazmunın túsindirip beriń.
2. «Sekulyarizaciya» túsinigi qanday mánisti ańlatadı.
3. Fanatik aǵımlar tárepinen dúnyalıq (házirgi jasap turǵan turmısımız) aǵımdı tán almawdıń sebebi nede dep oylaysız?
4. Islam dini dereklerinde dúnyalıqqa qanday múnásibet bildirilgen?
5. Ózbekistan Respublikası birinshi Prezidenti Islam Karimovtıń búgingi kúnde diniy qádiriyatlardı itibarǵa almay is tutıw múmkin emesligi haqqındaǵı pikirlerine sholıw jasań.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

# DINIY ATAMALARDÍŃ TÚSINDIRME SÓZLIGI

***ALLAH*** (arab. «al-ilah» — iláhiy kúsh, túrkiy xalıqlarda, tiykarınan, ózbeklerde — Táńri, parsı-taj. Quday, Yazid), Allah — islam dininde pútkil janzattı jaratqan joqarı iláhiy kúsh; qudaydıń atı. Ádette Allahqa Taala (ullı, joqarı), Tabaraka wa tala, Jalla jalalahu, kárim, buzurg, Párwardigari álem usaǵan sıpatlar qosıp aytıladı.

***ANAFEMA*** — shirkew aǵzalıǵınan quwılıw, shirkewdegi eń joqarı jaza.

***AQIDA*** — arab tilinde qanday da bir nárseni bir-birine baylanıstırıwshı mánisin ańlatadı. Istiloh (termin) ta bolsa qaǵıydalar iliminiń belgili atlarınan biri.

***ARON-KADESH*** — (ibr. «Muqáddes sandıq») — sinagoga yaki ibadat úyinde bolıp, onda «Tawrat» tumarları saqlanadı. Ol meshittegi «mehrab» qa uqsas wazıypanı atqaradı hám kiriw esiginiń tuwrısında boladı.

***ARVOH*** — (arab.) — ruwxtıń kóplik kórinisi.

***ASHARIYLIK*** — islam dini sunniylik baǵdarındaǵı eki dogmatizmlik mekteptiń biri.

***ATEIZM*** — (grekshe atheos — qudaysız) — sózlik mánisi qudaydan júz burıw, qudaydı inkar etken halda insan Aqıl-sana kúshin ıqırar etiw degeni.

***BANU IZRAIL*** («Izrail ulları») — yahudiy xalqınıń atlarınan biri. «Ibtido» kitabında keltiriliwinshe, búgingi kúnde barlıq yahudiylar ushın qollanılatuǵın «Izrail ulları» atı Yaqub payǵambarǵa Quday tárepinen berilgen.

***BIBLIYA*** (grekshe — «kitaplar») — yahudiylik hám xristianlıq dinleriniń tiykarǵı muqáddes deregi. Yahudiyler «Bibliya»sı «Kitve kadesh» hám «Tanax» dep te ataladı. Xristianlar tárepinen tán alınǵan Bibliya «Áyyemgi Ahd» hám «Jańa Ahd» tan ibarat bolıp, ulıwma esapta 66 kitaptan ibarat.

***BUXARA YAHUDIYLERI*** — yahudiyliktegi etnokonfessional hám etnolingvistikalıq jámáát.

***DINIY KEŃPEYILLIK*** — Diniy keńpeyillik ideyası hár túrli diniy isenimge iye bolǵan adamlardıń bir jer, bir Watanda ullı ideya hám niyetler jolında birge, jámlesip jasawın, iskerligin ańlatadı.

***DINIY SEKTA*** — belgili bir dindegi rásmiy dogmatizmlikke qarsı túrde ajıralıp shıqqan yaki bar bolǵan dinler hám konfessiyalarǵa ulıwma qatnası bolmaǵan halda din bayraǵı astında jumıs alıp baratuǵın toparlar.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

***DINIY SHÓLKEM*** — puqaralardıń dinge iseniw, ibadat, salt-dástúrler hám máresimlerdiń birgelikte atqarılıw maqsetinde dúzilgen kewilli birlespeleri (diniy jámiyetler, diniy oqıw orınları, meshitler, shirkewler, sinagogalar, monastrlar hám basqalar) diniy shólkemler dep ataladı.

***DINLERDI KLASSIFIKACIYALAW*** — dinlerdi úyreniwde olardıń tariyxı, isenim tiykarları, dogmaları, sonday-aq, bir-birine tásiri usaǵan tárep-lerin itibarǵa alıw.

***ESXATOLOGIYA*** — dúnyanıń aqırı, ol dúnya, jánnet, dozaq haqqındaǵı túsinikler jıyındısı.

***FAQIH*** — fiqh (din haqqındaǵı ilim) iliminiń bilimdanı.

***GÚNÁH*** (parsı. — jınayat, ayıp; mánistegi arab. «junoh» sózinen alınǵan) — shariyat nızamlarına hám diniy isenimlerge qarsı is yaki is-háreket.

***IBRONIY*** (ibr. «evrey», «avar» — arǵı táreptiń adamı, keship ótiw») — yahu-diylerdiń dereklerdegi atlarınan biri. «Ibroniy» ataması Ibrahim (s.a.) nıń Mesopotamiyadan Kanonǵa kóship ótiw waqtında júzege kelgen. Izertlewshilerdiń pikirinshe, olardıń bunday atalıwına, bálkim, dáryanı keship ótip kelgeni sebep bolǵan shıǵar.

***INJILLESTIRIW*** — missionerlik shólkemleri tárepinen Injildi keń tarqatıw mánisinde qollanılatuǵın atama. Bazıda bul sóz missionerliktiń sinoni-mii sıpatında da qabıl etiledi.

***ISLAMOFOBIYA*** (arab. — islam, grek. phobiya — qorqıw) — islam dinin qorqınıshlı kóriniste kórsetiw, barlıq jamanlıq hám jınayatlardı onıń atı menen baylanıstırıp, xalıq qatlamın islamnan qorqıtıwǵa qaratılǵan háreket.

***JABIRAYIL*** — Alla menen payǵambarlar ortasında elshi wazıypasın orın-lawshı perishte.

***KALAM*** — sóz, bayanat máńisin bildiredi. Mutaziliyler payda bolǵannan keyin aqida iliminiń atı «kalam» dep atala baslanǵan.

***KÁRAMAT*** — (arab. «karam» ikram etiw feyldiń forması bolıp, ózbek ti-line jaqsılıqlar dep awdarıladı) tiykarınan sufizmlik termini sıpatında kóp qollanıladı. Olardıń kórinisi hám juwmaǵına názer salsaq, olardıń tiykarǵı maqseti adamlardı jaqsılıqqa shaqırıw, gúnálı islerden tıyıw, táwbe etiwge shaqırıw ekenligi málim boladı.

***LAMA*** (Tibet, ásirese — eń ullı) — Tibet, Mongoliya, Rossiya lamaistle-rinde Budda monaxı. Qalmaqlarda bul dáreje tek ǵana ruwxanıylar baslıǵına beriledi. Dindarlar onı ǵayrıtábiyiy pazıyletlerge iye hám



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

iláhiy álem menen sóylese alatuǵın shaxs dep biledi. Orta ásir dáwirinde joqarı lamalı bay feodallardıń bir bólimin, «shirkew knyazları»n quraǵan. Házir Rossiya buddistleri Oraylıq diniy basqarması baslıǵı lama dárejesine iye.

***MURID*** — (arab. «qálewshi») sufizm jolına kirip, murshid (diniy baslıq) ke qol bergen shákirt.

***MURSHID*** — (arab. — jol kórsetiwshi) sufizmlikte tariqat ádeplerinen sabaq beriwshi pir, shayx hám ustaz. Sufizm jónelisiniń joqarı jol basshısı.

***MUTAKALLIM*** — kalam ilimi menen shuǵıllanǵan alımlar «mutakallim» dep atalǵan.

***AQIRET*** — (arab. «basqa, aqırǵı, ekinshi») bul dúnya aqırına jetkeninen keyin bárshe qayta tirilip, islegen ámellerine jarasa sıyılq yaki jaza alatuǵın ekinshi ómir.

***SHABBAT*** — yahudiylerde shembi kúniniń atalıwı.

***SUFIY*** — sufiylik dinine tiyisli shaxs, murid.

***SÚRE*** — (arab tilinde joqarılıq, bálentlik). Bazı alımlar onıń ivrit tilindegi «shurax» (qatar) sózinen, basqaları siriya tilindegi «shurta» «surta» (jazıw) sózinen kelip shıqqan, degen pikirdi beredi. Súre sózi «baslanıw, tamamlanıw hám atlarǵa iye keminde úsh ayattan ibarat Quran bólimleri» ne baylanıslı qollanıladı.

***VATIKAN*** — Rim katolik shirkewiniń diniy-arxitekturalıq orayı. Házirgi waqıtta, papanıń rásmiy basqarması sanaladı. Sonday-aq, ol Italiya paytaxtı Rim qalasında jaylasqan teokratik qala-mámleket bolıp esaplanadı.

***HÚJDAN ERKINLIGI*** — diniy isenim erkinligi, elimiz puqaralarınıń belgili bir dinge iseniw yaki heshqanday dinge isenbew erkinligin ańlatadı. Bulardıń barlıǵı demokratiyalıq mámleketlerdiń Konstituciyalarında insan huqıqları haqqında Birlesken Milletler Shólkemi qabıl etken Ulıwma jáhán deklaraciyası tiykarında óz sáwleleniwin tapqan.

***EPARXIYA*** (grek. Eparxiya — «wálayat») — xristian shirkewinde episkop (arxierey) basshılıǵındaǵı hákimshilik-aymaqlıq bólim.

***JILAW DIYWALI*** — Quddus qalasında jaylasqan, 70 jılda rimliler tárepinen Ekinshi ibadatxananıń 485 metr uzınlıqtaǵı saqlanıp qalǵan bir bólimi. Yahudiylerdiń muqáddes ziyaratlaytuǵın ornı.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

# Mazmunı

Sóz bası....3
1-§. Dinniń jámiyettegi ornı
hám wazıyaları ....5
2-§. Pán hám din....9
3—4-§. Dinniń payda bolıwı hám qáliplesiwi....13
5-§. Yahudiylik ....20
6—7-§. Yahudiylik táliymatı ....26
8-§. Buddizmlik....37
9-§. Buddizmlik táliymatı ....42
10-§. Xristianlıq....48
11—12-§. Xristianlıq táliymatı....55
13-§. Oraylıq Aziyada Islam ....62
14-§. Islamdaǵı mazhablar hám dogmatizmlik táliymatlar....66
15-§. Sufizm hám tariqatlar....72
16-§. Ózbekistanda diniy keńpeyillik hám jámiyetlik turaqlılıq ....77
17—18-§. Elimiz oyshıllarınıń jáhán ilim-pán rawajlanıwına qosqan úlesi ....82
19-§. Din hám «Ǵalabalıq mádeniyat»....91
20-§. Ksenofobiya hám din....96
21-§. Dúnya dinlerindegi tınıshlıq ideyası ....100
22-§. Missionerliktiń jaslar keleshegine qáwip salıwı .... 105
23-§. «Hújdan erkinligi hám diniy shólkemler haqqında»ǵı nızamnıń
mánis-mazmunı.... 111
24-§. Ózbekistannıń din nıqabındaǵı ekstremizm hám terrorizmge qarsı
gúrestegi ornı.... 116
25-§. Kibermákanda din hám informaciyadan paydalanıw mádeniyatı.... 123
26-§. Dinlerde ómir qádiri .... 128
27-§. Dúnyalıq — ateistlik emes .... 133
Diniy atamalardıń túsindirme sózligi .... 139



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Z. ISLOMOV,
D. RAHIMJONOV,
J. NAJMIDDINOV

O‘quv nashri

# «Dunyo dinlari tarixı»

O‘rta umumta’lim maktablarining 10-sinflari va o‘rta maxsus, kasb-hunar ta’limi muassasalari uchun darslik

(Qaraqalpaq tilinde)

Birinshi basılım

Tashkent — «Yangiyo‘l poligraf servis» — 2017

Baspa licenziyası AI №185, 10.05.2011 y.

Awdarmashılar *I. Allanov, U.Yusupova*
Redaktor *U. Yusupova*
Tex. redaktor *B. Turımbetov*
Xudojnik *M. Riksiyev*
Operator *G. Serimbetova*

Original-maketten basıwǵa ruqsat etilgen waqtı 25.10.2017.
Formatı 70x90 1/16. «Times KRKP» garniturası. Ofset qaǵazı.
Ofset baspa usılında basıldı. Baspa tabaǵı 9,0. 10,52 shártli b. t.
Nusqası 10444. Buyurtma № 281-17.

«O‘qituvchi» NMAK baspaxanasında basıp shıǵarıldı.
100206, Tashkent sh., Yangishahar kóshesi, 1.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

**Ijaraǵa berilgen sabaqlıqtıń jaǵdayın kórsetiwshi keste**

| T/s | Oqıwshınıń atı hám familiyası | Oqıw jılı | Sabaqlıqtıń alinǵandaǵı jaǵdayı | Klass basshı-sınıń qolı | Sabaqlıqtıń tapsırıl-ǵandaǵı jaǵdayı | Klass basshı-sınıń qolı |
|---|---|---|---|---|---|---|
| 1 | | | | | | |
| 2 | | | | | | |
| 3 | | | | | | |
| 4 | | | | | | |
| 5 | | | | | | |
| 6 | | | | | | |

**Sabaqlıq ijaraǵa berilip, oqıw jılı juwmaǵında qaytarıp alınǵanda joqarıdaǵı keste klass basshısı tárepinen tómendegi bahalaw normalarına tiykarlanıp toltırıladı:**

| | |
|---|---|
| Taza | Sabaqlıqtıń birinshi ret paydalanıwǵa berilgendegi jaǵdayı. |
| Jaqsı | Muqabası pútin, sabaqlıqtıń tiykarǵı bóleginen ajıralmaǵan. Barlıq betleri bar, jırtılmaǵan, kóshpegen, betlerinde jazıw hám sızıqlar joq. |
| Qanaatlandırarlı | Muqabası ezilgen, biraz sızılıp, shetleri jemirilgen, sabaqlıqtıń tiykarǵı bóleginen ajıralıw jaǵdayı bar, paydalanıwshı tárepinen qanaatlandırarlı islengen. Kóshken betleri qayta islengen, ayırım betlerine sızılǵan. |
| Qanaatlandırarsız | Muqabası sızılǵan, jırtılǵan, tiykarǵı bóleginen ajıralǵan yamasa birotala joq, qanaatlandırarsız islengen. Betleri jırtılǵan, betleri jetispeydi, sızıp, boyap taslanǵan. Sabaqlıqtı tiklep bolmaydı. |

*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE